

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Зара АЙЛАРОВА

**Редакционный совет**
Камал ХОДОВ, Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Зелим ВАТАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА, Клавдия ДЖУСОЕВА

Владикавказ, 2019

# МАХ ДУГ

6
2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – АЙЛАРТЫ Зарæ

**Редакцион совет**
ХОДЫ Камал, АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, УАТАТЫ Зелим,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ДЖУСОЙТЫ Клавæ

Дзæуджыхъæу, 2019

# НОМЫРЫ ИС:

**РЕДАКТОРЫ НЫХАС** ........................................................................ 5
Александр ПУШКИН: 220 азы ........................................................................ 7
ХЪАМБЕРДИАТЫ Мысост: 110 азы ................................................ 17
ТЕДЕТЫ Ефим: 90 азы ........................................................................ 27
БЕДЖЫЗАТЫ Чермен. «Ӕртӕ фӕкасты». Радзырд ........................ 35
КЪИБИРТИ Амурхан: 75 азы ........................................................ 48

**АИВАД**
ТАУТИАТЫ Солӕман: 110 азы ........................................................ 57
ХУЫГАТЫ Геор. Ӕцӕг адӕмон артист. Уац .................................... 58

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ............................................................ 65

**ПУБЛИЦИСТИКӔ**
ГАСАНТЫ Валери. Ныфс ӕмӕ ӕууӕнчы уацмыстӕ ........................ 86

**ӔРГОМ НЫХАС**
МЗОКТЫ Аслӕнбег. Ӕз рахастон мӕ зӕрдӕйы цӕхӕртӕ
ӕмӕ сӕ арвыл байтыдтон ӕрмӕй ................................................ 89

**РӔСТВӔНДАГ**
БОРӔТЫ Алан-Сӕрмӕт. Хӕрхӕмбӕлд. Фантази ............................ 98

**ДРАМАТУРГИ**
ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Санаты Сем. Комеди ................................ 104

**АХУЫРГӔНӔГӔН ӔХХУЫСӔН**
АЙЛАРТЫ Зарӕ. Ӕдзард зынгхуыст... ............................................ 133

**ТӔФӔРФӔС** ........................................................................................ 143

# РЕДАКТОРЫ НЫХАС

Поэт... Цы стыр хæс æвæрд ис, ацы цыппар дамгъæйæ арæзт цыбыр дзырдæн чи лæггад кæны, уыдоныл! Хъуамæ феста, цы дуджы цæры, уый айдæн, æмæ рæстæджы дадзинты цавдимæ баиу уа йæхи дадзинты цавд. Уа дзырдтæй нывгæнæг, царды æцæгдзинад æвдисæг. Йæ уд æнæхъæнæй дæр феста Рæстдзинад!

Цавæр хъуамæ уа поэт? Ацы фарстæн Нигер йæ рæстæджы радта ахæм дзуапп: «Поэт, æппæты фыццагдæр, хъуамæ уа къæрцхъус. Канд хъустæ æмæ цæстытæй нæ, фæлæ ма хъуамæ зæрдæйы тугдадзинтæй дæр хъуса æмæ уына поэт. Адæмыл кæд дыгай цæстытæ æмæ дыгай хъустæ ис, уæд поэт хъуамæ æгасæй дæр уа цæстытæ æмæ хъустæ. Поэт хъуамæ хъуса, уына æмæ æмбара адæмы цин, сæ сусæг улæфт, дымгæйы хъазт, йæ тындзын, сыфтæры сыф-сыф, суадоны сыр-сыр, дидинджыты базмæлд, æртæхты ферттывд, хуры цин, мæйы мидбылты худт, фароны низтæ, абоны домæн, райсомы нывæст».

Поэт хъуамæ бындуронæй зона йæ мадалон æвзаг æмæ йе 'мдзæвгæтæй арæхса адæймаджы æнкъарæнтæ агайын. Хъуамæ йæм уа стыр поэтикон культурæ.

Кæм стут, нæ аивдзырды æрыгон зиууæттæ, поэттæ æмæ прозаиктæ? Сымахмæ æнхъæлмæ кæсынц, нæ фысджытæй ма зæрæстонæй цы зæгъинæгтæ аззад, уыдон! Сымахæй ис ныфс нæ хуызлæрты! Æрæмбырд кæнут уæ хъарутæ. Райсут уæ фыссæн систæ æмæ сæ уæ хорз зæрдæйы бар бакæнут, уый сын бацамондзæн раст фæндаг. Сымахмæ сидынц Къоста, Нигер, Алыксандр, Мысост, Мухарбег, Хазби, Грис, Нафи, Шамил... Мады лæгъстæ уын кæны Зинæ. Райгуыр, ног дуджы поэт, рæстдзинадмæ хонæг, уарзондзинад æмæ аивтыл зарæггæнæг! Акæн уæндон къахдзæфтæ! Уымæй нæ поэзийы пехуымпартæ сыгъзæрин талатæ суадздзысты, хæрзаудæн уыл кæндзысты.

Аив дзырды дæснытæй æгас чи у, уыдонæн сæ циныл æфтдзæн дывæр цин, уæ хъаруйæ кæндзысты хъомысджындæр æмæ уæм сæ къухтæ ныфсы хосæн иваздзысты, раст, сывæллоны фыццаг къахдзæфтæ кæнгæйæ, йæ къах мацæуыл скъуыра, зæгъгæ, куыд фæхъахъхъæнынц, афтæ.

Куыд диссаг дæ, цард! Хъуамæ иу фæлтæр ива иннæйы, хъуамæ иу цæг цæуа фидаргонд иннæуыл. Уыцы цардæгъдау куы фехæла, уæд адæм иппæрдгонд цæуынц бæсты фарнæй.

Ирон литературæйы сомбоныл хъуыды кæнгæйæ, сфæлдыстадон зындгонд кусæджы размæ тала куы фæуа, уæд æй хъуамæ йæ армы хæссæгау бахиза царды хæраймаг хъуыддæгтæй, араза йын уавæртæ æмæ гæнæнтæ йæ къæхтыл фидар слæууынæн, йæ курдиат парахатæй равдисынæн.

«Мах дуг»-ы кусджытæ цæттæ сты уыцы фæрныг хъуыддагмæ. Æнхъæлмæ кæсæм, дзырдаивадæй Хуыцау цæстуарзонæй кæй фæхайджын кодта, уыцы фæсивæдмæ.

# АЛЕКСАНДР ПУШКИН: 220 АЗЫ



**(1799 – 1837)**

# ЗЫМÆГОН ИЗÆР

Тымыгъ тарæй арв æхгæны,
Миттæ здухгæйæ цæуы:
Куы сырдау фыдниуд ныккæны,
Куы сывæллонау кæуы.
Куы нæ зæронд цары сонтау
Хъæмпæй райхъуысы йæ уаст,
Куы æнафоны бæлццонау
Рудзынг бахойы æваст.

Мах фæлахс хæдзармæ акæс:
Талынг у, æнкъард, мæгуыр,
О, зæронд нана, фыдсагъæс
Дæу цæй фæдыл домы ныр?
Æви тымыгъы дзынæзтмæ
Бадæ ды, мæ хур, фæлмæст?
Æви де 'лхуыйы нывæстмæ
Хуыссæг цæстытыл фæхæст?

Баназæм-ма, ме 'взонг азты
Адджындæр мæгуыр лымæн,
Рахæсс къоппа, нуазæм мастæй,
Зæрдæ хъæлдзæгдæр уыдзæн.
Зар мын, денджызæн йæ фæстæ
Дзывылдар куыд цард æнцад,
Азар мын, æхсæвы цæстæй
Донмæ саурæсугъд куыд уад.

Тымыгъ тарæй арв æхгæны,
Миттæ здухгæйæ цæуы,
Куы сырдау фыдниуд ныккæны,
Куы сывæллонау кæуы.
Баназæм-ма, ме 'взонг азты
Адджындæр мæгуыр лымæн,
Рахæсс къоппа, нуазæм мастæй,
Зæрдæ хъæлдзæгдæр уыдзæн.

# КАВКАЗ

Кавказ ис мæ быны. Бæрзонд хохæн æз
Фæлгæсын фæйнæрдæм йæ митæмбæрзт тигътæй,
Мæ бæрзæндæн сабыр йæ базыртæ уигъы
Æддагон бæрзондæй ыстæхæг цæргæс.
Æвзарын мæ дæле тæлтæг дæтты гуырæн,
Тæссаг зæйтæн рæгътæй сæ фыццаг лæбырæн.

Ам мигътæ мæ быны кæнынц ныр хæлбурцъ,
Æхсæрдзæнтæ се 'хсæн хæл-хæл кæнынц рæгътæй,
Уынын æз сæ быны хæрз бæгънæг къæдзæхтæ,
Хъуынахæст къуылдымтæ, уым къутæр фæбур,
Дæлдæр та – хъæдыкъох, кæрдæгхæст цъæх тагтæ,
Уым зарынц ныр мæргътæ, уым дугъ кæнынц сагтæ.

Бындæр кæнынц адæм хæххон мæгуыр цард,
Уым фыстæ фæбырынц цъæх-цъæхид сæрвæттæм,
Æрхизы сæ фыййау йæ хъæлдзæг бынæттæм,
Кæм тындзы Арагуи йæ ададжы тагъд.
Уым комы æмбæхсы мæгуыр хæххон барæг,
Уым азæлы Теркæн йæ мæстæлгъæд зарæг.

Терк хъазы 'мæ ниуы, раст афтæ ма сырд
Чыргъæдæй йæ холы куы суыны, уæд ниуы,
Æнахъаз хæрамæй, йæ пырх калгæ схъиуы,
Зыд уылæнтæй стæры егъау дурты 'мбырд...
Дзæгъæлы! Нæй! Нæй, нæй йын зæрдырай,
Сæрибар:
Æгомыг къæдзæхтæ йæ балвæстой фидар.

*ПЛИТЫ Грисы тæлмацтæ*

# РОМАН «ЕВГЕНИЙ ОНЕГИН»-ÆЙ

...VIII

Онегин ноджыдæр цы зыдта,
Нæ дзурын уыдон, – фод мын барст,
Фæлæ иттæг бæлвырд цы хъуыддаг,
Цы ми зыдта, уыдис уый уарзт, –
Йæ уды мæт, йæ бонгуыст æмæ
Йæ рухс цин сабийæ фæстæмæ.
Уыдис йæ зивæджы йæ маст,
Æмæ йын уый дæр сæфта уарзт.
Гъе, ахæм уарзтыл та Овидий
Ыскодта хорз зарæг кæддæр
Æмæ æрбайсæфта йæ сæр, –
Йæ цард æй бахъуыди æрвитын
Молдавмæ хаст лæгæй, ыстæй,
Итали мысгæйæ, тыхстæй.

IX

******************

X

Уый сонтæй сахуыр уарзтæй тайын,
Кæнын цæстмæ митæ, фыд хин,
Ныфсытæ бавæрын, фæсайын,
Æвдисын тар æрфыгæй хи,
Вæййы куы коммæгæс, куы хивæнд,
Куы уарзæгой, куы та зæрдивад.
Куы фыста уарзонмæ фыстæг,
Уæд-иу йæ дзырдарæхстыл лæг,
Йæ сайæн митыл бахауд дисы.
Цыма фыр уарзонæй ыссонт,
Цыма хæссы йæ уд нывонд.
Зыдта къæйных æнгас æвдисын

Кæнæ æфсæрмдзæстыг, куы та
Йæ цæсты коммæгæс сыг тагъд.

XI

Йæхи дзыхъхъынногау æппæтæй
Æвдыста сонт чызджыты раз;
Рæвдыдта сæ æхцон æппæлдæй,
Йæ мæнг мæтæй сæ уагъта тас.
Ыстæй-иу сонт зæрдæ куы ’рсæлæф,
Уæд-иу йæ сæттынмæ фæхæлæф:
Кæны йæ зонд, йæ монцтæй хин,
Кæны тæригъæддаг йæхи,
Рæвдыдæнхъæл лæгъстиаг уымæн;
Æдзух ын агуры йæ фæд,
Мæлы фыруарзонæй – йæ фæнд
Æваст æрцыд, чызгай – йæ лымæн,
Æмæ йын хибар ран æцæг
Зæндтæ фæцамоны нымд лæг!

XII

Сылгоймæгтæй нæлæмхиц чи уыд,
Куыд ласта уыдонæн сæ уд!
Ыстæй ма йæ ’мхуызæттæн иууыл
Куыд кодта арæхстгай фыдуд!
Цы нæ сыл мысыди æвзæрæй,
Æмæ-иу нал кодтой сæ сæрæн.
Уæддæр æм ничи уыд хæрам,
Æвæрдтой йыл уæддæр сæ арм:
Хæтынмæ рагæй дæр æмхиц лæг,
Йæхи сабыр чи дардта ныр,
Æмæ зæронд æмкъай, гæлхуыр,
Йæ усæй сайд, фæлæ йæхицæй
Æмæ йæ сихорæй та – хъал,
Цыты лæг, саг лæгты æмбал!

## ЦИГАНТÆ

Донбыл, тархъæд сау кæм дары,
Уым изæр æхсиды цард:
Цатыртæй фæхъуысы зарын,
Цатырты раз судзы арт.

Адæм, амондылхæст, байрйат!
У мæнæн æхцон уæ цин:
Æтт, бæргæ куы уаид фадат,
Уемæ уæд æз дæр цæуин!

Райсом бонцъæхты уæ ацыд
Рог, сæрибарæй уыдзæн,
Фæлæ нæй уæ фæдыл балцы
Ныр уæ поэтæн цæуæн.

Уемæ дардвæндагыл дауæн
Нал и, – аивта йæ зонд:
Уый хъæууон царды æгъдауæн
Ныр хæссы йæ сæр нывонд.

## ЦЪИУ

Фæнды кæйдæр зæххыл цæрæг уон,
Уæддæр, зæронд æгъдауыл хæст,
Мæнæн у – уалдзæджы бæрæгбон
Цъиу ахстæй ауадзын – мæ хæс.

Вæййы мæ зæрдæ уымæй фидар,
Хуыцауы ц' азимаг кæнон,
Кæд иу цæргæ удæн сæрибар
Мæнæн дæр раттын у мæ бон!

*Нафийы тæлмацтæ*

# ХЪАЗАХЪХЪАГ

Иу ӕнафоны йӕ балцӕй,
Тар мигъы фӕлмы,
Цыд хъазахъхъаг барӕг дардӕй
Иу доны сӕрты.

Худ йӕ сӕрыфахсыл къулӕй,
Дзаума рыджы ‘мбӕрзт,
Хъримаг зынд уӕраджы цурӕй,
Зӕхмӕ кард ӕххӕст.

Бӕх уӕгъдидонӕй тырныдта
Размӕ, цыд дзӕбӕх.
Дымгӕ йын йӕ барц фӕйлыдта,
Зад йӕ фӕстӕ зӕхх.

Уалынмӕ хӕдзӕрттӕ мӕнӕ,
Зӕронд быру – калд.
Фӕндаг ам фӕхицӕн хъӕумӕ,
Уым та хъӕумӕ дард.

«Нӕй чызджытӕ уым ныртӕккӕ, –
Хъал Денис дзырдта, –
Уыдон ныр сӕ хъарм хӕдзӕрттӕм
Аивгъуыйынц, а!..»

Раздӕхт хъӕумӕ, бӕхыл уайтагъд
Ехсӕй тынг ӕрцыд!
Ӕмӕ фатау размӕ атахт,
Хӕдзӕрттӕм фӕзылд.

Хъазгӕ мӕй ӕрттивы арвӕй,
– Уай, мӕ саулох, уай, –
Рудзынджы раз бады ‘нкъардӕй
Сау рӕсугъд чызгай.

Хъал лæппуйы ма цы хъуыди,
Федта йæ, куыннæ!
Æмæ тагъдгомау фæзылди
Рудзынджы бынмæ.

Æхсæв ноджы кодта тардæр,
Бамбæхст мæй бынтон.
«Рауай-ма, мæ зæрдæ, тагъддæр,
Ратт мæ бæхæн дон».

«Уæ, мæ хур, æвзонг лæппуйыл
Нæй æуууæнк æппын.
У тæссаг цæуын дæ цурмæ, –
Бæхæн дон дæттын».

«Ма тæрс, о рæсугъд, дæ удæн,
Ратт мын, ратт дæ уарзт.
Æхсæв тасдæр у рæсугъдæн –
Ферох кæн дæ тарст.

Баууæнд мыл, чызгай, зæрдæйæ,
Рацу-ма хæстæг,
Сафыс дзæгъæлы тæрсгæйæ
Диссаджы рæстæг.

Сбад-ма саулохыл, дæуимæ
Дард бæстæм цæуын,
Амондджын уыдзыстæм иумæ,
Иу уыдзæн нæ зын».

Нæй гæнæн, – ысразы чызг дæр,
Тасдзинад фæлыгъд.
Рог æй бафæндыд цæуын дæр, –
Лæгæн ма цы уыд?

Фенкъуыст бæх, æд къай кæдæмдæр
Хъазахъхъаг фæтар.
Уарзта йæ къуыри, дыууæ дæр,
Æртыккаджы – нал.

*ХОЗИТЫ Яковы тæлмац*

## МÆ СЫГЪДÆГ ЗÆД

*Сонет*

Фыццагон уаз нывтæй – зæронд дæсныты конд –
Мæ къуым куы сфæлындын, уый никуы уыд мæ
зæрды,
Цæмæй мæм чи ’рбафта йæ рæу кувæн изæрты, –
Сæ разы джихæй баззайа ’мæ базмæла йæ зонд.

Бæллыдтæн иу нывмæ – мæ бæллиц уыд
бæрзонд, –
Цыдæр æвидийгæ мæ зæрдæйы æвзæрди:
Сыгъдæгуд мад æмæ нæ сæрылхаст нывгонд
Кæттаг цъарыл – хуымæтæг фæлгæты æвæрдæй.

Мад – зæдæнгæс рæсугъдмæ бакæсæнтæ нæй,
Фырт – абузы йæ зонд йæ фæрныг цæстытæй,
Дыууæйæ дæр Сионы пальмæйы дæлбазыр.

Цæмæ бæллыдтæн, уый æрцыди ныр. Дæу мын
Уæларвæй ’руагъта сфæлдисæг. Дæ разы
Мæ сыгъдæг зæд – табу! – мæ зонгуытыл
лæууын.

*ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац*

***

Цъæх тулдз æз фурды былыл федтон;
Зæрин рæхыс – йæ зæнгыл конд:
Æхсæв уа, бон, кæны йыл тезгъо
Нæл гæды – ахуыргонд, хæд-зонд.
Фæцæуы рахизмæ – ныззары,
Фæстæмæ – аргъæуттæ мысы.
Кæс-ма, хъæдох хетты æндары,
Уым цъонгæй донычызг кæсы.
Æмбисонды сырдтæн сæ фæдтæ
Æбæрæг лæзгъæртыл зынынц;
Æнæ рудзынг, æнæ дуæрттæ
Уым карчы къæхтæ къæс хæссынц;
Æхсæвидартæ 'мæ æндæргтæ
Кæнынц уым тархъæдты гуылвæндтæ;
Уылæнтæ донбылмæ бырсынц,
Æртын гуыппырсары – нæртонтæ –
Фæд-фæдыл рацæйхизынц донæй,
Сæ балхоны фæдыл цæуынц,
Æвæры уым къаролы сахъ фырт
Ныр залым-паддзахыл йæ бар;
Фæхæссы уым, æврæгъты арфы,
Цъæх фурдтæ, хъæдты сæрты дард
Куырысдзау саг лæджы – толпар;
Уым паддзахы чызг хиты тары,
Цъæх бирæгътыл йæ зæрдæ дары;
Йæ фæхты хинты ус лæууы,
Кæдæмдæр дзойгæнгæ цæуы.
Кащей йæ мулчы мæтæй тайы,
Уырыссаг тæф йæ фындзыл уайы!
Æз уым мыды хъæстæ фæдæн;
Тулдз федтон денджызгæрон хæрды;
Йæ быны ахуыргонд нæл гæды
Дзырдта йæ аргъæуттæ мæнæн.

*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы тæлмац*

# ХЪАМБЕРДИАТЫ МЫСОСТ: 110 АЗЫ



**(1909 – 1931)**

# ÆНУСТÆМ ÆРЫГОН

*Нæ фысджытæй бирæтæ нæ бацыдысты сæ кары. Цард сæ йæ уылæнты бын ассæста, аныхъуырдта сæ, сæ фæндтæ сын сæ хъуыры фæбадын кодта. Уыдонæй иу уыд Ирæн йæ цин æмæ йæ уалдзæджы “зарæггæнæг” Хъамбердиаты Мысост. Стъалыйау хæрз цыбыр уыд йæ цард, фæлæ уый дæр фаг уыд, цæмæй йæ уды рухс æмæ зæрдæйы хъармæй батавтаид, æппынæдзух йæ фендмæ чи бæллыд, йæ цурæй-иу йæ къах кæй нал хаста, сæ развæндаг кæмæн рухс кодта, уыцы сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæртты, хуымæтæг адæмы.*

*Цы уыдысты дыууæ æмæ ссæдз азы цæрынæн. Мысост баззад “Ирыстонæн йæ райсоммæ кувæг, йæ цин æмæ йæ уалдзæджы зарæггæнæг”-æй.*

***

Ирыстоны советон æхсæнадæн Мысост йæ хæс бафыста йæ зæрдæйы ’хсидгæ тугæй, йæ рæзгæ цырен зондæй. Цард цæмæй уæлдæр къæпхæнмæ схиза, ууыл Мысост фæкодта æнæсцухæй йæ тохы хай. Уыцы куыстытæ Мысост бакодта аивады сфæлдыстады фæрæзæй.

Мысост цы уыдис, уымæй уафт уыдис аивады хæрдгæ хæлттæй. Аив йæ ацыд, аив йе 'рбацыд, аив йе сныхас, йе схудт, аив, бынтон аив та йæ зард. Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, æмæ Ирыстоны хæхтæ Мысосты зардæй аивдæр зарæг нæма фехъуыстой…

***Нигер***

Мысост уыд ирон литературæйы сæууон стъалы… Йæ зæлланггæнаг æмдзæвгæтæй фæсивæды зæрдæтæм бахаста цин æмæ рухс.

***Ардасенты Хадзыбатыр***

Ирон поэттæй советон дуджы æппæты номдзыддæр уыдис Хъамбердиаты Мысост. Æвзонг поэт литературæмæ æрбацыд ныфсджын æмæ барджынæй, сæудары Бонвæрнон куыд фæзыны, афтæ.

***Джыккайты Шамил***

Мысост алфамблай дунемæ, уæлдайдæр æрдзмæ, каст æмæ йæ æнкъардта æрыгон, романтикон цæстытæ æмæ зæрдæйæ, уыдта йын йæ хуызтæ, хъуыста йын йæ мыртæ, хатыд æмæ йын фиппайдта йæ алыхуызон сусæг æргом змæлдтытæ, раив-баивтæ, рафæлив-бафæливтæ.

***Дзуццаты Хадзы-Мурат***

## ФÆСТАГ ХЪУЫДЫ

Мæ фæстаджы хъуыды
(Чысылау, кæуын),
Фæстаг уынд – мæ быдыр,
Стæй уæд цæуын.

Æрттивы мæм дардмæ
Æвзистау æртæх.
Йæ хицауы ’нкъардмæ
Æрынкъард мæ бæх.

Гъей, иунæджы зарæг,
Дымгæйау тæхай!
Куыд дыл кæнын хъарæг,
Мæ хуымгæнды хай.

Мæ фæстаджы хъуыды,
Мæ æцæгæй фын.
Бæркад-зæрдæ быдыр,
Æз райсом цæуын!

Цæхæрджын сахары
Мæ амонды гуырд.
Еблагъуæджын хъармы
Скъолаты дзырд.

Сфæйлау мæ зардмæ,
Нæ быдыры цъæх.
Цæудзыстæм та дардмæ,
Гъей, фезмæл, мæ бæх!

## ХУРМÆ КУРДИАТ

Дæумæ бæллын,
Сызгъæрин хур.
Дæумæ цæуын
Мæ амондгур.

Дæуæн кæнын
Мæ ризгæ зард.
Дæуæн бæттын
Мæ рæзгæ цард.

Зæххыл æртав
Дæ хъæстæтæ,
Дæ цин æрдав
Нæ бæстæтæм.

Дæуæн кæнын
Мæ ризгæ зард.
Дæуæн бæттын
Мæ рæзгæ цард.

## НЫСТУАН ДЗЕРАССÆМÆ

Абон та демæ
мæ зæрдæ куы дзуры,
дард дæн –
цы зын у,
цы зын...

Гъæй-джиди, чи загъта
æмæ дæ цуры
абон
кæй авæры
фын.
Зæрдæйы биноныг
ахстон быд тасæн.
Чи зоны ’мæ дын хъыг уой
фаугæ ныхæстæ –
мæ дуне Дзерассæ –
искуы
куы хæссой
мæ кой.
Уый, дам,
йæ фыдæлтæй
бадардта азым,
нал, дам, сын зоны
сæ аргъ.
Уымæн, дам,
рохуаты
къулыл дзыназынц
хъама,
йæ ехс
æмæ саргъ.
Чи ма дын уромы
ахæм фыдгуырды –
къулбадæг –
цас у
йæ ас!
Афтæмæй, акæс-ма,
дзыллæты ’мбырды
хистæрæй
айсы ныхас.
Адæмы цæсты, дам,

чи кæна цудгæ –
авæйййы
цæстыты сындз.
Домынц мæ:
уынгмæ, дам,
хъазгæ ’мæ худгæ
рацæуы
йемæ
йæ чындз.
Уыцы ныхæстæм ма
дзуапп та цы арон?
Раст куы у
адæмы дау...
Рагæй-æрæгмæ дæр
зæрдыл нæ дарын
зæронд
фыдæлты æгъдау.
Искуы, Дзерассæ,
куы фæуон дæ цуры
(уый дын нæ мысын æдзух?)
Ма мæм-иу радæтт уæд,
курын дæ,
курын,
зæхмæ кæсгæйæ
дæ къух.
Кæлмæрзæн
ма æмбæрз,
ма ’мбæхс æфсæрмæй
искæмæй
де ’рфгуыты сау.
Хатын дæм,
курын дæ,
ма ’рхæсс дæ сæрмæ
зæронд

мæлинаг
æгъдау.
Абад-иу,
абад,
мæ зæрдæ,
мæ разы.
Уа ма дæ
истæмæй тас?
Чи дын уромы
дæ цæстыты хъазын
æмæ
дæ уарзон ныхас!

## АРВЫ ХÆЗНА

Арвы цæхæрæй фæрыст,
цымæ, цавæрæн
йæ сæр?
Уарзын æз,
куы фæуын куыст,
арвмæ акæсын изæр.
Уым фæзынди афтæ мæй-
иу –
йæ кæрдзыныл тæргай.
Хъуамæ искæйы мæстæй
арвыл
бандзæрста
йæ хай.
Æмæ къулы
    тулы
        мæй,
уый дын къулы
иунæг нæу:
чидæр

байтыдта æрмæй
мæйы
   алыфарс
      мæнæу.

***

Ма у æнкъард... æмæ амондмæ ма дзур,
Амонд йæхæдæг зындзæн.
Дардмæ йæм ма цу, дæ куыстæй йæ агур,
Æмæ дæ уый дæр уындзæн!

## ÆДЗÆЛЛАГ ÆФСИН

Мыстытæ къæбицы хыртт-хыртт кæнынц,
Сабитæ стонджыйæ ниуынц, кæуынц.
Цыхтытæ хæндыджы сысты хъуына.
Кæцымæ бавнала, кæцы кæна?..

Цыхтыты хуыздæры райгуырди «цъиу»,
Къухбæрц йæ тæбæгътыл сæвæрдта чъиу.
Кæцы зæгъдзæни: мæ удæн зын уа?
Кæцымæ бавнала, кæцы кæна?..

Хæдзар æнæцагъд у афæдзы бæрц,
Скъуыдтæ, æнæмпъызт у лæгæн йæ кæрц.
Йæ сæр æнæфснайдæй – хосы цъына.
Кæцымæ бавнала, кæцы кæна?..

Фаджыстæ къуымтæм фæмæрзы æдзух,
Тагъддæр цæмæй фæуа куыстытæй цух.
Фаджыстæ астæуæй мачи уына.
Кæцымæ бавнала, кæцы кæна?..

Къаба ӕрфаринтӕ, кофтӕ – скъуыд,
Ӕвзӕр йӕхӕдӕг, ӕдзӕллаг йӕ уд.
Ахӕм ӕфсин вӕййы – ахӕм хӕзна!
Цӕй, цы дын бакӕна, цы сын кӕна?!

## ФӔНДОН

Зӕгъынц мын: «Ды нӕ бӕззыс Ирӕн»,
Фӕрсынц мӕ: «Цӕй, кӕм ис дӕ кад?»
Чи – мысы хорздзинӕдтӕ бирӕ,
Ӕз та – нӕ зӕххыты бӕркад.

Фӕнды мӕ мӕн нӕ бонты таджы
Ссарын тых, ссарын бар.
Мӕ царды уалдзыгон фӕндаджы
Мӕхимӕ базонын ӕхсар.

Фӕнды мӕ рагуалдзӕджы згъалын
Зӕххы цӕсгомыл хор ӕрмӕй.
Ӕхсӕв ӕнцад доны куыд калы
Ӕвзист уӕларвы зӕрдӕ – мӕй.

Стӕй та мӕнӕуы, кӕрдӕджы
Ӕфсадын бӕстӕйы хуызтӕй.
Ӕфсиры буртӕн та фӕззӕджы
Сӕ зыр-зыр бануазын цӕстӕй.

Куы ’мбарин адӕмӕн сӕ амынд,
Куы уаид коммӕгӕс мӕ уд.
Куы ссарин ӕз мӕ дуджы амонд,
Куы уаин алцӕмӕй рӕвдыд.

Стæй ма ноджыдæр куы ссарин
Зæрдæйы гуыдырæн дæгъæл,
Уæд дардмæ, чи зоны, ныззарин,
Мæ мысын не суаид дзæгъæл.

## БАЛЦ

Мæнæн у ме ’мбал
Мæ бæх æд саргъæй.
Фæцъæх и зæрдæ
Фæндаджы даргъæй.

Фесхойын тынгдæр
Мæ бæхы фæрстæ...
Фæстæмæ згъорынц
Къуызгæ бæлæстæ.

Суайын æрхы,
фæзилын комы.
Кæм и ныхлæууæг!
Кæм дæ, уромæг!

Ныккæсын размæ –
Фæндаг ныддаргъ и.
Мæ бæх ысхид и,
Тыхсы йæ уаргъæй.

Фатау тæхгæйæ
Йæ сæр ныттилы.
Мæ хъусты рæзты
Дымгæ сзилы.

# ТЕДЕТЫ ЕФИМ: 90 АЗЫ



**(1929 – 2019)**

Хæдбындур поэт у Тедеты Ефим. Уыцы хъуыддаг, ирон поэзи чи кæсы, йæ бацæуæнтæ æмæ йын йæ рацæуæнтæ чи зоны, уыдон æнæ рахатгæ нæ фæуыдаиккой. Хæдбындур у йе 'мдзæвгæтæн æмæ кадджытæн сæ риторикæ æмæ тематикæ дæр.

Ефимы æмдзæвгæты 'хсæн ахæм æмдзæвгæ нæй, йæ рæбыны бæлвырд поэтикон хъуыды æвæрд кæм ма уа. Ацы ныхас уымæн зæгъын, æмæ нæ литературæйы бирæ ис ахæм æмдзæвгæтæ, ницæмæй чи райдайы æмæ ницæуыл чи фæвæййы. Ахæм æмдзæвгæтæй та, цасфæнды рæсугъд дзырдтæй сæ ма байдзаг кæн, – поэтикон уацмыс нæ рауайдзæн. Ефим уыцы хъуыддагæй у, куыд фæзæгъынц, Хуыцауы фæдзæхст. Ефим кæддæриддæр бæстон æмæ бæлвырд ныхас кæны, адæмы царды ахсджиаг чи у, æрдзы змæлды цæст йæхимæ чи здахы, адæймаг адæймаг куы сси, уæдæй фæстæмæ цы хъуыдыты фæдыл зилы, уыцы хабæрттæ. Хаттæй-хатт, чи зоны, æгæр стыр хæсмæ дæр бавналы, удисæн сфæлдыстадон хъизæмæрттæ баййафы, чи зоны, уæддæр ма йæм йæ зæрдæ фехсайы истæмæты – уый дæр æцæг поэты удахастыл дзуры. Науæд кæм уыд ахæм поэт, æмæ цы уацмыс сфæлдиса, уымæ фæстæмæ фæкæс-фæкæс чи нæ кæна!

Тедейы-фырты æмдзæвгæты ис ахæм улæфт – суанг йæ тæккæ фыццаг рæнхъыты бацæуы æмæ фæстаг рæнхъытæм бырсгæ чи цæуы, чиныгкæсæджы йæхицæй иуварс аздæхын чи нæ уадзы:

*Зæхмæ ма кæс,*
*Де 'рфгуытæ мæ ма 'мбæхс,*
*Хур мæнмæ дæ цæстытæй кæсы...*

Ахæм æхсызгон улæфт кæй зæрдæйы улæфтимæ нæ баиу уыдзæн!? Уæдæ æрдзы ныв йæ рæууон хуызы æрцахсынмæ тынг æвзыгъд æмæ арæхстджын у Ефим. Дзывылдар адæмы стыр хъыгыл, бæласы къалиуыл куы бада æмæ йæ гыццыл базырæй йæ цæссыг куы сæрфа, уæд æхсызгон рызт куыд нæ ныккæндзæн адæймаджы зæрдæ.

Уæдæ, рынчын зæронд лæгмæ рынчынфæрсæг чи бацыди, уыцы сыхæгтæ æмæ хиуæттæм йæ цæстæй куы радзуры: «Акæсут-

ма Сталинæй цы хъуысы...», уæд уый дæр куыд нæ бахъардзæн адæймаджы зæрдæмæ. Нæ, хъарынц Ефимы æмдзæвгæтæ адæмы зæрдæмæ, тынг хъарынц. Чи зоны, уый у сæ тæккæ ахъаззагдæр рахæцæн.

Ацы къаннæг кадæг «Чи дæ?»-йы автор æвдисы хæрзæбон æмæ фыдæбонæй йедзаг дуне. Адæймаг фæндтæ кæны, царды фæндтæ, рухс фæндтæ, фæлæ йыл уыцы стыр дуне кæцырдыгæй нырриуыгъдзæн, кæцырдæм æй ахæсдзæн йæ дымгæ, уыдæттæн æппындæр ницы зоны. Ома цы уæззау хъизæмæртты бахауы йæ рæстаг сæр!

Кадæгæн ис биографион ахаст. Ранæй-рæтты бынтондæр фегом вæййы уыцы ахаст:

*Нывонд кодтон мæ зарæгæн*
*Мæ тых, мæ зонд, мæ дзырдтæ.*
*Дзыллæты ’хсæн мæгуыргурау*
*Дзырдагурæг фæцыдтæн...*

Уый æцæг поэты фæндаг у – адæмы ’хсæн мæгуыргурау дзырдагур фæзилын. Æмæ уыцы фæндагыл лæппуйæ ныллæууыд æмæ йыл æвæллайгæ фæцыд йæ зæры бонмæ.

Йæ зæры бон уæззау рауад Ефимæн. Иунæгæй баззад. Цы иунæг чызг ма йын и, уый цæры уырысы зæххыл, кусы дохтырæй. Ефим йæ сæр фæхаста уырдæм, æрцарди йæ чызджы бинонтимæ. Ныууагъта йæ Ирыстон, зарджытæ кæнынæй цы Ирыстоныл нæ бафсæст, уыцы Ирыстонæй фæиппæрд. Зын у уый, тынг зын. Æмæ куыд бафæраза уыцы зынтæн. Йæ фыссæн сис куыд нæ æруадза, уый бæрц тых ын раттæд дунейы фарн æмæ йæ бирæ чи уарзы, уыцы дзыллæты сыгъдæг уарзт.

***ХУЫГАТЫ Сергей,***
***Цæгат Ирыстон-Аланийы адæмон фыссæг***

***Редакцийæ:*** *Ефим йæ юбилейы хæдразмæ нæ редакцимæ æрбарвыста йæ ног поэмæ «Чи дæ?». Мыхуырмæ йæ куы бацæттæ кодтам, уæд нæм æрбайхъуыст, йæ цардæй кæй ахицæн, уыцы хабар.*

*Рухсаг у, Ефим... Дзæнæт – дæ бынат.*

## ЧИ ДÆ?

Хæххон хъæуы – бæрзонд мæсыг,
Йæ фарсмæ уыд нæ хæдзар.
Йæ къултæ сты къæйдурамад,
Къæйдур асдæрд – уæлхæдзар.

Фæтæн тулдз дуар ныхъхъинц кодта,
Нæ къона ‘мæ нæ рæхыс
Фæзындысты, уæд къæсæрæй –
Чысыл лæппу куы рахызт.

Къæбæлдзыгсæр, хæлын хъустæ,
Йæ бæзджынхау цæстытæ.
Уыд сабитæн – сæ раздзæуæг,
 Сæ цырв æмæ сæ фыддæр.

Чысыл хъæуы æлыг зæххыл
Æппæт уынгты цæрдæгæй
Мæ бæгъæввад къæхты фæдтæ
Кæм нæ зынынц бæрæгæй!

Мæ цард адджын, мыды тылдау,
Фæлæ, уæууæй, мæ катай –
Дунескæнæг, мæ фæндагæн
Цы уæззау ныв ыскодтай?!

Мæ бæллиц мын ыстъалытæ
Куы аскъæфтой æвастæй,
Мæ рухс цинтæ мын булæмæргъ
Йæ ахстонмæ фæхаста.

Дзырдтон: цымæ рæсугъд зæлтæ
Йæ æвзагыл куыд бадынц?
Æнхъæлдтон – уый йæ дзыхы ис
Сæдæмырон сырх уадындз.

Æз бонивайæнты ауыдтон
Сырх сæуæхсид, сырх райсом,
Уæд зарджытæ ныффыссынмæ
Мæ гæрзтæ æз куы райстон!

Мæ сæр ныддур, ныдздзæгъæл и,-
Æз хатыдтон, уыдтон æй:
Охх, зарджытæ фыссыны куыст
Уæззаудæр у зындонæй.

Цыдтæн, цыдтæн мæ амондмæ,
Нæ дæ фæнда – фæнда дæ –
Рæствæндаг нæ – фæхаудтæн-иу
Æнамонды фæндагмæ.

Нывонд кодтон мæ зарæгæн
Мæ тых, мæ зонд, мæ дзырдтæ, –
Дзыллæты ’хсæн мæгуыргурау,
Дзырдагурæг фæцыдтæн.

Æнхъæлмæ каст ныййарæг мад
Мæ байрæзтмæ, ыслæгмæ.
Æххуысмæ йын фæстаг хъæбул
Ысбæззыди æрæгмæ.

Фыццаг мыздæй йын балхæдтон
Тæбын къаба, кæлмæрзæн.
Йæ мæрддзаг фесты уыдон дæр, –
Йæ сау чырын æмбæрзæн...

Æрхауд мæ фыд. Уæззау низ ыл
Æрбатыхта йæ рæхыс,–
Цыппар азы йæ сынтæгæй
Йæ бандонмæ нæ рахызт...

Фæрсæй-фæрстæм сæ ингæнтæ,
Чысыл обæуттау иу ран...
Дзырдтон: лæггад кæндзынæн ныр
Сæ фæстæ æз нæ Ирæн.

Мæ зард, мæ цин, мæ сагъæстæ
Хæдзардзинау æфснайдтон,
Нæ та рауад, фæкалдтæн та,
Нæ Иры дæр фæсайдтон...

О, зæддоны фæбадинаг!
Цы уарзт дæ ‘мæ цы тых дæ?!
Йæ мондæгтæ æвзаргæйæ
Фæтадтæн ‘мæ фæсыгъдтæн.

Дзыккуджын чызг... Сæуæхсиды
Сырх тæмæнау – йæ рустæ.
Мах баивтам кæрæдзийæн
Нæ зæрдæтæ æнустæм...

Куы бавзæрстон хъæбулы цин,
Уæд мыл æрбадт уæззау хæс:
Йæ дард фидæн... Цы фæндæгтыл
Фæцæудзæни – мæ сагъæс...

Фыдбылызы фыдбын фæндаг,
Йæ уæлæ, дам, мыд конд и,
Кæмæндæр уый йæ амонд у –
Мæнæн та йыл фыдбон и...

Куыд ахизон æрра доны?
Фæагурын æмбалы.
Кæмæндæрты тæнæг вæййы,
Æз бахауын йæ малы...

Мæнæн æртылд къæдзæхы фарн
Бæрзонд хохæй мæ фæрсты,
Уый асхъиудта уынгæг коммæ –
Тæхгæ дур та кæй фæрсы!

Уым иу уысмы бæрц аззадтæн
Мæ фæндагыл фæстæдæр, –
Мæ хъæу мæнæн нæ федтаид,
Мæ табæты ыстæг дæр.

Фыдæхсæвтæ, фыдсагъæстæ...
Ныккæрзын æз сæ койæ –
Цыма хæссын гуыбыр-гуыбыр
Бæрзонд хæхтæ æккойæ;

Цыма æлгъыст хæстæндзарæг,
Хæст бандзæрста дунейыл.
Зæхх баззайдзæн – нæ баззайдзæн,
Йæ хъуыддаг у дыууæйыл.

Æхсыстысты цъæх денджызтæ,
Цæдджинагау фыхтысты,
Фыд атомы ысрæмыгъдæй
Дзæккор хуызтæй зындысты...

Æз фехъал дæн æвиппайды, –
Цы зымæг уыд, цы сæрд уыд!
Кæм ма ‘нцади мæ тарст риуы
Йæ гуыпп-гуыппæй мæ зæрдæ...

Æрæнцадтæн. Æнхъæлдтон æз,
Куы бацæуы йæ кары
Нæ хæхты гуырд, кæмдæриддæр
Йæ амонд уæд ыссары...

Фæлæ та мæ нæ дун-дуне
Йæ диссæгтæм æмхицæй
Куы асайдта, куы та ссардтон
Фыддæр сæрниз мæхицæн.

Амыранау ыставд цæгтæй,
Йæ тых æмæ йæ ныфсæй,
Куы райдыдтон ахъаззаг хæст
Дунетимæ хъæбысæй...

Уæ сусæгтæ цы ран ысты?
Зæгъут-ма йæ æргомæй.
Кæнæ уæ æз ныххойдзынæн
Амыраны дзæккорæй!

Кæрæдзийы куы фелгъыстам,
Кæрæдзийы ныххостам,
Зæхх не ‘нкъуысы тæвд вулканæй,
Зæхх банкъуысы нæ тохæй.

Дыууæ тызмæг зыд уæйыджы
Хæцæм, тæхæм бæрзæндты,
Нæ иу дæр нæ нæ бын кæны,
Нæ иу дæр нæ нæ сæтты.

У, тынг зын у хæххон царды –
Æппæт хъыгтæн уацар дæн.
Æз иу диссаг æрхатыдтон
Тызмæг дуджы, мæ царды...

Фыдбылызæй ирвæзæнты
Цы цин гуыры æрмæстдæр –
Хæдгуыргæ цин нæ бавзæрстон, –
Æз а цинæй ирвæзт дæн...

*БЕДЖЫЗАТЫ Чермен*

# ÆРТÆ ФÆКАСТЫ

РАЗЫРД

*Цыбыргондæй*

– Сылгоймаг...

Дзыллон рæхысы саст цæг, – кæд æй бандидздзыстæм? – катайгæнæг æнкъард хъæлæс азæлыди уаты.

Фæлмæн изæрмилтæ цадæггай хъуызынц къаннæг ныллæг уатмæ æмæ æфсæрмæй тыгуыр кæнынц уаты къуымты. Сæ сау кæрдæнтæй уыдон сабыргай æмбæрзынц дуары 'рдыгæй къул, стæй сæ хъуызгæ-хъуызгæ райтауынц иннæ къултыл дæр. Бонрухс ма фæстаджы хъуырдухæны бацыд семæ, суры сæ уатæй, æввахс сæ нæ уадзы, дуары комкоммæ цы къул ис, уымæ...

Уат æрталынг. Фæрсæгты цæстытæй арвæй цы дыууæ ихайдæны сæстæгтау зыны, уыдон тарцъæх афæлдæхтысты, æмæ сæ иу цалдæр стъалыйы сæ хъазгæ дзæццытæй ныкъулынтæ сагайдта.

Бынтон æризæр. Æрталынг уат. Æрталынг æдде. Æрмæст ма уаты рæбын иу къуымæй хæрз дыдзы рухс истугæй-истугмæ фæпæртт кæны, æмæ уæд иу уысммæ фæзыны тæнæг цæсгомы лæгъз даст бинаг æрдæг æмæ хус фындзы алгъ, чидæр дымы цыбыр лулæ.

Изæр æхсæвиваæн кæны.

Уаты чидæр базмæлыди. Фæлмæн исгæ къæхты сыффытт сабыр хъуысы талынджы.

– Кæдæм, Бадæг? – æнæразыйæ, фæлæ сабырæй райхъуыст фæрсæгтæй сæ иуы фарсмæйæ.

– Рухс скодтон, куырмæджы бадын цас бæллиццаг у, Хæлар?

– Чысыл ма фæгæдзæ кодтаис, дæ хорзæхæй. Цы диссаджы изæр у... Изæрдалынгты æнцад, æнæ къæрццæй абадын хæлар у зæрдæйæн. Стæй ма скæс: цы диссаджы хъазт кæнынц стъалытæ! Куыд райдзастæй ныкъулынц сæ цæстытæ кæрæдзимæ, стыр симды мидæг уарзæгой къайтау! – цыбæлæй бакодта, Хæлар кæй схуыдтой, уый.

– Куыд дæм кæсын, афтæмæй уымæй хъауджыдæр зæххыл цæуын нæ сахуыр уыдзынæ. Зæгъ-ма, зæгъ, кæдæм уæлæрвтæм та фæтахтæ дæ цыбæлты базыртыл, – хынджылæг æмхасæн, фæлæ æнæмæстыйæ

сдзырдта, Бадæг чи хуынди, уый, æмæ æртхос ацагъта. Æртхос фæпæртт кодта, фæлæ не ссыгъди.

– О, æдзухæй зæххыл хилæг, о! – фæкарз ис Хæлар. – Царды практицизм дын сбаста де уæнгтæ, баталынг кодта дæ цæстытæ, æмæ цы фенай цардæй, йе йæ бæллиццæй, йе йæ рæсугъддзинадæй? Æмæ йыл, æвæдза, сæтгæ дæр нæ кæныс, уый йеддæмæ райгæ дæ, мыййаг, уыцы практицизмы гуылфæнты ныббырынæй?.. Æгъуыз, æнæ ахорæнтæ – цъæх бонтæ...

Рухсмæ Хæлар рæстмæ нал æвзæрста рæсугъд æхсæв арвы гæппæлты тыбар-тыбургæнæг стъалытимæ æмæ чысыл ныуулæфтимæ разылди уаты ′рдæм.

Цырагъы рухс уаты къултæй æриста талынджы кæрдæнты, ауyæрстытæ сæ кодта æмæ сæ тыхтытæй сынтæджы æмæ чысыл фынджы бын атъыста. Уат срухс, разындысты йæ мидæг бадджытæ.

Фæрсæгтæй иуы раз бады Хæлар – къæсхуыр, дæргъæлвæст, хъæлдзæг, 27-аздзыд лæппулæг. Йæ цæстытæ ма ныр дæр æнахуыр сыгъд кæнынц цыдæр хъуыдытæй æмæ куыддæр дзæгъæлтæ кæнынц. Иу къуымрæбын хибарæй бады ирон арæзт сæрæй къæхтæм сау пысулты æмбисаздзыд лæг æмæ хъуыдыгæнгæ, цыма цыдæр арф катæйтты бацыд, нæмы тамако лулæйы.

Бадæг, уый дæр рæстæмбис асджын лæг, къулын цырагъ куы ссыгъта, уæд æй æриста, фынджы кæрон æй бæрзонд хъæдын къоппыл сæвæрдта æмæ гæххæттыты йæ цæстытæ ацавта. Стæй бандæттæй сæ иуыл æрбадт, гæххæттытыл йæ цæстытæ ахаста, арауын-бауын сæ кодта...

– Цы кæныс, цы, Хæлар, цæуыл та дæ сбыдтыри кодта Бадæг? Кæд та мыййаг мигъты сæрмæ ламаз нæ кæныс тындбазыр халонау? Ха-ха-ха! – гыбур-гыбур худт кæны дуарæй æрбахизгæ домбæйттæ конд, æргом цæсгомджын Умар. – Гъы, цæуыл ахицæн уæ быцæу сылгоймаджы сæраппонд? – уæззау, хъавгæ йæхи бандоныл æруадзгæйæ фæзылдта ныхас Умар. Бандон æрцъист, мысты хъыс-хъыс скодта. – Уæ иу – зылды техникумы гæс, иннæ – зылдпарткомы нымæрдар, æз та зылдæххæсткомы сæрдары хæдивæг, æмæ мæнæн дæр уæ зондæй ма бахæлæг кæнут, и?

– Дæ разы дын Хæлар амонæд, ницымбарæг хæдивæг, фæлтæрд у сабитимæ. Ныртæккæ нын нæ быцæу балхынцъ кодта, сылгоймаджы

нæ социалистон рухсы саст цæг хоны, æмæ йæ йæ бандидзыны ныфс дæр нæй. – Умары фæзмæгау хъазгæйæ бакодта æмæ йæ сæр цæхгæр фенкъуыста Бадæг.

– Сылгоймаг... м-м-м царды цалхы кæлæх, царды цалхы саст дæндаг... Зын у ирон сылгоймаджы нæлгоймаджы æмрæнхъ нæ зиумæ рахонын, – катæйттæ кæны Умар, йæ нæргæ хъæлæс зилахартæ кæны уаты къуымты.

– Ха-ха-ха! Сæрæй уый цæхгæр фæзылдтæ дæ ныфсы бæхыл, уæд цæмæн? Æви фæндаг фæрæдыдтæ, мыййаг? Кæд дæ Хæлар нæ фæдзæгъæл кодта, Умар?

Умар йæ рихитæ здухынмæ баздæхти, цыма Бадæджы ныхас æндæр кæмæдæр здæхт у, стæй худæджы улæфт бакодта.

– Хæларæн рагон уавæры сылгоймаг цыдæр зæд бавæййы, æфсармджын, æгъдауджын, бинонтæн коммæгæс... Рæсугъд нывæй фæлындзы ирон сылгоймаджы æмæ ахæмæй уыны абоныккон сылгоймаджы хуыздæр ахъазгæнæгæй æмæ кусæгæй нæ ног царды змæлды. Йе 'цæгæй та ирон сылгоймаг у æгомыг, къуымых, зæронд æгъдæуттыл баст æмæ уыдонæй ссæст, æнæныфс, æнæных. Изæрсарæй нæ ныхас сылгоймагыл уыд, æмæ цы рафæлгъуыдтам? Ахæм сылгоймаг ницæйаг æрмæг у ног социалистон мæсгуытæ амайынæн, æмæ йыл къух ауигъын хъæуы. Уадз, хилæд размæ, сомбоны искуы кæд рахилид нæлгоймаджы æмрæнхъ, – йæ къух ауыгъта Умар.

– Сылгоймаджы фидыц – фыццагон ирон сылгоймаг, – тæвдæй фестади йæ бынатæй, рудзынг фегом кодта æмæ арвмæ кæсгæйæ карзæй дзуры Хæлар. – Уадз, баззайæд ахæмæй, æгъдауджынæй æмæ æфсармджынæй, мадæй æмæ хойæ, нæртон æфсинæй æмæ бахъуыды сахат æхсарджын æфсæддонæй, йæхæдæг балæудзæн нæртон зиууонæй сылгоймаг ног цард аразыны хъуыддагмæ, сымах сæр æй нæ хъæуы!

– Æмæ йæ æз дæр куы уадзын, Хæлар! – йæ мидбылты бахудт Умар.

– Сымах уæ дыууæ дæр, кæд хицæн цæстæнгастæ дарут сылгоймагмæ, уæддæр ын иу адзал кæнут, йæхи бар æй ныууадзæм, зæгъут, йæхæдæг архайæд. Раст нæу, æмбæлттæ, уый. Сылгоймаг хъуамæ иртæст ма уа нæ дуджы, нæ царды змæлдæй. Мах хъæуы æмбаргæ – нæ ног цард аразæг сылгоймаг...

– Æмæ нæ бон бауыдзæн уыцы тагъдæй фехалын рагон цардуагон дисциплинæ, зæгъыс? – фæрсгæйæ бакаст Умар Бадæгмæ... – Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ цард хуыздæр бæлвырдгæнæг у алы уавæры дæр, – сындæггай дзуры, фæлæ уæддæр йæ бæзджын хъæлæс æддæмæ дæр хæссы Умарæн. – Гъе, ахæм бæлвырд хъуыддаг уын радзурдзынæн æз дæр, – æмæ фездæхти Бадæгмæ. – Уæдæ куыннæ, дæ хорзæхæй, æрæджы мæм къæнцылармæ иу лæппулæг йæ хойы йæ цонгæй æрбамидæг кодта. Æрлæууыдысты дыууæ дæр мæ разы. Чызг йæ цæстытæ зæххы ныццавта, ризынц йæ былтæ, уæхсксаст у, æрдæг цъæл хæрисбæласау, ныртæккæ цыма æрызгъæлдзысты йæ цæстысыгтæ. Æнкъарын, худинаг, мардæрцыд æм кæсы, къæнцылармæ кæй æрбацыд, уый. Æнкъарын, хъæстгæнæгæй æрбацыд, фæлæ кæуыл, цæуыл – зонæг дæр ын ницы базондзæн.

– Сымахмæ дзурын, цы хъуыддаджы фæдыл мæ æрцагуырдтат? – ныфсæвæргæ бакодтон сæ дыууæйæн дæр.

Лæппу æнхъæлмæ кæсы йæ хомæ, йæ цонгæй дæр ма йæ басхуыста, фæлæ сылгоймаг ноджы фыддæр стыхст. Уыцы иу каст мæм скодта мæллæг сычъийы цæстытæй æмæ та цæстытæ зæххы ацавта. Лæппу сылгоймаджы аиуварс кодта æмæ дзурынтыл схæцыд, афтæ дæр æмæ уфтæ дæр ын сты йæ хойæн йæ лæг, йæ бинонтæ, йæ туг ын нуазынц.

– Советон хицауад сылгоймаджы бартæ хъахъхъæнæг у, суæгъд кæнут мæ хойы йæ лæгæй, уый курæг у, – фæстагмæ загъта лæппу.

– Гъемæ, дæ хорзæхæй, цы баци, цæуыл ахицæн хъуыддаг? – тæвдæй афарста Хæлар.

– Ха-ха-ха! – зæрдæбынæй ныххудти Умар, – цы рауад хъуыддагæй, уый дæр зæгъдзынæн. Кæмдæр лæппу цыдæриддæр радзырдта, уыдон мæнг уыдысты, хъуыддаг цадæггай куы равзæрстам хъæубæсты, сыхæгты, колхозонты фæрцы, уæд рабæлвырд. Уыцы усы фыд æмæ æфсымæр разындысты кулактæ – колхозы ныхмæ цæуджытæ. Сæ сиахс колхозмæ цæуыныл ныллæууыд, стæй цы сусæг ирæдыл дзырд уыдысты, уый раттыныл дæр дæуццаг кодта. Гъемæ цæмæй ма бацыдаид колхозмæ, уый тыххæй йæм йæ ус байсынæй бартхъирæн кодтой. Лæг сæ коммæ куы нæ каст, уæд усы æфсымæртæ сæ хойыл бафтыдысты, дæхи байс, зæгъгæ, дæ лæгæй, æмæ хъуыддаг сфыхтой. Æмæ цы, афтæ банхъæлдзыстут,

уыдæттæ сылгоймаг йæхæдæг суæндыд хурмæ рахæссын? Ай-гъай-йе, колхозонты æмæ фæскомцæдисы фæрцы рабæрæг кодтам уыцы æбуалгъы хъуыддаг! – фæци Умар.

– Гъемæ?

– Гъемæ цы, Бадæг, саст дæндаг у сылгоймаг царды, æндæр цы?

Бадæг йе ′рфгуытæ æрбалхынцъытæ кодта, йе ′фсæртæ кæрæдзийыл алхъывта æмæ цæстытæ хъуыдыгæнгæ иу ранмæ ныццавта, хъуыдыйы бацыд, цахæм карз дзуапп ратта Умарæн, ууыл. Умар æнæмæт цæстæнгас ахаста йе ′мбæлттыл æмæ, æвæццæгæн, сæ цæсгæмтты хуызæй разы нæ уыд, уый адыл йæ сæр æруагъта, йе ′ргом цæсгомыл азгъордта мидбылты бахудт, афтæмæй. Хæлары цæстытæ згъорынц уаты къуымты, æмбæлтты цæсгæмттыл æмæ æрттивæнтæ калынц.

– Мах изæрсарæй кæрæдзийы райваз-байваз кæнæм сылгоймагæн саргъ кæныны тыххæй, фæлæ нæ фысым нырма иу ныхас дæр куы нæ скодта. Ау, Битар, цæуылнæ зæгъыс дæ хъуыды? – фездæхти Хæлар къуымы бадæгмæ.

Битар цыма йæ арф хъуыдытæй райхъал:

– Зæгъдзынæн æз дæр, кæд нæ бафæлладыстут, уæд, мæ дзæбæх уазджытæ, – уæздан систа йæ цæстытæ йæ уазджытæм Битар.

– Дæ хорзæхæй, Битар, хъусæм дæм, – фестъæлфыди Умар.

Битар сындæггай йæ лулæ рацагъта. Стæй лулæйы ногæй фæлмæн тамако нынннадта, æртхос ацагъта, схæцын кодта лулæйы æмæ йæ ахъаззаг сцъырдта.

Иудзæвгар лулæ дæндæгты ′хсæнæй сагъдæй аззад, стæй йæ Битар фæздæгкалгæ тонæгау ракодта æмæ йæ размæ кæсыныл ныллæууыд.

– Сымах зылды бæрнон кусджытæ стут, æрбацыдыстут нæ хохы цъасмæ колхозы арæзтады фарстыты тыххæй. Уе ′ххуыс нын нæ ауæрдут, – йæ цæстытæ æнæ сисгæйæ райдыдта Битар. – Ног царды уынаффæгæнæг стут, æз мæнæ мæгуыр фыййау, хъæусоветы сæрдар, ам хохы цъассы бадæг суанг 1921 азæй фæстæмæ, цы бацамондзынæн сымахæн? Гъе, фæлæ уын уæддæр иу хабар мæ зæрды ис ракæнын.

Ацы ныхæстæм та Битар йæ лулæ йæ дæндæгты ′хсæн асагъта æмæ та йæ зæрдиагæй сцъырдта. Æмбæлттæ кæрæдзимæ æнæуууæнк сæ мидбылты бахудтысты. Битар, облæсты бæрнон кусæг уæвгæйæ, фарон барвæндæй ныллæуыд хъæусоветы сæрдарæй, уый куыннæ зыдтой.

– Дзæвгар бонтæ рацыди уæдæй нырмæ. 1917 азы уыди уый. А бæстаг дæн мæхæдæг, хохаг дæн, ацы Рындзы хъæуккаг. – Битар, йæхимæ цыма дзургæйæ, йæ хъуыдытыл ферхæцыд æмæ та йæ лулæ йæ дзыхы акодта. – Кæд искуы ирон сылгоймаг фæстæзад æмæ талынг у, уæд нæ хæхбæсты, кæд искуы у æбар æмæ æгъдæутты уаджы рæхыстæй æлхъывд æмæ баст, уæд нæ хохы цъассы... О, фæлæ æвддæсæм азы кой уыди мæ кой.

Æвддæсæм азы æрæфтыдтæн фæззæджы нæ хъæумæ. Ростовы ахуыр кодтон, Донбассы куыстон æвзалы къахæнты, дуг пиллон артау сыгъди, большевикон организаци мæ сæрды рарвыста Кавказмæ хæххон мыггæгты æхсæн кусынмæ. Æстдæс азы мыл цыд уæд... Æгуыст, æнæхъуыддаг уыдтæн ме ссыдæй нæхимæ æмæ-иу сæумæцъæхæй æхсонджын топпы хæтæл ме 'фцæджы бафтыдтон æмæ хаттæн кæмтты, рæгъты, хæхты. Цуанæн та цы зыдтон, худæджы хос уыдтæн хъæуы фæсивæдæн, фæлæ уæдæ цы кодтаин? Кæд-иу искуы уæлæ Лæгъз рагъыл иу фынæй карчы амардтон, уæд-иу ыл мæхицæй дисдæр ничи кодта.

Нæ хъæуы ныхмæ иу фæлмæн уæлæнгай ком рауад. Цыбыр, къæдз-мæдзытæ ком у, райдзаст. Йæ райдианы хъуынджын, цъымараджын, цæуы дзы стыр суадон сабыргай, ахæм у, æмæ йыл куырæйттæ зилынц иу астæй. Йæ дон та ахæм у, æмæ зымæг дæр нæ сæлы. Уыйадыл ривæдгæнæн у уыцы суадон аццытæн, хъæддаг хъазтæн, уалдзæг æмæ фæззæг куы фæтæхынц, уæд.

Иуахæмы та сæумæцъæхæй бацыдтæн уыцы коммæ. Дзæвгар фæрахау-бахау кодтон цъымараты, цадты, фæлæ цы, алы хаттау мæ æрбайрох, цуаны рацыдтæн, уый, æниу, æвæдза, мæ алфамбылай аццытæ тыннывæндæгау кодтой, фæлæ... Сæумæйы уддзæф рог кодта уæнгты, æмæ зæрдæ куыддæр цины тæмæнты бацыд, цыма йыл стыр æхсызгон сæмбæлд. Уалынмæ хур йæ был сдардта, мæ цоппайæ бафæлмæцыдтæн æмæ хъæуы 'рдæм раздæхтæн. Æнæмæт, райдзаст мæм фæкаст ацы хатт ноджы уæлдайджынтæй хохы цард, æмæ зæрдæ ради. Уалынмæ иу чысыл цъымарайы мæ цæстытæ фæхæцыдысты дыууæ аццыл. æнæрхъуыдыйæ сæ фехстон, æмæ сæ иу уым аззад. Куы йæ систон, уæд æй асгæрстон, рог цæф фæци, фæлæ атæхын нал бафæрæзта. Рацæуын комы, рахæццæ дæн йæ дымæгмæ, афтæмæй мæ хъустыл ауад хъарæг. Цавæрдæр фæлмæн, æрыгон

хъæлæс зæрдæбынæй кодта хъарæг. Хъæлæс афтæ уынгæг уыди, афтæ зæрдæхæлд, æмæ мæ зæрдæ æрбауынгæг. Хъарæг хъæуæй нæ цыди, рахатыдтон уадидæгæн, фæлæ уæдæ кæцæй? Ахъахъхъæдтон фæйнæрдæм, ахастон мæ цæст комы бæзджын къултыл, фæлæ никуы æмæ ницы. Мæ къæхтæ ма уæззау истон, афтæ рахæццæ дæн куыроймæ... Мæ рахæццæимæ хъарæг аскъуыд, æмæ иу куыройæ рахызт иу сылгоймаг, уæззау ссады къæсса йе 'ккой, афтæмæй. Цы зонын ма мын æй хъуыд, хъарæг куыройæ цыд, уый, хъарæггæнæг ацы сылгоймаг кæй уыд. Фæндаг куыройы хæдрæзты цыд, æмæ хæрхæмбæлд фæдæн сылгоймагимæ. Куыддæр сагъдауæй аззадтæн иу уысммæ, хæрз æрыгон чызг, 16 азы йыл цыдаид, рæсугъд, уалдзыгон райсомау, рæхснæг буарджын гæдыбæласау, фæлæ йын цæй фæллад цæсгом ис? Куыддæр æнæрхъуыдыйæ йын «дæ райсом хорз» загътон. Йæ тæнæг былтæ афæлурс сты æмæ цыдæр арфæимæ гæзæмæ фезмæлыдысты, йæ цæстытæ та иу уысммæ сæхи мæ цæстытæм систой. Рæстмæ ме 'муд нал уыдтæн уыцы фæкастæй, тыххæй ма бамбæрстон, размæ ахизын мæ кæй хъæуы, æгъдаумæ гæсгæ чызг мæ разæй кæй нæ ахиздзæн, æмæ фæраст дæн. Кæуылты бафтыдтæн мæ уатмæ, куыд æрхаудтæн, уый дæр нал банкъардтон. Уыцы фæкастæй зæрдæ алхынцъытæ, сæры магъз ссыгъди, уæнгтæ адон сты.

Рæсугъд райсомæй арвы ронау фæлмæн, ахорæнджын мæ тæлмæнтæ кæмдæр фæтары сты. Уæззау, æнæуромæн æнкъарды равг ацахста зæрдæйы йæ тæккæ хъустæм... Цыма Зилгæ-хохы йæ уæзæй æрфæлдæхта уыцы цæстæнгас, æнæныкъулгæ лæууыдысты мæ разы уыцы дыууæ цæсты... дыууæ стыр айдæнау. Æмæ мæ цавæрдæр тых æдзæм кæсын кодта сæ арфмæ, ласта мæ йæхимæ уыцы арф, денджызы фæйлауæнтау.

Æнæкæрон ныфссаст, æнусон маст æмæ уырыд, сæдæгай азты æфхæрддзинад мæм касти уыцы цæстыты арфæй. Талынг, уазал, сау мигъы къуыбæрттау, хъуынтъыз кодта йæхи уыцы цæстыты. Нæ бæллиццы, нæ цыбæлы, нæ фæндоны цъыртт федтон уыцы дыууæ айдæны хуылфы, мæлæт сæ уыди царды бæсты ахстонджын. Æмæ нывау сыстади мæ хъуыдыты ирон сылгоймаг цардæй æмæ царды уагæй, æгъдæуттæй ссæст, нывау сыстади мæ разы ирон сылгоймаджы хъизæмар царды фæндаг, йæ райгуырдæй йæ амæлæтмæйы азты фæндаг скъуыдтæ, згæхæрд рæхысау.

«Мæ райгуырд дæр кæуинаг æмæ мæ мæлæт дæр. Райгуырдтæн саби-чызг. Æрфыгæлхынцъ æмæ сæруагъд бинонтæй – нæлгоймæгтæ, æнкъард æмæ уыргъуыйау бинонтæй – сылгоймæгтæ, дондзаст æмæ къæмдзæстыг мад – æнамонд мад! Сыхæгтæ ма æрбауайæнт циндзаст чыртæй арфæимæ: «Цæрæццаг гуырд уын уæд». Алчи сæ йæхи дары афтæ, цыма ницы ′рцыд, цыма нæ райгуырд ног адæймаг, фæлæ сæныкк. Стæй мæ чындзы фæцæуыны онг бинонты′хсæн дæлдæры æхгæдæй цард, мийы æмæ æнæрынцайгæ хъиамæты цард. Уалынмæ мæ ныууæй кæндзысты, кæмæн æмæ цæмæн, уымæй та чи бафæрсдзæн? Æмæ ног бинонты ′хсæн сагъæс æмæ уырдыг, «æлхæды» æфхæрд цард. Æгомыг, æнæбарджын хайуаны тухæны атайдзынæн «марадзут-ма»-йæ. Стæй ахуысдзæн мæ чысыл æнæтавгæ хур, æмæ мæ хъуыдыгæнæг дæр нал уыдзæн дыккаг бон», – афтæ мын дзырдтой уыцы стыр сау цæстытæ. Æмæ ме ′муд куы ′рцыдтæн, уæд бамбæрстон, никуы фехъуыстон ирон чызджы æмæ усы заргæ. Уый хыгъд сæ алчидæр хъарæг кæнынмæ æмбисонд, чысылæй амæлæтмæ ирон сылгоймагæн йæ цард дæр хъарæг æмæ йæ зард дæр... Æмæ ма абон дæр уыцы ныфссаст, æнæбон, уазал цæстытæ дзагъырæй лæууынц мæ разы дыууæ хуыст æвзалыйау, æмæ зæрдæ ныккæрзы, алхынцъытæ вæййы куыддæр æнæкæрон æнкъардæй, – бынтон æрмынæг хъæлæсæй бакодта Битар.

Æмбæлттæй алчи йæхи хъуыдытимæ архайæг фæци, æмæ ничи ницы дзуры. Стæй уæд Умар йæ цæстытæ иннæтæм базылдта.

– Сæрæй ницыуал дзурут, Бадæг, æмæ ма æниу цы дзурат, ма сразы ут царды æцæгдзинадыл, царды цалхы саст дæндаг у ирон сылгоймаг.

– Тохы знæты, йæ хъæуты сыгъды фæздæджы фыхти Хуссар Ирыстон 1920 азы, – нæдæр йæ хъæлæс ивгæйæ, нæдæр йæ цæстыты каст æндæрырдæм аздахгæйæ дзуры дарддæр Битар. – Æмæ йыл дардыл, æвæдза, цы дзурон, чи уыди ссæдзæм азы нæ фæллойгæнджыты растады меньшевикты хицауады ныхмæ, уыдон сæ зæрдыл хорз дардзысты уыцы фыдазы æбуалгъ цауты – ды дæр, Умар, æмæ ды дæр, Бадæг, йæ тæккæ цæхæры куы уыдыстут. Бассывтой нæ меньшевикты æфсæдтæ хохрæбынтæм, цæрæгæй, хæцæгæй нæ адæм ахызтысты Цæгатмæ. Иу 35 хæстонимæ нæхи

ӕрфидар кодтам мах нӕ коммӕ схизӕнты хуыры ӕмӕ хъӕдты, самадтам удуӕлдай тох знагимӕ.

Иу бон куы уыди, уӕд кӕсӕм нӕ бадӕнӕй, ӕмӕ нӕм хъӕуӕй рацыди 4 сылгоймаджы – хӕринӕгтӕ нын рахастой, дыууӕйӕн дзы се 'фсымӕртӕ уыди не 'хсӕн. Дисы бафтыдыстӕм, ӕфцӕгӕй ацырдыгӕй хъырттызмӕлӕг куы нал ис Хуссар Ирон адӕмӕй, уӕд куыд февзӕрдысты ацы сылгоймӕгтӕ не 'хсӕн? Арфӕ сын ракодтам, фӕлӕ нын нал акуымдтой. Чындздзон чызджытӕ уыдысты, аив нӕм нӕ касти сӕ лӕуд удрауӕлдайгӕнӕг фӕсивӕды 'хсӕн, фӕлӕ кӕм, айстой фондзӕхстонтӕ ӕд гилдзытӕ ӕмӕ сӕ къӕхтӕ ныццавтой – дзургӕ нӕ кӕнынц, цӕугӕ дӕр нӕ. Загътам нӕхицӕн, уадзӕм сӕ, хӕринаг нын уӕддӕр ифтонг кӕндзысты, зӕгъгӕ. Фыдбылызӕн та раст уыцы сахат дӕлейӕ нӕ ныхмӕ сбырста знаг, ӕмӕ уыимӕ хъуырдухӕны чызджытӕ ӕрбайрох сты. Хӕсты тӕмӕны ма сӕм иу ӕхст фӕкодтон мӕ цӕстытӕ, ӕхсарджын богӕлттау мын ӕхсынц знаджы... Уалынмӕ, фӕстӕмӕ куы ассыдтам знаджы, уӕд бауадтӕн чызджытӕм. Уыдон атыгуыр сты сӕ иу ӕмбалы алфамблай ӕмӕ йӕ бӕттынц, знаджы нӕмыг йӕ цонджы фӕлмӕны ацыд. Кӕсын чызгмӕ. Уый уыди Налхъуытӕ, иу хатт куыройы размӕ хӕрхӕмбӕлд кӕимӕ фӕдӕн. ӕмӕ та мӕм уӕды хаттау иу уысммӕ сзылдта йӕ сау стыр цӕстытӕ-айдӕнтӕ.

Кӕддӕры ӕдзард ӕнгас уыдысты ацы бон дӕр уыцы ӕнахуыр цӕстытӕ. Афтӕ сӕ ӕнӕ фидӕнӕй, ныфссастӕй, цагъаргондӕй зынди хӕххон ирон сылгоймаг раджыйау. Фӕлӕ мӕ ацы хатт дисы бафтыдтой уыдон цахӕмдӕр ӕнкъарӕнӕй, уый уыди ног фӕзынӕг ацы айдӕнты. Цӕвиттон, фыццаг хатт сӕ куы федтон, уӕд сӕ бадти фыдбылызау ӕнӕкӕрон, ӕнӕбауромгӕ, ӕнӕбайсысгӕ рис. Уый уыди ахӕм цӕф, мӕлӕтдзаг цӕф, сычъийы цӕстыты хаттӕй-хатт кӕй ауындӕуы, ӕнӕмбаргӕ рис. Ацы хатт та уыцы рис уыди цыма чызгӕн ӕрӕнкъардгонд рис. Стӕй ма ауыдтон уыцы диссаг цӕстӕнгасы цыдӕр ныфсы ӕмӕ фӕндоны фӕд дӕр. Уый уыди удӕгас адӕймаджы, йӕхи ӕрӕмбаргӕ адӕймаджы удӕгас цӕстӕнгас, фӕлӕ ӕнӕкӕрон уӕззау ӕфхӕрд адӕймаджы цӕстӕнгас. Ахӕм цӕстӕнгасмӕ ӕнӕниз адӕймаг атоны йӕ бӕттӕнтӕ, фӕсонт вӕййы ӕмӕ йӕ къухы фыдтӕм дӕндагӕй фӕлӕбуры. Ахӕм цӕстӕнгас ауынгӕйӕ, адӕймаг цӕттӕ у скӕнын диссаджы митӕ, хъайтарон

ракæндтæ, цæмæй уыцы цæстæнгасы хицауы фервæзын кæна йæ рисæй... Æмæ мæм Налхъуытæ йе скастимæ гæзæмæ йæ мидбылты куы бахудти йæхи рауæлдайгæнæджы бахудтæй, уæд мæ сæрыхъуын арц абадти, æмæ иудзæвгар ницыуал бамбæрстон мæхицæн, уæд мæ фыццаг хатт уыцы цæстæнгас уæнгсаст фæкодта. Ныр дыккаг хатт уыцы цæстæнгас уадау ахуыссын кодта мæ царды рухсы, фæлæ зæрдæ дзыназгæйæ æнкъардта, ныфссаст кæй нæ у. Æмæ æрмæст иунæг хъуыды хуынчъытæ кодта мæ сæры магъз: «Чи зоны, гуыры ног ирон сылгоймаг. Æппæтæй, суанг царды аргъæй йын баххуыс хъæуы райгуырынæн», – бынтон йæ сæр йæ риумæ æрæппæрста Битар.

Чиныджы сыфтæм кæсы Бадæг, фæлæ бæрæг у, чиныджы кæсыны бæсты цæйдæр хъуыдыты кæй афардæг. Умар æмæ Хæлар кæрæдзимæ бакæсынц, дыууæ дæр джихтæ кæнынц, кæцырдæм хæссы йæ ныхас Битар, æмæ сæ сæртæ се уæхсчытæм бакъултæ кæнынц. Битар та уæззау нæмы тамако йæ лулæйы, æртхосы зынг ыл бафтыдта æмæ йæ зæрдиагæй сцъырдта. Бæрæг нæу, исты зæгъинаг ма у æви фæци йæ таурæгъ, æнцад, æнæзмæлгæ у йæ цæсгом. Бадæг йæхицæн ныхасы бафтыд: «Налхъуытæ-иу сæвæрдтой номæн чызгыл, ома ницæмæн хъуыд дæ райгуырд»... Уалынмæ та сыхъуыст Битары хъæлæс.

– Иу хатт ма сæмбæлдтæн Налхъуытæйыл. Уый æрæджы уыдис, хæрз æрæджы, иу азæй фылдæр ыл нæма цæуы. Хъуыддæгты фæдыл фосдарæн артелы сæраппонд æрæфтыдтæн нæхимæ, æмæ мæхицæн бынтон æнæнхъæлæджы аззадтæн ам хъæусоветы сæрдарæй, уæхæдæг дæр æй зонут... О, фæлæ куыд сæмбæлдтæн Налхъуытæйыл æртыккаг хатт, мæ ныхас ууыл у. Цæй, раздæр уал уын зæгъон, чи уыд Налхъуытæ, уый.

Сидзæрæй баззад Налхъуытæ чысылæй йæ мæгуыр æвадаткъух мад æмæ кæстæр æфсымæримæ нæ хъæуы. Йæ фыды хос кæрдгæйæ йæ къах фæсайдта айнæджы фæтæны, фæбырыд, рахауд æмæ ныппырх. Идæдз ус баззад йæ сидзæрты уæлхъус, лæгмæ нал фæцыд. Цард фыдцард уыд сидзæрæй, кургæ къæбæрæй, амæлттæй схъомыл сты, уæдæ цы, афтæмæй ссæдзæм азы хæсты райдианы Налхъуытæйæн йе 'фсымæр фæмард меньшевикты нæмыгæй, йæ мад та уый размæ амард, испайнаг рын кæй хуыдтой, уымæй, æстдæсæм азы...

Нæ хъæуы æмæ нæ комбæсты æстдæсæм азы куы райдыдта кусын

нæ дæласдæрдон партион организаци, уæд кæстæр фæсивæды дæр йæ цæстдарды бын бакодта, афтæмæй Налхъуытæ йе 'фсымæримæ, æмæ ма ноджы се 'мкарæн лæппутæ æмæ чызджытæ сæхи байстой парторганизацимæ, цыдысты æмбырдтæм. Йе 'фсымæр куы фæмарди Налхъуытæйæн, уæд иу цалдæр чызгæмбалимæ сфæнд кодта хæстмæ алидзын. Уый размæ гæрзарæхстыл дæр сахуыр ис йе 'фсымæрæй, иннæ чызджытæ дæр афтæ, суанг-иу нысан æхсыныл дæр сбыцæу сты хуыздæр лæппу-топпæхсджытимæ. Фæлæ Налхъуытæйæн йæ фæнд сæххæст йæ къухы нæма бафтыд, æвæццæгæн æй йе 'мбæлттимæ æфсæрм дæр уыд хъæубæстæй, афтæмæй знаг фæтыхджын, æмæ адæм сæ сæр æфснайынæн Цæгатмæ фæлыгъдысты, цы уыдысты, уымæй. Уæд Налхъуытæ баиу мах къордимæ. Мах къорд дæр, Налхъуытæ куы фæцæф, уæд бирæ нал баурæдта, гилдз нал уыд, æмæ Цæгатмæ ахызтыстæм. Уæдæй фæстæмæ Налхъуытæ цы фæци, уый нал зыдтон, æрмæст, дам, Дзæуджыхъæуы иу скъолайы ахуыр кодта æмæ стæй фæстæмæ æрыздæхт а бæстæм. Кæмдæр иу цъусдуг ахуыргæнæг дæр уыди нæ хъæуы.

О, æмæ Налхъуытæимæ мæ фæстаг сæмбæлдыл дзуринаг уыдтæн. Куы 'рбафтыдтæн нæ хъæумæ, уæд мæ æрвыстой дарæнтæм, сæ фермæ дæр уым уыди хъæуæн. Бацыдтæн дарæнтæм, уæдæ цы уыдаид... Стуртæ райсом хизæй æрыздæхтысты, бригадæ сæ дуцæнæй равдæлди. Диссаг æхсызгондзинад ацахста зæрдæйы, бригад уыди иууылдæр сылгоймæгтæй – чызджытæй, чындзытæй, ас устытæй. Сæрибар – сæ февнæлд, ныфсджын – сæ ахаст, цинимæ – сæ архайд. Сæ разы фермæйы кусæг нæлгоймæгтæ куыддæр аууоны аззадысты, цæсты нал ахадыдтой...

Сабыр бадтæн ныллæг зæлдагджын обауыл... Æрмæст ма мæ фæндыд рахатын, чи у ног фæткæвæрæг ацы сылгоймæгтæн. Афтæмæй мæ хъуыдыты аныгъуылдтæн.

– Уазæг, аипп у, рохуаты кæй аззадтæ, фæлæ аххос дæхирдыгæй ис, цæуылнæ нын равдыстай дæхи æрдæбонсарæй? Де 'мбæлццон нын бамбарын кодта дæ хабар! – æвиппайды ацахстой мæ хъустæ фæлмæн, фæлæ хъæддых, уæндон хъæлæс.

Фестъæлфыдтæн мæ бынаты, уæдæ цы уыдаид, æмæ мæ цæстытæ систон дзурæгмæ. Мæ разы лæууыди худæндзастæй... Налхъуытæ, фермæйы хицау!

Кæддæртау та андæгъдысты ме 'вæндæй мæ цæстытæ Налхъуытæйы стыр сау цæстытыл. Раджыйы æфхæрд, æнæкæрон ныфссастæн дзы сæ кой дæр нал уыд ацы айдæнты. Цыдæр стыр ныфсхаст хуры тынтау нывæзти Налхъуытæйы сыгъдæг ирд цæстытæй рухс æмæ хъармæй йедзагæй... Цыдæр фидардзинад æвдыстой уыдон, цыма дыууæ сырх зынг хъандзал карды агъудтæ сты. Æмæ мæ æмдзастмæ иннæ хæттытау тæфæрфæсгæнæг адæймаджы цæстытау зæхмæ не 'рлыгъдысты, фæлæ уæндонæй, хъæлдзæгæй кастысты мæ цæстытæм ацы æнахуыр цæстытæ... Æз федтон: ног у ацы цæстæнгас, ног – ацы цæстытæ, бынтон ног у ацы сылгоймаг! Æз федтон: нал ис цагъар, æгъдæуттæй æмæ уагæй æнтъыхт, рагон ирон сылгоймаг. Ис æрмæст мæ разы сæрибар æмæ йæ сæрибардзинад æмбарæг ног сылгоймаг. Æмæ ма ноджы федтон, бамбæрстон уый дæр: мæ æрвылбоны куысты æз не 'рхъуыды кодтон, мæ цæстæнгасæй аирвæзт, уый ног царды уавæры кæй сног ис, кæй схъомыл ис ног куысты мидæг ирон сылгоймаг... Уæд мæ фырцины базыртæ систой зæххæй æмæ æнæдзургæйæ, дзурын мæ бон нал баци, зæрдæбынæй нылхъывтон Налхъуытæйы къух.

Æвæццæгæн, Налхъуытæ бамбæрста мæ равг, ме 'нкъарæнтæ, йæ мидбылты та бахудти уыцы диссаджы бахудтæй æмæ дзуаппæн тыхджын алхъывта мæ къух.

– Æз иунæг нæ дæн, Битар, акæс-ма ацы сылгоймæгтæм, – йæ цæстытæй мын амоны чызг-бригадонтæм. – Сбирæ стæм ног Налхъуытæтæ, нæ, нæ! Хъуыдинæтæ, номивд мæ фæкодтой ме 'мбæлттæ. æвæццæгæн, фæнды дæ зонын, куыд æгъдауæй сси ахæм мæнæй уый? Дзурон дын æй, дзурон дын мæ царды фæндаг? Æмæ йæ куы уыныс, дæ цæстыты раз куы ис. Нæ цард дын æй куы дзуры. Цом фермæмæ, хæлар æмбал Битар! – æмæ мын мæ къухыл ахæцыд фермæйы 'рдæм...

– Уый уын ирон хæххон сылгоймаг, – ацы фæстаг ныхæстимæ Битар йæ лулæ иттæг сцъырдта æмæ фæздæджы бын атыхта йæ цæсгом.

– Æмæ... – тæвдæй фæтæррæтт кодта йæ бандонæй Хæлар, фарст нæ фæци, афтæ дуар фегом, æмæ дзы дыууæ сылгоймаджы, хæринæгтæ сæ къухы, афтæмæй æрбахызт.

– Дзæгъæлы уæ фæбадын кодтон, уазджытæ, бахатыр кæнут. Цæй, уæ къухтæ дæр уын райсон. Мæнæ уый та хъазуатон бригадон у, Хъызмыдæ, – æмæ хъæлдзæгæй, уæндонæй æфсин айста уазджыты къухтæ.

– Нæ, дæ хорзæхæй, Битар, уæддæр ма мын зæгъ, – фæци Хæлар, – лæг ис Налхъуытæйæн, лæг? Нæй, æндæр, ау, лæджы худ дæр нал ис йæ сæрыл?..

Бадæг æмæ Умар фæрсæгау бакастысты Битармæ. Æфсин цыдæр ахъуыды кодта, стæй бахудти æмæ фездæхти Хæлары 'рдæм.

– Лæг зæгъыс, уазæг, лæг Налхъуытæйæн? – дæ разы мæ лæг! – ацамыдта Налхъуытæ Битармæ йæ худгæ цæстытæй. Хæлар сагъдау фæци æмæ æфсæрмæй йæ цæстытæ зæххы асагъта.

– Гъы, цы зæгъдзынæ, Умар, райхъал хæххон сылгоймаг æви нæ, цалхы кæлæх ма йæ хоныс æви? – худæндзастæй бакасти Бадæг Умармæ.

– Сылгоймаг райхъал, уый раст у, фæлæ...

– Фæлæ?

– Нæлгоймæгтæй – махæй нырма бирæ нæма райхъал.

Битар æмæ Налхъуытæ сæ мидбылты бахудгæйæ бакастысты кæрæдзимæ.

*1935*

# КЪИБИРТИ АМУРХАН: 75 АЗЫ



# НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

*Уæрæсейы фысджыты цæдисы уæнг Къибирты Амырхан йæ 75 азы юбилейы къæсæрыл æрбахызт сфæлдыстадон хуынтимæ. Фарон (2018 азы) Амырханæн цы прозаикон уацмысты æмбырдгонд рацыд «Мæ удæнцойнæ – Дигоргом», уым чиныгкæсæг базонгæ уыдзæн авторы цымыдисаг радзырдтæ æмæ ног прозаикон тæлмацтимæ. Уæдæ йын рауагъдад «Ир» ацы аз цы æмдзæвгæты чиныг уадзы – «Кæрдæгхуз æстъалутæ», уый дæр æнæбахъаргæ нæ фæуыдзæн поэзи уарзджыты зæрдæтæм. Амырхан у хæдæфсарм æмæ уæздан адæймаг. Удæй сыгъдæг, æнæкъæм чи уа, уый уацмыстæ æнæзæрдæмæдзæугæ никуы уыдзысты, уымæн æмæ йе 'мдзæвгæтæ цæуынц йæ зæрдæйы арфæй, йæ хъуыдытæ сты бæрзонд, йе 'рмдзæф – оригиналон.*

*Къибирты Амырхан йæхи хъары йæ царды, йæ уды æмæ бæрзонд поэзийы куырмæлхынцъытæ райхалыныл, æмæ йын уыцы арфæйаг хъуыддаг æнтысгæ дæр бакæны.*

## ФÆСТАГ САГ

*Кæддæр, дан, Сафири ком (Дигоргом)*
*сæгти бæстæ адтæй.*

Зайуйнаг мадæл саг –
Фур рæсугъд, тæмæссаг, –
Сæууон хори тунтæй
Æскъиттæй æ фунтæй.
Ниуазта дæл-Уаза
Сауæдони уазал.
Хæстæгæй мæлгъи зар
Игъустæй æн' азар.
Хор æ тун ниванста,
Саг е 'донуг саста.
Угæ ба, æцæгæй,
Æ фæсонæрхæгæй

Æнкъардта фидбилиз:
Цауæйнон-ибилис
А хуæнхбæсти зудта.
(Æ фуни ‘й фæууидта…)
Æ зæрдæ ‘й нæ сайуй, –
Далæ коми ссæуй…
– Ах, фецæг æй мæ фун, –
Исæфун, исæфун !..
Сæр бæрзонд фæххаста, –
Æгудзæг ниууаста –
Ма, цума, и риндзæй,
Ниццагъдæй уадиндзæй,
Гъе уотæ зæрдунгæг,
Æнахур æрхунæг,
Таси уаст-сурх тæппал,
Æсхъиудтæй хуæнхтæбæл…
Нийиазæлдæй гæрах, –
Ниттог æй хонхи рагъ.
Арв бацæй синти сау.
Фудуаци фæдесау,
Гъарæнгау азæлдæй
Саги уаст изæлттæй.

## ЦÆРÆН

Гъай-гъай, зæнхæй ан боз, –
Зæнхæй есæн хуарзæнхæ.
Фал арв ку не ‘рдæтта нин рохс, –
Баймир уодзæнæй зæнхæ.

Гъо,арв ниппурхæ кæнуй тар, –
Нæййес фæткæн фехалæн.
Арв нæ ку ‘рдзæхст кæнуй, уæддæр
Нæ зæнхæмæ фетхалæн.

Нæхе уæларвбæл фæдзæхсæн,
Бæллæн ин æ хуæрзтæмæ.
Хъурмæй зæнхæмæ никкæсæн,
Нæ цийни – уæлæрвтæмæ…

Ци уа нæ уодти рохс тæлæн
Нæ цæруни тухуасти.
Еу каст зæнхæмæ куд кæнæн,
Уæларвмæ – сæдæ касти.

## МУЛДЗУГУТÆ

*Мулдзугæн е ‘сæфт ку æрцæуй,*
*уæд ибæл базуртæ æрзайуй.*
*Æмбесонд*

Арв мегъæй нæ ниттар æй, –
Базургин мулдзугутæй
Сæумигон, сæумисарæй
Басау æй, нидздзугуртæ ‘й.

Сæ цæрæн, дзæнæт уогæй,
Мулдзгутæн исæнадæ ‘й.
Куддæр син исунгæг æй,
Исхъуæддзуд, исæнод æй.

Сæ сæргой цъеувæдеси
Кæмидæр нигъулунцæ.
Сæ мади гъар гъæбеси
Кæд сæхе æнгъæлунцæ…

– Ха-ха-ха: дæлæ Зæнхæ
Ци фур минкъий планетæ ‘й!
Неци æй æ хуарзæнхæ, –
Хъоди ибæл кæнетæ.

– Гъо, иссæй уин æнадæ
Нæ боц Зæнхæ-æрхæнтæ!
Æмбохдзæй æрвон уадæ, –
Кæндзæнæй уæ пурхæнтæ.

Ами уæ арви тарти
Исафдзæй уæ гъæла зунд.
Имисдзйайтæ уе 'нкъарди,
Зæнхон цард æнæ азум.

***

Кафтонцæ, кафтонцæ
Цæкутæ табаййи, –
Пецбæл пеллон артмæ урццæй.
Хаудтæнцæ хæпполти
Уодхар, цæкугæнгæй.
Кафтонцæ кæугæй хæкъурццæй.
Нурма нæ тар кодта
И зинг æртхотугæй,
Гъазта сæбæл арт итингæй.
Кафгæй æнæбари, –
Табаййæн æ къумти
Сæхе римахстонцæ зингæй.
Цудæнцæ уодæнсгæ
И арти æвзæгтæ, –
Сæ кафт и цæкутæн фæцæй…
Уотæ лæг æ царди
Цæуй цæкугæнгæ, –
Зæнхон цирен артмæ фицуй.

## КУДТÆНЦÆ КУРÆНТТÆ

Æрæги мæ фуни
Уидтон нæ донгæнттæ
Фæстугъд. Мети буни
Ниццæнцæ курæнттæ.

Унæргъгæ зилдæнцæ,
Толгæй урунгадæ.
Курæнтти сзиндтæнцæ
Тæнуод цъилингатæ.
Сугдзаст седзæргæстæ
Инстонцæ сæ хуартæ,
Инстонцæ суггатæ,
Инстонцæ сæ хæртæ.
Уæздан хуæрзæздæхтæн,
Зæрдрист дзæгъæйлæгтæн
Тугъдæй æнæ ‘здæхгæ
Фæцæнцæ сæ лæгтæ.
Сæ зин, зæрдæресгæй,
Срæхсбиттæй сæ хъурмæ.
Æма, æдзæстхезæй,
Курæнтти унæрмæ
Ах-хæй никкудтæнцæ
Æхсæви сау тари.
Гъарæнгæ кодтонцæ
И сæдæ саудари.
Ами хебæраги
Сæ лæгти ймистонцæ.
Мæстæй фуддæрадæн,
Гитлери ‘лгъистонцæ.
Кæун æригъосгæй,
И гъæу æнгъалдтонцæ –
Уоститæ нæ, фалæ
Курæнттæ кæунцæ.
Кудтæнцæ курæнттæ,
Кодтонцæ гъарæнгæ.
Сæ кудтмæ бурæнттæ
Кодта ехарæнгæ.
Кудтæнцæ гъæубæстæ,
Уогæй мæгурбони.
Ниудта цъундæдзæстæй
Стонг куй дæр куйдони.

Нæ зинтæ, нæ незтæ
Инстæнцæ куройни.
Гудуни къæрестæ
Нилхъивтон мæ реуи.

***

Ку нæ адтæй æппун
Мæ дзурдæн ахæссæн,
Мæ цъухæн бадæмæн.
Дзурд архъан нæ уарзта, –
Арви тарти гъазта.

Бакодтон,бакодтон
Мæ дзурдбæл фæсахсæн,
Мæ цъухбæл хъадама, –
Никкипу æй, нивзуд
Архъан бастæй мæ дзурд.

## БЕРÆГЪИ БÆДОЛÆ

*Абхазаг финсæг Ахуба Джумамæ гæсгæ*

Адтæн берæгъи цъæх къæбус.
Гъæдæй гъæумæ мæ лæг хаста
Гъæбæрт хурдзини æ дæлмус.
Цийнæ кодта ма ми гъазта.

Ниудта мæ мадæ мæ фæсте, –
Курдта бæдоли æ кæун.
Лæгæн уой неун, æ хъес-хъес
Адтæй, кæд, æма æхцæуæн.

Кодтон æ тургъи дæлалæй.
Киндæй æгас гъæуи мæ кой.
Мæнæй, берæгъи бæдолæй,
Кодта туххæйти тургъи куй.

И лæг – налат, хизта рæстæг, –
Бæрæг кæнидæ мæ ахидт.
Хуæрдæн хæссидæ мин æстæг,
Фиди фæзгъæртæ – сурх-сурхид.

Хуардтон мæ къæн-къунтæ; бухстæн…
Зилдтæн еувæрсти æ хунæй.
Уæддæр фæстагмæ æрсастæн, –
Лæг мæ балхæдта губунæй.

Ниддæн æсмаг куйдони баст.
Хорх мæ кæнуй рæхис-æфсæн.
Мæ зæрдæ – саст, мæ хъур – æлваст.
Цæрун мæ сон æзнæгти ‘хсæн.

Хецау æрбахезуй дуарæй,
Ниууй цийной, дауй мæ гъун.
Æ сурх цæститæй тог гъаруй.
Уинун дукъахуг сирд – лæгун

Мæнæ гъæдæмæ фæццæуæн, –
Æнцæ æ «марæнтæ» е ‘ккой.
Кæнæн æхсæвигон цæуæн.
Лæгæн фæуун æз æмбалкуй.

Зæгъуй: ниннеуæ, – ниннеун.
(Мадта ма бакæнай æ загъд!)
Цæуй мæ неунмæ хеуон, –
И лæг кæнуй сæ гагадзагъд.

Ковæ нæ зæнхæ – дарæгæн,
Уæлæ арви тæхæг цæргæс.
Æз ба мæ фиди марæгæн,
Уæууау, цæмæ сдæн къæсæргæс!

Æнцæ мæ цæргæ бæнттæ тар,
Æз дæн берæгътæн сæ фуддæр.
Уогæ цæй берæгъ – хевидхуар,
Куй ба не ‘суодзæн некæддæр!

***

Сæу-æртæхи
Цъæх зæлдæбæл æфсæрун.
Сæуми цъæхи
Цъæх цæститæбæл зарун.
Мæ сонт зармæ
Зарæг мæлгъæ æргъос æй.
Кæмæн зарун?
Нæ мæмæ ес игъосæг!
Цæмæн кæнун
Мæ фур сонтæй гъæла гъазт.
Маке кæна
Мæн дессагæн гъæла уарзт.

***

Уингæ-уингæ
Хор хуæнхтæбæл рахустæй, –
Тар-талингæ
Мæ къæхтæбæл ратухстæй.
Таруг мегъæ
Мæ цæстити бакалдæй.
Цидæр ехæн, –
Бони радæ батадæй.
Разиндтæй-ра,
Идзаг мæйæ – уазал хор.
Разилдæй-ра
Мæ зæрдæбæл уæззау дор.

# ТАУТИАТЫ СОЛÆМАН: 110 АЗЫ



**(1909 – 1946)**

*ХУЫГАТЫ Геор*

# ÆЦÆГ АДÆМОН АРТИСТ

Ирон театры цыдис спектакль «Къоста» Нигер æмæ Епхиты Тæтæрийы фыст пьесæмæ гæсгæ. Æмæ йæ цал хатты æвдыстой, æз дæр æм уал хатты цыдтæн. Цыдтæн, æмæ-иу иннæ «Къоста»-мæ æнхъæлмæ кæсын бирæ куы хъуыд, уæд-иу тыхстæн, нымадтон бонтæ, кæд æрхæццæ уыдзæн уыцы изæр, кæд та схиздзынæн ирон театры балкъонмæ æмæ кæд зæгъдзысты: «Къоста æрбацæуы, æрбацæуы Къоста», æмæ Таутиаты Солæман Къостайы ролы куы фæзына, уæд та кæд сыстдзынæн мæ бынатæй, кæд та ахгæндзæни мæ хъуыр цæссыгтæй, стæй кæд бамыр уыдзынæн æнæхъæн æртæ сахаты дæргъы, кæд уыдзæни мæ уд æндæр, бынтон æндæр, æндæр кæмдæр?..

Фыццаг бонты цыдыстæм къласы лæппутæ иумæ, стæй нæ нымæц къаддæрæй къаддæр кодта, æмæ мæнæ ныр цæуын иунæгæй. Цæуын Ногирæй, мæйдар æхсæв уа, къæвда, уæддæр цæуын, æмæ мыл алы хатт дæр, æхсæв йæ тæккæ тарфы куы бацæуы, уæд нæ кæрты фыццаг нæ къæбыла бахъыс-хъыс кæны, нырмæ кæм уыдтæ, зæгъгæ, стæй мæ мад сысты йæ бынатæй (кæддæриддæр ме 'рцыдмæ кæрты зæронд къуыдырыл фæбады) æмæ фæзæгъы:

– Уым та уыдтæ?

Æз ницы фæзæгъын. Æниу цы зæгъон мæ мадæн? Куыд ын æй бамбарын кæнон, абон ирон театры «Къоста» кæй æвдыстой æмæ Къостайы ролы Солæман кæй хъазыди? Нæ, ахсæв нæ, искуы йын æй зæгъдзынæн... Искуы, искуы... Ныр та... агуывзæйы та мын æхсыр ныуагъта мæ мад нартхоры кæрдзыны састимæ... Мæ зæрдæ сæ нæ исы, фæлæ куыд бацæуон мæ мады хъыджы, адæм дыккаг фынтæ уынынц, уый та кæрты бады, бады, йæ къæбыла йæ фарсмæ, афтæмæй, æмæ йæ къулбадæг фырты фæзындмæ кæсы æнхъæлмæ, æхсыр ахуыппытæ кодтон æмæ хуыссæнмæ... Хуыссæнмæ! Фæлæ хуыссæг хæстæг нæ цæуы. Цæстытыл уайы спектакль, æнцой мын нæ дæттынц.

Скъолайы нын ирон æвзаг æмæ литературæйæ ахуыргæнæг уыд Сланты Граф. Уый нын бауагъта нæ зæрдæты æгæрон уарзт Къостайы

сфæлдыстадмæ, уæвгæ, уый дæр, чи зоны, раст нæ зæгъын. Къостайы сфæлдыстад ирон лæгæй чи нæ уарзы, фæлæ скъолайы фæлтæрæн сæ цæстытæ фыссæджы сфæлдыстадмæ ахуыргæнæг куыд байгом кæна, афтæ ничи. Стæй нæ театрмæ цæуын дæр чи фæцалх кодта? Нæ ахуыргæнæг. Цал æмæ нæ цал хатты бакодта спектаклытæм, стæй нын билеттæ фылдæр йæхæдæг æлхæдта.

Æмæ Къоста чи уыд æмæ чи у, уый алчидæр зоны, фæлæ нын Таутиаты Солæман та цы бакуыста? Нæ удтæ нын иннæрдæм куыд рафæлдæхта? Сценæйы æцæг Къоста кæм вæййы, кæнæ æцæг Солæман? Чи сæ кæцы у? Кæм баиу сты? Кæрæдзийæ сæ куынæуал дих кæнынц. Æвæдза, худæг та куыннæ у адæймаг скъоладзауы кары. Фыццаг изæр куы бацыдыстæм, нæ къласы лæппутæ, спектаклмæ, уæд нæ фыццаг фарст кæрæдзимæ цы уыди, æнхъæлут?

Кæрæдзи фарстам: цымæ йæхи хуызæн уыдзæн Къоста? Æмæ йæхи хуызæн куы разынди, уæд нæ цинæн кæрон нал уыд: нымæтæй, цухъхъайæ, худæй! Ноджы ма йæ къухы – лæдзæг, бæрæг уыд: Нармæ фистæгæй цыди. Уæдæ йæ зачъетæ, йæ рихитæ. Бакæс æм, уæд Къоста æмæ Къоста! Цымæ йын цы зыдтам, Къоста царды цы хуызæн уыди, уымæн?! Зыдтам æй къамтæм, чингуытæм гæсгæ.

Æвæццæгæн нæ алчидæр Къостайы сурæт йæ хъуыдыты, йæ зæрдæйы йæхирдыгонау сныв кæны, фæлæ нын æй Солæман куыд сныв кодта, ууыл афтæ тынг баууæндыдыстæм, æмæ йын зæгъæн дæр нæй.

Иу заман сценæйы иунæгæй аззади æмæ райдыдта æмдзæвгæ кæсын:

*Дзæгъæл мæ ныууагъта мæ фыд,*
*Нæ зонын мæ мады рæвдыд,*
*Нæ бæстæй фæхицæн дæн сонтæй.*
*Кæмдæрты æнæсæронæй,*
*Æдыхæй, æцæгæлонæй*
*Мæ уалдзæг æрвыстон фыдбонтæй...*

Залы бадæг адæмæн сæ цæстысыг, æцæгдæр, донау мызти, æмæ дзы алкæй зæрдæ фырцинæй рызти.

Цымæ дзы кæуыл фылдæр рызти зæрдæ? Къостайыл æви Солæманыл? Уæвгæ ма сæ чи æвзæрста, Къоста дзы кæцы у æмæ

дзы Солæман кæцы у? Уалынмæ та Солæман-Къоста гыццыл сывæллæттимæ хъулæй хъазыныл куы сбæндæн уаид. Худти, кæлкæл кодта йæ зæлланггæнаг хъæлæсæй. Фестади саби, ферох дзы ис, номдзыд поэт кæй у! Чысыл раздæр нæ цæстысыг сæрфтам, ныр хъæлдзæгæй худæм мах дæр.

Бæлвырд у, ис артистмæ цыдæр ахæм тых æмæ нæ хъазы, куыд æй фæнды, афтæ. Æндæр та мæнæ инæлар Кахановы кабинетмæ куы бацыди, уæд мах, залы адæм, цæмæн ныхъхъус стæм? (Кахановы ролы – Цæлыккаты Мæирбег). Улæфгæ дæр куынæуал кæнæм. Цы цæстытæй кæсы Къоста инæлармæ! Инæлар æмæ поэт æрлæууыдысты ныхæйныхмæ. Дыууæ тыхджын лæджы, дыууæ зондахасты! Сæ быцæуы раз цы у дыууæ богалы хъæбысхæст! Ацы быцæу – бирæ тыхджындæр. Æмæ кæд мах æрдæбон худгæ кодтам, уæд ныр бадæм хъисфæндыры тæнау нуарæлвæстæй, стæй æмдзæгъд кæнæм Къостайæн, уымæн æмæ рæстдзинад уый фарс разынди.

Иу ныв ивы иннæйы. Мæнæ Варварæ Шредерсы хæдзар. Бирæ зындгонд адæм дзы уыди. Иры куырыхон лæгтæ Байаты Гаппо, Хоранты Созырыхъо, Къостайы æрдхорд Дзанайты Садул. Ныхас цыдис адæмы хъысмæтыл. Æвæццæгæн, пьесæйы автортæ Иван æмæ Тæтæри уыцы пьесæ абон куы фыстаиккой, уæд Къоста æмæ Гаппойы æхсæн ахастытæ æндæрхуызон ныффыстаиккой, фæлæ уæд... Уæд Къоста Гаппомæ нæ дардта хорз зæрдæ. Æмæ уый нæдæр Къостайы аххос уыд, нæдæр Солæманы. Чысыл фæстæдæр дзы уыд тынг цардæгас сценæ.

Фысымты чызг уазджытæн кæсы Къостайы æмдзæвгæ уырыссагау фыст. Чызг (хъазыди йæ Икъаты Серафин) æфсæрмы кодта æмдзæвгæйы авторæй, стыхсти. Касти «Памяти П.И.Чайковского» æмæ, фæстаг рæнхъытæм куы æрхæццæ, уæд фæкъуыхцы, йæ цæсгом йæ дыууæ къухæй амбæхста. Къоста йæм сабыр бадзырдта: «Когда печаль свою...» Серафины цæсгом æваст барухс, йæ тыхтæ æрбамбырд кодта æмæ дзырдта:

*Когда печаль свою он глубоко сознает*
*И вещие слова поэта он поймет:*
*«Пусть арфа сломана – аккорд еще рыдает...*
*Не говорите мне: он умер, – он живет!»*

Æмдзæгъд кодтой чызгæн, Къоста йын загъта бузныг, фæлæ поэты цæсгомыл бакæсæн уыд æндæр хъуыдытæ. Иуæй йын æхсызгон уыд, йе 'мдзæвгæтæ йын адæм кæй кæсынц, уый, иннæмæй та цыма Чайковскийы хъысмæтыл ногæй арф ныхъхъуыды кодта, уырыссаг аивад цы стыр адæймагæй фæцух, уый та йæм цыма ногæй бахъардта. Æвæдза, уый диссаг вæййы, актер сценæйы йæ хъуыдытæ кæронмæ куы нæ фæзæгъы æмæ ма йæм залы бадæг адæм куы фенхъæлмæ кæсынц, цы зæгъинаг ма у, зæгъгæ.

Солæманмæ хъусгæйæ-иу адæймагмæ афтæ касти, цыма йæм цы хъуыдытæ ис, уыдонæн сæ дæсæм хайæ фылдæр æргом нæ дзуры, зæгъинæгтæ ма йæм бирæ, тынг бирæ кæй ис, уый бæрæг вæййы. Æвæццæгæн, йæ аивады тых дæр уый мидæг уыд.

Солæман Къостайы сурæт куы сарæзта, уæд цыппар азы йеддæмæ нæма куыста театры. Ахæм цыбыр рæстæгмæ рæстæмбис курдиаты хицау актер Солæманы курдиаты бæрзæндтæм не схызтаид. Æндæр, Солæман сценæйы цы фæзæгъы, уый залы бадæгæн йе уæнгты иннæрдæм цæмæн ахизы? Уый, мыййаг, æрмæст Къостайы ролы уыди? Йæ рольтæм ма йын акæсæм.

Къостайы размæ йæ рольты хуыздæртæй иу – Хазби. Фыццаджыдæр æм сценæйы уæлдай змæлд, уæлдай ныхас нæ уыд. Тынг хиуылхæцгæ. Тынг, тынг! Стæй йæм цас уæздандзинад уыди йæ алы ныхасы, йæ алы фæзылды! Хъобаны хистæртæ йын ныхасы бар куы радтой, уæд фыццаг фæдис кодта, ома мæн цæмæн равзæрстой хистæртæ, мæ фарсмæ ис æндæр кæстæртæ дæр, стæй кæд хистæртæн бузныджы ныхæстæ нæ загъта, уæддæр бæрæг уыди, кæй сæ фæбузныг, уый, æмæ Абхазы æфсады минæваримæ загъд нæ кодта, йæ мондæгтæ, йе 'нкъарæнтæ кæмдæр мидæгæй арф бамбæхста, цæмæй комкоммæ лæджы сæрыстыр ном ма худинаг кæной.

Йæ ныхас уыд дæрзæг, фæлæ нывыл, æлхъывд æмæ комкоммæ зæрдæйы хызт. Йæ ныхас кæимæ уыди, уыдон сæ мидбынат цæкуыйау къæйыл кафæгау кодтой. Хазби та (ома Солæман) йæ мидбынат лæууыд æмæ-иу хатт йæ галиу къух йæ сины сæрмæ тымбылæй авæрдта.

Мæ ныхас Къостайыл уыд, афтæмæй æндæр цæхæрадонмæ бахызтæн... Куы йæ загътон, Къостайы цал хатты æвдыстой, уал хатты театрмæ цыдтæн æмæ дзы иу диссаг раиртæстон: алы хатт

дæр Солæман æмхуызон нæ хъазыд. Æдзух-иу æм цыдæр ивддзинад разынд, цыдæр ног фæзилæнтæ. Фыццаг бонты сæ не ’рхъуыды кодтон, фæлæ сæ фæстагмæ хатын байдыдтон. Æмæ, æцæг. афтæ вæййы, театр кино нæу. Кинойы цы сисынц, уым мисхал ивддзинадæн уæвæн нал ис, уый мæнæ дæ къам куыд сисай, афтæ у. Театр та удæгас аивад у, æмæ актерæн иу изæр йæ мидахаст иу вæййы, иннæ изæр та – æндæр. Кæм ын йæ партнер фаг ахъаз нæ кæны, кæм та йæхæдæг нæ вæййы йæ чемы.

В.Белинский хуымæтæджы нæ фыста номдзыд уырыссаг артист Мочаловæй, зæгъгæ, иу изæр йæ аивад уыдис, æмбал кæмæн нæй, ахæм, æмæ уыцы изæр Мочалов вæййы гениалон актер, иннæ изæр та-иу уыцы роль афтæ æвзæр хъазыди, æмæ йæм адæймаг кæсын нæ фæрæзта. Солæман, кæсæн æм куыд нæ уа, афтæ æвзæр рольтæ никуы хъазыди, кæддæриддæр адæймаджы зæрдæ агайдта, алы спектаклы дæр-иу ног фæрæзтæ агуырдта æмæ сæ ардта.

Фæлæ... Солæман куы фæрынчын, уæззау низ ын йæ хъарутæ сæттын куы байдыдта, уæд йæ фæндтæ æмæ йæ фадæттæ йæ коммæ нал кастысты. Уый фæбæрæг, Æфхæрдты Хæсанæйы ролы куы хъазыди, уæд. «Куы хъазыди». Ныффидар ацы термин ирон театры царды, сахуыр ыл стæм æмæ йын быхсæм, æндæр куыд ис, Таутиаты Солæманы аивадыл дзургæйæ, афтæ зæгъæн: «Хъазыди?» Уый «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы цы тыхтæ хардз кодта, уыцы фæлгонцы цы арф трагедийы гуылфæнты аныгъуылд, уым «хъазыди» зæгъын тæригъæд у актеры аивад, стæй Хуыцауы раз дæр. Йæ фыццаг фæзынд афтæ цардхъæлдзæг, цардбæркад уыди, йе ′рыгон уæнгтæ афтæ æвæллад уыдысты, æмæ-иу Кокойты Тæтæрхъаны цардæфсæст тæмæнтæкалгæ музыкæмæ, йе уæхскыл сычъийы мард, афтæмæй къæдзæхтыл гæппытæгæнгæ куы фæзынди Хæсанæ-Солæман, уæд ма лæг хуыздæр цæмæ бакастаид! Йæ зæрдæйы, йе ′рыгон æнæфхæрд уды æнхъæвзта цард, хæххон суадонау дзы абухта. Йæ цæстытæ уæларвон стъалытау æрттывтой. Фæлæ йын уый бирæ нæ ахаста, йæ мад Госæма лæгæтæй куы рахызт æмæ йын куы рахабар кодта, чысыл раздæр ам Хъуыдайнат кæй уыди æмæ йæ кæй бафхæрдта, сæ Сафайы рæхыс сын кæй ахаста, уæд Хæсанæ-Солæманы цæсгомыл æндæр цыдæр сау тæлмытæ ауади. Ноджы ма йын йæ мад йæ бирæ азты сусæгдзинад куы раргом кодта, йæ фыды марæг Хъуыдайнат кæй уыд, уал азы йæ чысыл

саби Хæсанæйы ацы лæгæты Хъуыдайнатæй кæй æмбæхста, уыцы сау хабæрттæ йын иууыл йæ цæстыты раз хуртуанау куы райтыдта, уæд Солæманмæ кæсын театрдзаутæ куыд фæрæзтой, куыд?

Актер ницы дзырдта, æрмæстдæр хъуыста йæ мады ныхæстæм, хъуыста сæм, æмæ мады ныхæстæ цыргъ фатау йæ зæрдæйыл куыд æмбæлдысты, йæ зонд йæ коммæ куыд нал касти, фæлæ йæ тыхст æмæ йæ зæрдæйы мастæн куыд фæрæзта, уый бæрæг уыди актеры цæстæнгасыл, йе уæнгты уæззау алы фæзындыл. Сценæйæн йæ тæккæ кульминаци та уыд, Госæма йæ лæппуйæн йæ фыд Солæманы дарæс æмæ хæцæнгæрзтæ куы рахаста æмæ йын афтæ куы загъта, дæ мады æхсыр дын марг фестæд, дæ фыд Солæманы туг куынæ райсай, уæд!

Хæсанæ скодта йæ фыды дарæс, райста йæ фыды хæцæнгæрзтæ æмæ тугисæг фæцыди Хъуыдайнаты хæдзармæ. Фæцыдис, æмæ йæ фыддæр знаджы кæртмæ йæ къах куы бавæрдта, уæд дзы Хъуыдайнаты бæсты баййæфта йæ чызг Ханбечеры. Федта йæ, йæ лæджы кары чи бацыд, йæ фыды тугисæг чи 'рбацыд, уыцы Хæсанæ Хъуыдайнаты рæсугъд Ханбечеры æмæ йæ бауарзта, мæнæ Шекспиры Ромео Джульеттæйы йæ фыццаг фендæй куыд бауарзта, афтæ. Куыд хъуамæ райгуыра Хæсанæйы мæстæлгъæд зæрдæйы уарзондзинад йе знаджы чызгмæ?! Уый æбуалгъ у, бауурæндæн кæуыл нæй, ахæм хабар! Фæлæ цард суанг канд мастæй нæ, мæлæтæй дæр тыхджындæр вæййы.

Солæман уыцы æгæрон уарзондзинады райгуырд афтæ равдыста, æмæ йæм аипп æрхæссæн ничердыгæй уыди.

Ам ма уыди иу æмбисонды сценæ. Хæсанæ йæ туджджын Хъуыдайнаты нæма федта. Чызджы федта, æмæ йыл йæ уарзондзинад фæтых. Уый фæстæ фембæлд чызджы фыдимæ, йæ фыды туг кæмæй райстаид, уыимæ. Куыд фембæлдзысты? Цы кæндзæни Хæсанæ? Куыд дзурдзæни йæ туджджынимæ? Æнхъæлмæ кæсын нæ бирæ нæ бахъуыди. Сæ ныхас цыди бынтон æндæр хабæрттыл, æцæг диссаг та уый уыд, æмæ Хæсанæ уыцы сахат цæуылтыл хъуыды кодта, йæ зæрдæйы цы уыд, йæ зонд æмæ йæ уд уым, мидæгæй цы стыр тохы бацыдысты, уый уыди диссаг!

Ахæм сценæйы рабæрæг вæййы актеры дæсныдзинад. Залы бадджыты æрдынæлвæстæй ахæм актер фæдары...

Уæдæ ма дзы йæ репертуары Амырхан дæр уыди Туаты Дауыты «Сидзæргæс»-ы. Бынтон æнæнхъæлæджы роль Солæманæн. Куыдзы тугæй æхсад кæй фæхонынц, ахæм лæг, йæ хъæздыгдзинадыл йæ цæсгом æмæ йæ уд чи ауæй кодта, ахæм лæг. Театрдзаутæй никæй уырныдта, Солæманы хуызæн сыгъдæгзæрдæ актер ахæм æнаккаджы сурæт сараздзæни, уый. Фæлæ нæ бауырныдта! Сарæзта йæ! Æхсæвыгон йæ чъизи фæндтимæ йæ идæдз чындзмæ куы ′рбацыди, уæд залы бадджыты «цъыкк-цъыккæн» кæрон нал уыди.

Ацы ролы фæстæ театры режиссерты бауырныдта, ацы актеры авналæнтæ тынг парахат кæй сты æмæ, «сыгъдæг герой» кæй фæхонынц, йæ курдиат уымæй бирæ вазыгджындæр кæй у...

Классикæйы бирæ арфдæр фыст фæлгонцтæ вæййы. Æмæ уæд та Солæман куыд хатыдта йæхи? Ацы фарстæн цыбыр дзуапп куы дæттæм, уæд зæгъдзыстæм: раст фурды тъепа куыд фæхаты йæхи, уый дæр афтæ. Уымæн æвдисæн сты цалдæр куысты, фæлæ дзы зæгъæм æрмæст А.Пушкины Дон Гуан («Дурын уазæг») æмæ А.Островскийы Незнамов («Æнæ аххосæй аххосджынтæ»).

Ирон адæм фыдæй-фыртмæ цыдысты тохы фæндæгтыл, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ хъæбатырдзинад æвдыстой хæстыты æмæ ныббырстыты, æмæ сæм кæд сæ истори сæхи æвзагыл гæххæттыл фыстæй нæ баззад, уæддæр сæм уыди, дзыхæй-дзыхмæ кæй истой, уыцы таурæгътæ, зарджытæ, аргъæуттæ, стæй хъæздыг эпос – Нарты кадджытæ.

Æмæ фыццаг ирон профессионалон театр куы байгом, уæд адæмон сфæлдыстады уарзон хъайтартæ сценæмæ кæй рацыдысты, уый раст хъуыды уыди (Нарты Батырадз, Æфхæрдты Хæсанæ, Бæтæйы фырттæ æмæ а.д.) Ахæм хъайтартæн та хъуыдис романтикон актертæ. Хъуыдис, æмæ ахæм актер æппæты фыццаг разындис Солæман.

Фæстæдæр йæ ахсджиагдæр куыстытæ: Хазби, Хæсанæ, Олеко Дундич, Павел Греков, се ′ппæт дæр уыдысты романтикон жанры гуырд фæлгонцтæ, амæй-ай хуыздæр æмæ тыхджындæр. Иу зымæгон рæстæг Мæскуыйæ ссыд æртæ зындгонд лæджы, театралон критиктæ, æмæ ирон театры федтой цалдæр спектаклы, уыдонимæ «Олеко Дундич» дæр, граждайнаг хæсты хъæбатыр. Ацы пьесæ уæд бирæ горæтты æвæрдтой.

***(Кæрон 81 фарсыл)***

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг Саулаты Барисы фырт Сергей нывкæнынады аивады алы жанрты дæр кусы æнтыстджынæй. Йæ конд нывтæй алкæцы дæр у хицæн истори. Ирд ахорæнты змæстыты цы экспрессион нывтæ райгуыры, уыдоны æвæрд ис арф хъуыды, æнцонæй ссарынц фæндаг аивадуарзджыты зæрдæтæм. Йæ алы уацмысы дæр бæрæг дары нывгæнæджы уарзондзинад йæ Нанамæ, уынджы тезгъогæнджытæм, æрдзмæ, Райгуырæн бæстæмæ, сылгоймагмæ.*

*Сергей райгуырд Дзæуджыхъæуы 1967 азы. Каст фæци ЦИПУ-йы аивæдты факультеты нывкæнынады хайад. Кусы Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл Нывкæнынады училищейы.*



**Премьерæ**



**Фатимæйы портрет**



Алхимик



Бæгъатыр æмæ галуан



Тезгъо кæнгæйæ



Венеци



Контрабасыл цæгъдджытæ сæ бæрæгбоны



Быцæу



**Чызг апельсинтимæ**



**Натюрморт**



**Виолончелыл цæгъдæг**



Рудзынджы цур



Зымæгон парчы


Рагуалдзæг


Æвзæр хъалагъур


**Рагон Флоренци**


**Абухгæ цæугæдон**



**Фæндаджы сæрты ахизæн**



**Лодкæйы**



**Сылгоймаг æмæ куыдз**

Мæскуыйы нæ горæтаг Евгени Вахтанговы номыл театры Дундичы ролы хъазыд Рубен Симонов, зындгонд актер æмæ режиссер. Нæ уазджытæ ирон спектакль куы федтой, уæд сæм ныхас рауади, æмæ ахаста суанг боныцъæхтæм. Критиктæ стыр диссагæн хастой Таутиаты Солæманы дæсны хъазт æмæ æргом дзырдтой, ацы ролы кæй федтой хъазгæ бирæ театрты зынгæ актерты, суанг Мæскуыйы Р.Симоновы дæр, фæлæ Солæманы сфæлдыст фæлгонцæн сæ иуимæ дæр абарæн нæй, Солæман тынг стыр курдиаты хицау кæй у æмæ ахæм романтикон актертæ Уæрæсейы кæй нал ис. Барстой йæ, номдзыд уырыссаг критик В.Белинский йæ бирæ чингуыты Хуыцаумæ кæй систа, уыцы Мочаловимæ.

Æвæццæгæн, æндæр актерæй афтæ куы æппæлыдаиккой, уæд йæхицæй ныббузныг уыдаид, Солæман та сæм хъуыста, æмæ йын æхсызгон куыннæ уыди, фæлæ-иу йе ′мбæлттæм сусæгæй æрбадзырдта: «Сæ ныхасæн кæрон куы скæниккой, хуыссæг мæ æрцахста». Æмæ уый канд уыцы æхсæв нæ уыди. Йæ хорзы коймæ-иу йæхицæн бынат нал ардта, йæ мидбынаты-иу раздыхс-баздыхс байдыдта.

Афтæ уыд, Незнамовы роль куы ахъазыд, уæд дæр. А.Островский, номдзыд уырыссаг драматург, фыста, цард куыд уыдис, афтæ: дæрзæг, фыд-зыкъуыр, гæлир æмæ фыдхъуынæй. Романтикæмæ хæстæг нæ лæууыди. Уæдæ «Æнæ аххосæй аххосджынты» дæр романтикæйы тæфаг нæй. Фæлæ Незнамовы ролы Солæман ахæм фæзилæнтæ ссардта, æмæ йæ хъайтарыл зæххæй уæлæмæ схæцыди, романтикæйы комытæф ын бауагъта йæ уды. Ома йын йæ психологон бындур фæрогдæр кодта. Уæлдайдæр фæстаг сценæйы, йæ мады темæмæ куы рахызти, йæ сонты бонты зындзинæдтыл йæ монолог куы касти, уæд. Уæд æз театры ног кусæг уыдтæн æмæ ацы спектаклы хъазыдтæн Миловзоровы ролы. Автор æмæ режиссеры амындмæ гæсгæ ацы бынаты Миловзоров хъуамæ Незнамовмæ тигъцæстæй кæса, уый йе знаг у, уымæн æмæ курдиатджын у, йæхæдæг та, ома Миловзоров, бынтон рæстæмбис, дам-думтæхæссæг. Гъемæ ацы ран Незнамовы ныхмæ хъуамæ лæууа, уый та йын хъуыста йæ монологмæ, æмæ йæ уадултыл йæ цæссыг дæлæмæ уади.

Иуахæмы мæм режиссер Фотиев æрбауад сценæмæ æмæ мæм загъд кæны: «Цæуыл кæуыс? Ды хъуамæ цин кæнай йæ зындзинæдтыл, хæлæг æм кæныс, ахæм курдиат дæм кæй нæ ис, уый тыххæй, ды та дзы дæ цæстытæ ныццавтай æмæ кæуыс!» Цæмæй йæ зыдта режиссер, æз уыцы заман Миловзоровы ролы кæй нал цардтæн, фæлæ мæ

уарзон актер Солæман йæ роль афтæ дæсны кæй хъазыд, ууыл цин кодтон, æмæ мæ рустыл цины цæссыгтæ уадысты. Куыд диссаг у актер, Солæманмæ царды бакæс, уæд цыма уадиссагæй ницы уыди, афтæмæй сценæйы аивы йæ хæрв! Кæцæй йæм фæзыны ахæм æгæрон темперамент? Йæ цæстытæ дæр цыма æндæр кæйдæр вæййынц.

Æниу йæ хъæлæс!

Курын хатыр. Солæманы тыххæй мæ ныхас «Къоста»-йы спектаклæй райдыдтон æмæ йæ кæронмæ нæ фæдæн. Рох мæ нæ фæци, нæ. Фæлæ йæ Къостайæ куы фæуин, уый мæ фæнды. Цæмæн? Æмæ гъа. Æвæццæгæн, æрыгон лæппуйы кары адæймаг цы фены, цы базоны, уый йæ зæрдæмæ арф айсы, йæ сæры магъзы нынныхсы æмæ йын сæфтауын нал бакомы, стæй йæ рæстæг дæр йæ дæлбазыр нал бамбæхсы... Фæлæ абон куы ахъуыды кæнын ацы спектаклыл, уæд бирæ цæмæйдæрты мæхимæ раст нал фæкæсын.

Цæмæн æй афтæ арф райстон? Цæмæн æм цыдтæн алы хатт?

Æргом куы зæгъæм, уæд пьесæ иууыл тыхджынтæй нæу. Поэты цардæй хицæн скъуыддзæгтæ драмæйы закъонтæм гæсгæ кæрæдзиуыл мæнг рæтыдæй зындысты. Уæдæ дзы Иры номдзыд лæгтæ Хоранты Созырыхъо æмæ Байаты Гаппойы сурæттæ дæр историон æцæгдзинадæй уыдысты дард, цыма сæ Къоста нæ уарзта, суанг ма цыма йе знæгтæ дæр уыдысты, афтæ зындысты.

Уый раст нæ уыди. Уæдæ кæм æвæрд уыди спектаклы тых? Æвæццæгæн, Къостайæн йæхи сфæлдыстады, стæй актер Таутиаты Солæманы дæсны хъазты.

Спектакльмæ цалдæр хатты чи цыди, ахæмтæ дзы бирæ уыд, канд æз нæ уыдтæн. Уыдон хорз зыдтой Къостайы цард, йæ поэзи, йе сфæлдыстад, æмæ сын сценæйы цы нæ фаг кодта, уымæ-иу сæхи зонды æвæрæнтæй бафтыдтой. Зæгъæм, Къоста æмæ Цæлыккаты Аннæйы æхсæн цы ахастытæ уыди, уыдон. Аннæмæ поэт цы фыстæджытæ фыста, уый алчидæр зыдта, æмæ-иу фæстаг сценæйы Къоста куы фæзынди къуылыхæй, лæдзæджы æнцæйтты, мæллæг, æдыхæй горæты парчы æмæ-иу ам Аннæимæ куы фембæлдысты, уæд дыууæйæ иунæг ныхас дæр куы нæ загътаиккой, уæддæр сæм æнæзæрдæхъæрзгæйæ ничи кастаид. Уæлдайдæр-иу Къоста куы загъта йæ уарзонæн:

*Зачем мы встретились? Зачем душой разбитой*
*Я полюбил тебя, как друга, как сестру?*
*Ведь я допил бокал, а твой, едва налитый,*


*Таутиаты Солæман Къостайы ролы*

*Стоит нетронутый на жизненном пиру.*

*Да, нам не по пути...*

«Байрæджы кодтай, Аннæ, Байрæджы кодтай!» – загъта Къоста æмæ йæ лæдзæджы æнцæйтты ацыди.

Цæмæндæр мæм ацы хатт ацы сценæ бынтон æндæрхуызон фæкасти. Чи зоны, цалдæр боны размæ Къостайы фыстæджытæ кæй бакастæн, уый аххосæй... Афтæ дæр мæм фæкасти, цыма актер йæхæдæг дæр æцæг рынчын уыди... Спектаклы фæстæ, театры къæсæрмæ лæууыдтæн, кæд дзы, зæгъын, исчи Ногирæй уаид. Æнафоны мæ иунæгæй цæуын нæ фæндыдис. Цас алæууыдтæн, нæ зонын, фæлæ уæдмæ актертæ рацыдысты. Кæсын, æмæ Солæман дæр рацыди Хъариаты Тамарæимæ (Тамарæ Аннæйы ролы хъазыди). Солæманæн цы бирæ дидинджытæ балæвæрдтой сценæмæ, уыдон Тамарæйы къухы, афтæмæй хъазгæ-худгæ рацыдысты, æмæ мын æхсызгон уыди сæ уынд. Цæмæндæр сæ фæдыл араст дæн æз дæр. Уыдон кинотеатр «Родина»-йы фарсмæ хæрæндонмæ бацыдысты. Абон дæр æй нæма æмбарын, æз дæр сæ фæдыл цæмæн бацыдтæн, уый. Бацыдтæн æмæ, сæ фарсмæ цы фынг уыдис, уым æрбадтæн иунæгæй. Артисттæ æхсæвæр хордтой, цæуылдæр ныхас кодтой, æз сæм хъуыстон æмæ сæ бæстон не 'мбæрстон, цæуыл дзурынц, уый. Кæйдæр кой сæм уыд, чидæр кæимæдæр бафидыдта, æмæ, дам, сын тагъд чындзæхсæв уыдзæнис...

Æз та æнхъæл уыдтæн, сценæйы кæрæдзийæн цы нæ загътой, уый ам кæронмæ ахæццæ кæндзысты.

Официант мæнмæ дæр æрбакаст, цы дын рахæссон, зæгъгæ, æмæ

дзы лæгау ракуырдтон: «Винегрет мын рахæсс дзулы къæбæримæ». Хæрын мæм бæргæ цыди, уæлдайдæр иннæтæм кæсгæйæ, фæлæ мæ дзыппы цалдæр абазийы уыд æрмæст. Фæдæн мæ винегрет хæрд æмæ та дыккаг хатт дæр ракуырдтон винегрет, фæлæ мæ каст Солæманмæ уыди: йæхи куыд дары, куыд худы, йæ Аннæмæ куыд кæсы. Ахæм уавæрты никуы федтон артистты. Фæбадтæн семæ, стæй уыдон куы ацыдысты, уæд æз дæр мæ дыууæ винегреты аргъ бафыстон æмæ араст дæн Ногирмæ... Иунæгæй... Баййæфтон тыргъы мæ мады бадгæ, нæ къæбыла та мыл бахъыс-хъыс кодта, ме 'хсыры агуывзæ та банызтон æмæ ныххуыссыдтæн.

Æз мæ ныхасы кæрон Къостайы фæстаг сценæйы кой уымæн ракодтон, æмæ цалдæр азы фæстæ, мæхæдæг театры куы куыстон, Солæманимæ хæстæг куы балымæн стæм, цалдæр спектаклы дæр иумæ куы ахъазыдыстæм, уæд Солæман йæхæдæг тынг æррынчын ис, рæуджыты низ æй йæ быны скодта, фæлæ йæ мах нæма хатыдтам. Иу бон уырыссаг театры артисттæй иуы ныгæдтам, йæ мыггаг Проскурин. Хорз актер уыди. Уый дæр уырысссаг сценæйыл хъазыди Къостайы роль. Уарзтам æй иууылдæр, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Солæман дæр. Газетмæ йыл некролог фыстой, мæнæн æй сыгъдæг гæххæтмæ рафыссын кодтой...



*Таутиаты Солæман*
*Къостайы ролы*

Кæсын, æмæ Солæман кæцæйдæр систа йæхи къам, бирæ йæм фæкасти, стæй йыл чъылдымырдыгæй ныффыста уырыссагау: «Для некролога». Цы бамбарын ма мын æй хъуыди... Цыдисты бонтæ. Солæман дохтырты къæсæрæй нал хызти. Фæстæмæ-иу йæ фæндаг театрыл ракодта, æмæ мæнæ – Къостайы ролы фæстаг сценæйы, Аннæйæн хæрзбон куы дзырдта, раст уыцы Къостайы хуызæн уыди. Театры кусджытæ, актерæй райдай æмæ суанг къæсæргæсы онг тыхстысты, сæхимидæг маст кодтой, цæмæй йын баххуыс чындæуа, зæгъгæ. Фæлæ ахæм низы ныхмæ, уæлдайдæр хæсты æххормаг азты фæстæ, кæй бон цы уыди?

Æхсæрдæс æмæ йыл ссæдз азы æххæст нæма цыдис, афтæ амард. Йе 'вæрæн бон арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой. Куыдтой адæм, куыдта йыл æрдз. Ноджы ма йæ театры фойейы куы æрæвæрдтой æмæ симфонийы оркестр Хæсанæйы фыццаг фæзынды цардхъæлдзæг музыкæ куы сцагъта, уæд адæм сæхи кæуынæй мардтой.

Ахицæн стыр актер, ирон аивадæн йæ цыбыр царды ахæм стыр лæггад чи бакодта, уыцы Солæман. Æмæ цæмæн афтæ æнамонд фæци? Йæ фæстæ йæ хъæлæс фыстæй никуы баззади – уæд нæм ахæм техникæ нæма уыд, киномæ йæ никуы систой. Уæдæ бинонты цард дæр нæ саразта, цот дæр нæ ныууагъта. Фæлæ куыд хъуамæ ферох уа ахæм стыр актеры ном? Нæ, уый гæнæн нæй.

Рæстæг йæ кæнон кæны, азтæ згъорынц. Артисты цард, æнусимæ абаргæйæ, хæрз цыбыр у. Тæхгæ стъалыйау ферттивы æмæ ахуыссы. Æмæ цы фæд ныууадзы йæ фæстæ? Тынг егъау фæд! Фæлæ хатт афтæ рауайы, æмæ йын рæстæг æрæхгæны йæ фæд, царды æхсæдæнтæ æмæ фæлхæрæнтæй йæ аивады цыртмæ зилæг куынæ вæййы, уæд. Хъуына йыл схæцы, дзыллæтæй ферох вæййы, æмæ йын фæстагæттæй ничиуал фæзоны йæ ном.

Ирон театры бындурæвæрджытæн сæ тæккæ курдиатджындæртæй иу басгуыхт Солæман. Йæ романтикон аивад тыхджын уымæн уыд, æмæ йын æнцади царды æцæгдзинадыл, адæймаджы хъысмæт, йæ арф хъуыдытæ, йæ мидхъуырдухæнтимæ баст уыдис. Æмæ цалынмæ зæххыл ирон театралон аивад уа, уæдмæ йе стыр курдиаты цыртмæ зилын хъæуы нæ фыццаг адæмон артистæн.

*ГАСАНТЫ Валери*

# НЫФСЫ ÆМÆ ÆУУÆНЧЫ УАЦМЫСТÆ

Ирыстоны зындгонд фысджытæй алчидæр йæ хæсыл нымадта, алы рæстæджыты, дугивæнты Ирыстоны цы цаутæ цыд, хорз уой, æвзæр – уæлдай нæу, сæ уацмысты æвдисыныл. Афтæ нæ литературæйы историйы сæхи фæд ныууагътой Фæрнион Къоста, Боциты Барон, Мамсыраты Дæбе, Дзесты Куыдзæг, Богазты Умар, Джусойты Нафи, Мæрзойты Сергей, Булкъаты Михал, Цæголты Васили, Хацырты Сергей, Джыккайты Шамил æмæ иннæтæ. Æмæ афтæ хъуамæ уа, адæймаг иугæр фыссæджы курдиатæй хайджын у, уæд йæ уацмысты хъуамæ æвдиса аивадон литературæйы гæнæнты фæрцы историон, нырыккон царды цаутæ. Уыцы хъуыддаджы Ирыстоны Хуссар хайы цы фысджытæ ис, уыдонæй бирæ хорз уацмыстæ фыссын æнтысы РХИ культурæйы сгуыхт кусæг, Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, æцæг ирон уæздан сылгоймаг, фыссæг, тæлмацгæнæг Наниты Асиатæн. Уый ныр 40 азæй фылдæр зæрдиаг æмæ биноныг лæггад кæны нæ дзыллæйæн куыд Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы журнал «Фидиуæг»-ы хайады сæргълæууæг, стæй куыд сывæллæттæн фыст аив уацмысты æмæ зæрдæмæдзæугæ тæлмацты автор. Йæ фæрцы мадæлон æвзагмæ тæлмацгонд æрцыдысты Гæздæнты Гайто æмæ Сергей Рублевскийы радзырдтæ, Тедеты Георгийы роман «Черная жемчужина».

Асиаты роман-хроникæ «Фыдæлты артдзæст» рацыд Хуссар Ирыстоны Мыхуыры хæдзары рауагъдады. Автор дзы æвдисы, ирон адæмыл Гуырдзыстоны экстремистты аххосæй ивгъуыд æнусы 90 азтæй суанг 2008 азмæ цы æвирхъау цаутæ æрцыд, уыдон. Уацмысы сæйраг архайæг у карджын, фæлæ цæрæнбонты сыгъдæгзæрдæйæ чи фæкуыста, царды адæмæн, хорзы бацæуынæй дарддæр, чи никуы ницы ракодта, ахæм æгъдауджын, æцæг ирон лæг Дриаты Адам. Романы фыццаг сæры куыд амынд у, афтæ бады йæ хæдзары дуармæ иу хурбон. Нæй йын, кæимæ аныхас кæна, уый. Фæлæ йын ис фадат йæ зæрдæйы æмæ уды мысинæгты «къæбицы» дуар байгом кæнынæн. Æмæ йæ бакодта: мысы йæ цард, советон дуджы куыд æнæмæт æмæ æвæлмаст уыдис, уый. Фæллой кодта Цхинвалы заводтæй иуы. Аргъ

ын кодтой йæ куыстуаты разамынд æмæ йе ’мкусджытæ. Къаты бон ын кусынæн уыд, бæрæгбон та – цин кæнынæн. Фыстой йыл республикæйы газетты, архайдта нæ бæстæйы алыхуызон равдыстыты. Йе ’взонджы бонты та йæ хæлар Хазбиимæ фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ. Кæд дзы литературон кусæг нæ рауад, уæддæр, зындгонд поэт Андрей Дементьевы загъдау, «Быть гениальным читателем – это тоже неплохо». Адæймаг йæ хъысмæтæй фæлтæрд куы уа, царды зынтæ æмæ цинтæ æххæстæй куы банкъара, ноджы ма йæм аивадон литературæйы уацмыстæ æнкъарын æмæ æмбарыны æууæл куы разына, уæд ын æнцондæр у цардæн рæстаг аргъ скæнын, банкъарын æмæ йæ бамбарын, кæстæртæн та раст зонд бацамонын. Ахæмæй нæ разы æрлæууыд роман «Фыдæлты артдзæст»-ы сæйраг архайæг Адам. Уый зоны ирон адæмы ивгъуыды историмæ акæсын, абоны цаутимæ сæ абарын, æмæ афтæмæй хи зонды æвæрæнты райгуыры ног хъуыды, ног цард аразыны фæнд æмæ уынаффæ. Диссаг у, æвæдза, Адамау Хуссар Ирыстоны æппæт цæрджытæ, Гуырдзыстоны фашистон хицауады ардыдæй, кæд бирæ зынтæ федтой, уæддæр баззадысты уазæгуарзон ирæттæй. Романы хорз æвдыст æрцыдысты Ирыстоны æхсарджын фырттæ Санахъоты Грисы, Джиоты Аланы лæгдзинады хабæрттæ. Романы фæстаг – фæндзæм хайы автор арæхстджынæй спайда кодта Хуссар Ирыстоны æмæ Гуырдзыстоны ахастдзинæдтæ æвдисæг историон æрмæджытæй, ирдæй равдыста йæ уацмысы, Уæрæсейы Федераци Хуссар Ирыстоны хæдбар паддзахадыл кæй банымадта, уыцы стыр æхсызгон цау. Уацмысы сæйраг архайæджы, иумæйагæй-та романы хъуыды цæмæй чиныгкæсæг хуыздæр бамбара, уый тыххæй Асиат æрхаста поэтикон уацмыстæй дæр бирæ дæнцæгтæ.

Роман-хроникæ «Фыдæлты артдзæст»-ы автор Наниты Асиат йе сфæлдыстадон хъарутыл нæ бацауæрста, йæ размæ æппæтвæрсыгæй рахаста Ирыстоны хъысмæт, йæ адæмы сагъæстæ, хæстмæ æнæуынондзинад æмæ тырныдзинад сæрибар цардмæ. Асиатæн ацы уацмыс банымайæн ис йæ литературон-сфæлдыстадон куысты зынгæ æнтыстыл. Афтæ та уымæн зæгъын, æмæ нæм ахæм хуызы уацмыстæ тынг чысыл сты. Амæй размæ ма, Хуссар Ирыстоны хæстон цаутыл аивадон-литературон прозаикон уацмыстæ чи ныффыста, уыдонæй уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр сты Тадтаты Тамерланы чиныг «Судный день»-мæ хаст радзырдтæ, стæй, Хъазиты Мелитон кæй сарæзта, уыцы чиныг – «Тугæйдзаг цыппурс».

Роман-хроникæ «Фыдæлты артдзæст»-æй уæлдай Наниты Асиатæн рауагъдад «Ир»-ы 2013 азы рацыд радзырдты æмбырдгонд «Æнахуыр уазæг». Автор йæ чиныджы бацархайдта Ирыстоны хъæбатыр фырттæн кад скæныныл, нæ дзыллæйы удвидардзинад, ныфсхастдзинад равдисыныл. Ацы чиныг æмæ роман-хроникæ «Фыдæлты артдзæст» чи бакæса, уый æнæбафиппайгæ нæ фæуыдзæн, сæ автор Наниты Асиат кæй у рæсугъд миддунейы хицау, дардмæуынаг, аналитикон хъуыдыгæнынады миниуджытæй æххæст адæймаг. Йе сфæлдыстадон куысты сæйраг нысантæ сты: нæ дзыллæмæ аив дзырды фæрцы царды рæстаг хъуыдытæ хæццæ кæнын, фидæны хуыздæр цардæй сын фидар ныфс æвæрын, афтæмæй сæ сабыр царды бæллиццаг рухсмæ хонын… Арфæйы аккаг у роман «Фыдæлты артдзæст»-ы редактор, зындгонд публицист æмæ фыссæг Цхуырбаты Мери. Уый, роман бакæсынæй уæлдай, йæ цæстуарзон хъуыдытæ æмæ фиппаинæгтæ рахаста нæ размæ. Æмæ афтæ фыссы: «Асиатæн йæ алы уацмысы дæр фæхæст уыдзынæ цардæй ист сентенцитыл, уыдон автор йæхæдæг ноджы фæвазыгджындæр кæны æмæ сæ афтæмæй рахæссы чиныгкæсджыты размæ. Роман-хроникæйы, нæ абоны зын æмæ змæст царды фарныл фидарæй баууæндæн кæуыл ис, ахæм цауты бындурыл нын æвдисы адæймаджы характерон миниуджытæ. Рæстæджы ивдимæ иутæн сæ удыхъæд баззайы сыгъдæгæй, нæ аивы. Иннæтæ та кæддæриддæр, цыфæнды рæстæджы дæр фæхъуыды кæнынц æрмæстдæр хи пайдайыл. Мæнмæ гæсгæ, ацы уацмыс у нæ сылгоймаг-фыссæгæн ноджыдæр ма иу цæстæвæрæн уæлахиз!»




Нæ ныхасы кæрон мæ бузныг зæгъын фæнды зындгонд фыссæг Наниты Асиатæн йæ роман-хроникæ «Фыдæлты артдзæст»-ы æмæ йæ радзырдты æмбырдгонд «Æнахуыр уазæг»-ы тыххæй. Ныфс мæ ис, æз сæ бакæсынæй цы зæрдæйы цин райстон, ахæм æнкъарæнтæ кæй балæвар кæндзысты Наниты Асиаты ног уацмыстæ дæр. Зæрдиагæй сæм æнхъæлмæ кæсæм!

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

# ÆЗ РАХАСТОН МÆ ЗÆРДÆЙЫ ЦÆХÆРТÆ ÆМÆ СÆ АРВЫЛ БАЙТЫДТОН ÆРМÆЙ

*(Интервью поэт Мамыкъаты Хъазыбегимæ)*

Нæ нырыккон ирон поэзийы Мамыкъаты Хъазыбеджы поэтикон хъæлæсæн нæй ивддзаггæнæн иннæ поэттимæ. Хъазыбегæн ирон дзырдаивады ис йæхи сæрмагонд бынат. Фыссы иронау æмæ дыгуронау. Мыхуыры йын рацыди дыууæ чиныджы: «Мæйы сонатæ» (чиныгуадзæн «Алани», 1998) æмæ «Æрвон рухс» (чиныгуадзæн «Ир», 2003).

Мæн дисы æфтауынц йæ æмдзæвгæты арф хъуыдытæ, уыдоны арæзт, сæ техникæ, алцæмæй дæр вæййынц æххæст. Лæмбынæгдæр куы æркæсай сæ аивадон текстмæ, уæд бахаудзынæ поэты миддунемæ, йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ дæ нал æмæ нал ауадздзысты уыцы диссаджы сыгъдæг æмæ алæмæттаг поэтикон дунейæ.

Алыхатт дæр, Хъазыбеджы уацмыстæ куы фæкæсын, уæд цыма хæл-хæлгæнгæ хæхты æхсæн цы сыгъдæг суадон уайы, уымæй мæ дойны асæттын, афтæ мæм фæкæсы, ахæм æхцондзинад мæ зæрдæйæн æрхæссынц йæ поэтикон рæнхъытæ.

Хъазыбеджы æмдзæвгæты хицæндзинæдтæ, сæ аивадон мадзæлттæ дзурæг сты поэты курдиатыл, куыд хорз зоны адæмы цард, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы ахастытæ, царды вазыгджындæр проблемæтæ, нæ мадæлон æвзаг, куыд у йæ бон поэтикон ахорæнты руаджы сфæлдисын æнæферохгæнгæ сурæттæ.

Æмдзæвгæтæ фыссын – уый у Дунесфæлдисæджы стыр лæвар адæймагæн. Хуыцау алкæй уыцы стыр курдиатæй хайджын нæ кæны. А. С. Пушкины загъдау, Хъазыбегмæ ис «зарджыты диссаджы курдиат», æмæ йæ махæн, йæ чиныгкæсджытæн, цæстуарзонæй æмæ хæларзæрдæйæ лæвар кæны:

*Æфстау зынгæй нæ судзы пецы арт,*
*æфстау рæнхъытæй нæй фыссæн æмдзæвгæ,*
*нæ райсдзынæ æфстау ды искæй цард,*
*дæхи цард дæр нæ ратдзынæ нымдгæнгæ.*

*Хуыцау дын радта царды зынг лæвар,*
*æмæ йæ ды хъуыры æгънæгæн дар!..*

Мамыкъаты Хъазыбег канд æмдзæвгæтæ нæ фыссы. Фысджыты æмæ поэтты ‘хсæн зындгонд у курдиатджын тæлмацгæнæгæй дæр. Бирæ азты уыди журнал «Мах дуг»-ы поэзи æмæ драматургийы хайады сæргълæууæг, фæстæдæр та – йæ сæйраг редактор.

«Мах дуг»-ы редакцийы сæмбæлдтæн Хъазыбегимæ æмæ йæм радтон цалдæр фарсты.

***– Хорз уаид, Хъазыбег, цалдæр ныхасы дæ фыдæлты æмæ дæ бинонты тыххæй куы зæгъис, уæд.***

– Мæ фыдыфыд Раман йе ‘фсымæр Къостаимæ хæцыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, архайдтой Сталинграды бынмæ тохты дæр. Хæстæй ссыдысты хæрзиуджытимæ. Ныр ацы дунейы нал сты, не ‘ппæтыл дæр хæрзаудæн кæнæнт!

Мæ фыд, дзæнæты бадинаг Джеуæрджимæ, уыдис нывгæнæджы курдиат, йæ бæллиц уыд аивæдты училищемæ бацæуын, фæлæ, бирæ æфсымæртæ æмæ хоты хистæр кæй уыд, уымæ гæсгæ, йæ заманы царды тыхст уавæртыл хъуыды кæнгæйæ, равзæрста сау куыст. Черменыхъæуы каст фæци трактористты курсытæ æмæ уый фæстæ дзæвгар азты дæргъы фæллой кодта Сырх-Дыгуры колхозы. Уыди хуымгæнæг, хортауæг, куыста комбайныл дæр. Фæстæдæр, цыппар сывæллоны йын уыдыстæм, афтæмæй 1965 азы тынг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Хъæууон-хæдзарадон институты зоотехникон факультет æмæ кад æмæ радæй суанг йæ ацæргæ азты онг нæ колхозы фæкуыста сæйраг зоотехникæй. Уæддæр-иу стæм хатт дзæбидыр, бæх кæнæ æндæр исты ныв куы скодта, уæд-иу ын æз йæ арæхстдзинадыл дисæй мардтæн, мæн дæр ма-иу сцырын кодта нывтæ кæнынмæ, амыдта мын нываивады сусæгдзинæдтæ. Зæрондырдæм райдыдта хъæдæрмæгæй хæдзары дзауматæ, мигæнæнтæ аразын. Кодта алы уæрдæттæ, доны куырой æмæ арахъуадзæны макеттæ, кæхцытæ, тæсчъытæ, уидгуытæ æмæ æндæртæ. Йæ конд дзауматæн сæ фылдæр хай балæвар кодта нæ республикæйы бæстæзонæн музейæн.

Мæ мад Нависæ ахуырад райста педагогон институты, фæсарæйнаг æвзæгты факультеты. Зæронды бонтæм Сырх-Дыгуры

астæуккаг скъолайы фæкуыста немыцаг æвзаджы ахуыргæнæгæй. Йе ‘мбæлтты ‘хсæн дæр æмæ йын ахуырдзауты ‘хсæн дæр уыди стыр кад. Ныртæккæ йыл цæуы 86 азы, рæвдауы йæ цоты цоты цоты. Стыр Иунæг Хуыцау ма йын бирæ цæрæнбон раттæд æнæнизæй!

Мæхицæн мæ бинойнагимæ ис æртæ кæстæры: лæппу æмæ дыууæ чызджы. Уыдоны цот, нæ хурты хуртæ, сбирæ сты, ацы аз аст бауыдзысты Хуыцауы фæндæй, æмæ æнæниз æмæ амондджынæй байрæзæнт – Хуыцауæн, махæн æмæ нæ Иры дзыллæйæн уарзонæй!

***– Хъазыбег, æз дæ номимæ бæттын нæ нырыккон ирон поэзимæ чырыстон дины темæйы раздæхт. Дины ныхасы улæфт мадæлон æвзагыл фыццаг хатт ирон адæм банкъардтой нæ рухстауæг – сауджын Колыты Аксойы поэтикон аивадæй. Цы дæ фæнды, диныл дзургæйæ, чиныгкæсæгæн зæгъын?***

– Дæхи загъдау, дины темæ ног нæу ирон поэзийы. Колыты Аксо, Мамсыраты Темырболат æмæ Къостайæ райдай æмæ нырыккон поэттæй фæу. Æрмæст советон дуджы æрцыдис къуылымпыгонд дины хабар, æцæг ирон адæмæй уæддæр бирæтæ, кæм сусæгæй, кæм æргомæй, æуууæндыдысты Хуыцауыл. Мæ мадымад Сурæт 90 азы фæцардис, Хуыцауæн уарзон сылгоймаг уыд. Скъоладзау ма уыдтæн, æмæ мын иу æмæ дыууæ хатты нæ бафæдзæхста, Хуыцауыл æуууæнд, æмæ дæ цард йæ фæндиаг ацæуа, зæгъгæ, фæлæ мæн уыцы заман дин æппындæр нæ уырныдта. Дзæвгар фæстæдæр æй бамбæрстон, Хуыцауыл æуууæндын цы стыр хæрзиуæг, цы егъау лæвар у, уый. Мæ чырыстон æмдзæвгæтæй иуы хуымæтæджы не ссардтон йæ рухс ном.

Дин, æцæгдæр, стыр лæвар у адæймагæн. Хуыцауы комулæфт йæ удæй чи банкъара, уый йыл гадзрахатæй никуы рацæудзæн, никæдæмуал дзы алидздзæн, уымæн æмæ уымæй нал ис фæхицæн уæвæн. Уый у дæ уырнæн, дæ ныфс æмæ дæ уарзт. Хуыцауы комулæфты руаджы райгуырынц æмдзæвгæтæ дæр, уымæн æмæ лæджы æрфæнды йæ цин адæмимæ адих кæнын. Ныртæккæ дæхæдæг куы загътай, цин фæкæнын, зæгъгæ. Хуыцауы комулæфт, æвæццæгæн, кæмдæр ме ‘мдзæвгæтæм дæр фæхæццæ. Зæрдæйæ фыст æмдзæвгæты, æнæмæнг, ис Хуыцауы æрмдзæф. Уый нын дætты уарзт, курдиат, сфæлдыстадон хъомыс. Махæн нæ бон у æрмæстдæр Хуыцауы фæзмын, уый фæрцы нын бантысы цыдæр муртæ, кæмæн къаддæр, кæмæн та фылдæр. Мæн ме ‘мдзæвгæтæй фæнды мæ

адæмы мæ уды рæбинагдæр сагъæстимæ базонгæ кæнын, уыимæ не Сфæлдисæджы фарны Дзырдимæ. Кæд дзы мæ дзыллæйы зæрдæмæ уæддæр иу рæнхъ фæцæуа, уæд – Хуыцауæй бузныг!

***– Поэт хъуамæ æнкъара, йæ адæмы раз ыл цы хæс æвæрд ис, уый. Уымæн зæгъыс де 'мдзæвгæйы: «Æз рахастон / мæ зæрдæйы цæхæртæ / æмæ сæ арвыл /байтыдтон/ æрмæй». Дæхæдæг та дæхиуыл цавæр хæс æвæрыс? Ирон дзырдаивады дæ нысан цы у?***

– Аивадон сфæлдыстад йæхæдæг у æнæкæрон дуне, æмæ дзы, арвы стъалытау, алы аив дзырд, алы уаз ныхасæн дæр, мæнмæ гæсгæ, ис йæхи сæрмагонд бынат. Дæ удæй арт куы цæгъдай, куынæ йæ хæлæг кæнай, уæд уыцы арт, æнæмæнг, батавдзæн лæджы зæрдæ, йæ уæлныхты йæ сисдзæн уæлтæмæны цъупмæ, ратдзæн ын ныфс, уарзт æмæ цин. Цæмæй дæ дзырд искæй зæрдæйы хъусты ныззæлланг кæна, ныннæра, уый тыххæй хъуамæ уа фæндыры тæнау атонынæввонг æлвæст. Дзаболаты Хазби хуымæтæджы нæ загъта:

*Цас уой 'лвæстдæр хъистæ,*
*Уыйбæрц тонынц тагъддæр,*
*Фæлæ уыйбæрц искæй*
*Агайы сæ цагъд дæр...*

Ахæм дзырдаивады бæрзæндтæм тырнын æз дæр ме 'взонгæй нырмæ æмæ бæллын, цæмæй мын дзы уæддæр иучысыл истытæ саразын бантыса.

***– Цавæр уыдис, Хъазыбег, дæуæн дæ фæндаг Чырыстимæ? Цæмæн дæ фæнды, цæмæй фæсивæд «чырыстоны хал ахæрой / æмæ дæуау Чырыстимæ æрцæуой», уый?***

– Чырыстимæ фæндаг алкæмæн уыцы иухуызон нæу. Кæмæн дæргъвæтин у, бирæ цæлхдурты сæрты йæ ахизын бахъæуы, цалынмæ йæ ссары, уæдмæ. Кæмæдæр та уыцы фарн арвæй дур æрхауæгау æрхауы æмæ йын ныррухс кæны йæ развæндаг, басгуыхы йын фæндагсар. Æз дæр æвиппайды не схайджын дæн ацы хорзæхæй. Атеистон идеологи уыди мæ хъомылгæнæг æмæ мæ тынг бахъыгдардта, фæлæ фурд донмарæнтæ куыд атоны, афтæ Хуыцауы рæстдзинад дæр иузаман арæмыгъта мæ гуырысхоты цæнд, æмæ бамбæрстон, адæймаг ацы мæнг дунемæ хуымæтæджы

кæй не ‘рцыд, уый. Куы ма йæ загътон, лæджы æрфæнды йæ цин адæмимæ адих кæнын, зæгъгæ. Æппæт адæм дæр чырыстоны хал куы ахæриккой, уæд дунейыл æрфидар уаид Хуыцауы рæстдзинад. Малиты Геуæргийы загъдау:

*И фарни тунæ*
*Æрфелауидæ, –*
*Уарзондзийнадæ*
*Æрфедар уидæ...*

***– Де ‘мдзæвгæ «Æнæном ингæны уæлхъус»-ы ис ахæм рæнхъ: «Табу Дæхицæн, не Скæнæг – Хуыцау!» Афтæ кæд фæзæгъыс? Хуыцаумæ арæх фæкувыс? Аргъуаны вæййыс?***

– Къоста йæ иу æмдзæвгæйы хуымæтæджы нæ фæдзæхста:

*Æмæ-иу скув: «Хуыцау,*
*Фæдзæхсын дыл мæхи!»*

Рагæй нырмæ дæр ирон лæг табу кæны Хуыцауæн, кувы йæм, куры дзы... Йæ уырнынад тыхарæзт нæу, зæрдæйы уидæгтыл баст у. Нæ фыдæлтæ сæхи фæдзæхстой Хуыцауыл, æмæ уый хъуамæ алкæмæн дæр уа йæ балцы райдайæн. Хуыцауæн табу кæнын хъуамæ æдзух лæууа дæ зæрдæйы былалгъыл, уымæн æмæ уый у æцæгдæр не Скæнæг, нæ Удылхæцæг. Хъыгагæн, аргъуанмæ арæх нæ цæуын, æмæ уый у нæ дзыллæйы сæйраг бæллæх дæр. Иудадзыг хъæуы аргъуанмæ цæуын æмæ кувæг адæмимæ иумæ не Сфæлдисæгмæ кувын. Иумæйаг куывд, зæрдиаг куывд, Хуыцаумæ æнæмæнг фехъуысдзæн æмæ йын уæд фендзыстæм йæ кад, йæ рухс цæсгом, йæ уаз дунейы диссæгтæ. Фендзыстæм сæ адæймаджы цæстытæй нæ, фæлæ зæрдæйы цæстытæй...

***– Чырыстийы сурæт сырæзы нæ разы де 'мдзæвгæтæй – «Чырыстийы мæлæт», «Скув-иу!», «Чырысти райгас», «Æрвон рухс», «Чырыстимæ æрцу!», «Сурæт», «Къостайы фæзмгæйæ», «Сагъæс». Чи у дæуæн – поэт æмæ хуымæтæг адæймагæн – Чырысти?***

– Чырысти у нæ удылхæцæг, нæ тæригъæдтæ барæг, мыггагмæйы царддæттæг. Æнæ уымæй адæймаджы цард, поэт уа, номдзыд

ахуыргонд æви хуымгæнæг, у талынг æмæ афтид, йемæ та – рухс æмæ Хуыцауы фарнæй дзаг.

***– «Зæххон цин» – афтæ схуыдтай де 'мдзæвгæ-сонет. Ис дзы ахæм рæнхъытæ: «Цæрыны ныфсæй ма зонæм æфсис! Бæлццон дзыллæтæ банкъуысой нæ зардмæ æмæ тырной æвæлмæцгæйæ цардмæ!» Цин503 абон бирæтæ нал зонынц цин кæнын. Бынтондæр та искæй хорздзинадыл. Де 'мдзæвгæтæ та сидынц чиныгкæсæгмæ, царды тых æмæ адæймаджы ныфс тыхджынæй-тыхджындæр куыд кæной, уымæ.***

– Ацы æмдзæвгæ куы ныффыстон, уæд мыл цыдис 17 азæй чысыл фылдæр. Хуыцау ис, уый уæд мæ фæсонæрхæджы дæр нæма уыд, фæлæ йæ ныр зонын, алы æвзонг удæн дæр, æвæццæгæн, йæ зæрдæйыл «ныффæлдæхы фæндыр», æмæ йын уый йæ зæрдæйы рæбинагдæр къуымы ссудзы æрвон зынг, цырын æй кæны рухс тыгъдадмæ, æмæ уый фæрцы æвзонг уд тырны, цæмæй иууыл дзыллæтæ дæр йемæ уырдæм ныххæррæтт кæной. Уыцы зынг у поэзийы сусæг гуырæн æмæ йæ тæмæн.

***– 2003 азы дын Дзæуджыхъæуы цы чиныг рацыд, уый схуыдтай «Æрвон рухс». Чиныджы мидæг уый æмном æмдзæвгæйы ис ахæм рæнхъытæ:***

*Уый алкæмæн йæ зæрдæйы дуар хойы*
*Фæлмæн къухæй æмæ йæ хоны цардмæ.*
*Уый ахаста нæ тæригъæд æккойæ*
*Æмæ ысси æцæг фæндаг уæлæрвмæ.*

***Цы у дæуæн та дæ царды «Æрвон рухс»?***

– Йесо Чырысти!!!

***– Раргом нын кæн ацы диссаджы рæнхъыты мидис æмæ зæгъ: дæумæ гæсгæ, иуæй-иу адæймæгтæ цæуылнæ æууæндынц Хуыцауыл?***

*Æууæнд Хуыцауыл, кæ Хуыцауæн табу,*
*Хуыцауæн дзур дæ цин æмæ дæ зын.*
*Хуыцауы дзырд дæ хъысмæтæн йæ апп у,*
*Чырысти та – Сырх Сæн æмæ Кæрдзын.*

– Хуыцауы дзырд у царддæттæг, нæ хъысмæты апп. Уыцы Дзырд æцæгæй у Чырысти, уыимæ уый у Сæн æмæ Кæрдзын. Алы чырыстон дæр райсы зароба æмæ зоны, ацы дыууæ дзырды цы амонынц, уый: Сæн – Чырыстийы туг, Кæрдзын та – йæ буар. Сауджыны сусæг аргъуыды фæдыл æрцæуы уæларвон диссаг: сæн фесты Чырыстийы туг, кæрдзын та – йæ буар. Æмæ уыдон чи бануазы, бахæры, уый диссаджы хуызы баиу вæййы Чырыстиимæ, ноджы схайджын вæййы йæ тæригъæдтимæ тох кæныны хъомысæй. Уыимæ Чырысти загъта: «Мæ буар чи хæры æмæ Мæ туг чи нуазы, уымæн ис мыггагмæйы цард, æмæ йæ Æз фæстаг бон райгас кæндзынæн» (Иоанны Евангели, 6:56).

Хъыгагæн, ис, Хуыцауыл чи не 'ууæнды, ахæмтæ дæр, æмæ уыдоны тыххæй Хуыцау йæхæдæг афтæ загъта: «...уыцы адæм сæ зæрдæ дур ныккодтой, сæ хъустæ – къуырма, сæ цæстытæ – куырм, цæмæй цæстæй дæр ма феной, хъусæй дæр ма фехъусой, зæрдæйæ дæр ма бамбарой – ма Мæм раздæхой æмæ сæ ма сдзæбæх кæнон» (Пехуымпар Исайы чиныг, 6:10).

– Ацы рæнхъытæ ист сты æмдзæвгæ «Скув-иу!»-æй:

*Цин кæны зæрдæ, фæрысти,*  
*къæхтыл лæууыс æви – хъен, –*  
*скув: «Фыд, Сыгъдæг Уд, Чырысти,*  
*табу Дæхицæн! Аммен!»*

***Бирæтæ йæ зонгæ дæр нæ кæнынц, цы у куывд, цæмæн хъæуы алы бон дæр Хуыцаумæ кувын. Хъазыбег, ды та кæд ссарыс не Скæнæджы ном, кæд фæзæгъыс «Табу Дæхицæн, Хуыцау!»?***

– Æрвылбон дæр. Бон цалдæр хатты. Алы хъуыддаджы размæ дæр æмæ йæ фæстæ дæр, суанг хæрды размæ æмæ хæрды фæстæ дæр.

***– Хъазыбег, ды алы бон дæр кæсыс чингуытæ, журналтæ, бирæ къухфыстытæ, уымæн æмæ дæ куыст ахæм у. Арæхдæр цавæр чингуытæ кæсыс? Уыдоны æхсæн дины чингуытæ дæр ис? Æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæн та, дæумæ гæсгæ, цавæр дины чингуытæ хъæуы кæсын?***

– Арæхдæр кастæн, йæ ног æмдзæвгæтæ-иу нæм «Мах дуг»-ы редакцимæ чи ’рбахаста, уыдоны къухфыстытæ, ирон æмæ дыгурон поэтты уацмыстæ. Сæ фылдæрыл редакцион æгъдауæй бирæ кусын нæ бахъуыд, фæлæ-иу уыд ахæм уацмыстæ дæр, æмæ сыл бахардз кодтон дзæвгар рæстæг, цæмæй литературон журналы рауадзыны аккаг суой, уый тыххæй, уыимæ се ‘хсæн, хъыгагæн, уыд тынг лæмæгъ æмдзæвгæтæ дæр, æмæ уыдон, ай-гъай, нæ рацыдысты. Уæгъд рæстæг мын куы вæййы, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, кæсын чингуытæ дæр, дунеон, уырыссаг æмæ нæхи литературæ, адæмон сфæлдыстад. Кæсын дины чингуытæ дæр: чырыстон сыгъдæджыты хабæрттæ, стæй уыдонæн сæхи куырыхон фыстытæ дæр. Мæнмæ гæсгæ, Библи æмæ чырыстон дины иннæ чингуытæ кæсын æмбæлы алы кары адæмæн дæр. Сæйрагдæр та – æрвылкъуыри кувынмæ цæуын хъæуы аргъуанмæ.

***– Аивадон тæлмац æнцон нæу. Ды раивыс ирон æвзагмæ прозаикон æмæ поэтикон тексттæ. Зæрдæмæдзæугæ сты, Цæлыккаты Ахмæтæй цы таурæгътæ ратæлмац кодтай, уыдон. Бынтондæр та йæ радзырд «Фæстаг убыхаг». Уырыссаг æмæ фæсарæйнаг поэттæй та ирон æвзагмæ кæй æмдзæвгæтæ раивтай?***

– Студент ма куы уыдтæн, уæд фæлвæрдтон немыцаг æвзагæй Гете æмæ Гейнейы иугай æмдзæвгæтæ тæлмац кæнын. Цалдæргай æмдзæвгæтæ раивтон иукъорд нырыккон абхазаг поэттæй дæр. Æндæр нæ хъуыды кæнын, фæсарæйнаг поэттæй ма искæй уацмыстæ ирон æвзагмæ раивтон, уый. Уырыссаг поэттæй тæлмац кодтон Пушкин, Лермонтов, Есенин, Блок, Бальмонт, Маяковский, Цветаева, Тарковский æмæ æндæрты уацмыстæ. Прозæйæ Лев Толстойæ ратæлмац кодтон цалдæр миниатюрæйы, Чеховы радзырд «Замана» («Горе»), Цæголты Георгийы радзырд «Зымæгон æхсæв» («Зимней ночью»)... Кæцыдæртæ дзы мыхуыргонд æрцыдысты журнал «Мах дуг»-ы.

***– Нæ дуне абон у змæст æмæ æмтъеры. Адæм кæрæдзи нал æмбарынц, кæрæдзиуыл нал аудынц. Фæлæ уæддæр дæ зæрдæ цæуыл лæууы, ныфсы хос дын цы у?***

– Раст зæгъыс, дуне у змæст æмæ æмтъеры. Зæрдæ дзы цæуыл фæлæууа, уый хаттæй-хатт нæ уынæм. Уымæ нæ мадæлон æвзаг заууаты уавæрмæ цæуы. Скъолаты йын фаг сахæттæ лæвæрд нæй, нæ адæм ирон газеттæ æмæ журналтæ, куыд æмбæлы, афтæ арæх нал рафыссынц. Фылдæрæн сæ гуыбыны хæрд – се стырдæр мæт, сæ катай. Паддзахады лæгтæ адæмыл, куыд æмбæлы, афтæ куы тыхсиккой, уæд, чи зоны, æмæ нæ уавæртæ фæнывылдæр уаиккой... Уæддæр Хуыцаумæ кувын хъæуы – сыкъайæ нæ, фæлæ зæрдæйы уидæгты бынæй, цæмæй нæ паддзахады лæгтæн радта куырыхон зонд, цæмæй адæм сæ къæхтыл слæууой, кæрæдзи бауарзой, æмæ нæ царды уаг йæ гаччы сбада... Цæмæй Ирыфарн ма фесæфа!.. Архайын хъæуы алкæй дæр. Алы уд дæр у хæсджын йæ дзыллæйы раз.

***– Хъазыбег, бузныг дын, ног поэтикон æнтыстытæ дын зæгъы мæ зæрдæ.***

# РÆСТВÆНДАГ У!



Борæты Алан-Сæрмæт райгуырд Алагиры 2001 азы. Каст фæци Алагиры 2-æм астæуккаг скъола. Йæ чысылæй фæстæмæ йе 'ргом тынг здахы авиацийы хабæрттæм. Уыимæ иу æмæ дыууæ хатты не ссис уæлахиздзау алыхуызон конкурсты. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ предметтæй тынгдæр йе 'ргом здæхта литературæ æмæ физикæмæ. Физикæйы предметæй ссис æппæтуæрæсеон конкурс «Ступень в науку»-йы уæлахиздзау дæр.

Йæ ахуыргæнджыты фæндонмæ гæсгæ Алан-Сæрмæт архайдта 5-æм Æппæтуæрæсеон конкурс «Открытый космос»-ы. Йæ фыццаг наукон-фантастикон радзырд «Сон в летнюю ночь или...» мыхуыргонд уыд конкурсы хуыздæр куыстыты чиныджы.

Скъолайы йын ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Фардзинты Кларæ та йын загъта, цæмæй бафæлвара ирон æвзагыл радзырд ныффыссын. Афтæмæй райгуырд йæ уацмыс «Хæрхæмбæлд».

*БОРÆТЫ Алан-Сæрмæт*

# ХÆРХÆМБÆЛД

*Фантази*

Сæрдыгон бон. Хур иннæ бонтау нæ тавта. Хурныгуылдмæ афтæмæй нырма бирæ уыди, фæлæ йæм æз тынг зæрдиагæй æнхъæлмæ кæстæн: уарзтон кæсын, хур куыд амбæхсы хæхты æмбонды фæстæ, уымæ. Афтæ мæм фæзыны, цыма уыдон æгомыг къæдзæхтæ не сты, фæлæ уæйгуытæ фынæй кæнынц æмæ цыдæр стыр хъуыддагæй æнхъæлцау сты.

Изæрыгætты-иу арæх рацыдтæн пысырайы ’хсæн ныгъуылд сæрдыгон мæнгагъуыстыты абадынмæ. Цы фæндаджы был лæууыд, ууыл цæуæг стæм уыд. Мæнгагъуыстытæй хъæды къохмæ згъордта нарæг къахвæндаг, æмæ дзы цыма æмбæхсгæ кодта, уыйау æрбайсæфт. Мæ уарзон бынаты бадгæйæ æмæ тыгъд быдыртæм кæсгæйæ мæм-иу афтæ фæкаст, цыма мæ алыварс диссаджы хæрздæф æмæ алыхуызон æхсызгон мыртæйдзаг фурд айтынг.

Дардæй цы бæлæстæ бæрæг дардтой, уыдоныл-иу зæрæхсид йæ сыгъзæрин тынтæй бæркад армæй куы бакалдта, уæд та мæм-иу афтæ мæ зæрдæ сдзырдта, цыма нывгæнæг уардихуыз четæныл цъæх хъулæттæ акодта.

Дард, æрвгæронæй цы бæстыхæйттæ зынд, уыдон ацы диссаджы æрдзы нывæн цыдæр уæлæмхасæн ахорæнтæ лæвæрдтой.

Гыццыл ма куы уыдтæн, уæд-иу ме ’мбæлттимæ арæх цыдыстæм уыцы агъуыстытæ сгарæг. Бахъомыл стæм, уыцы бæстыхæйттæм нал згъорæм, фæлæ нæ нæ мæнгагъуыст рох нæ кæны: нæ сабибонты зæрдæбын ныхæстæ кæм кодтам, нæхи кæм ирхæфстам...

Абон дæр та мæхи райстон мæ уарзон бынатмæ, цæмæй сыгъдæг уæлдæфæй баулæфон; хæхты уынд та мын æхцондзинад æрхæсса æмæ мын мæ уæззау хъуыдыты уаргъæй иу чысыл айса.

Скъолайы ахуыры фæстаг бонты адæймагæн йæ хъуыдытæ иууылдæр баст вæййынц сæрибар сæрдыгон рæстæгимæ. Мæнгагъуысты бадгæйæ мæ зæрдыл æрлæууыд ахуыры азы фæстаг бон: уроктæ куыд цыдысты, цы куыстам, цæуылтыл дзырдтам. Фæстаг урок нæм уыд ирон литературæйæ. Ахуыргæнæг нын нымадта, сæрды

цы чингуытæ бакæсын хъæудзæн, уыдон. Фæлæ йæм зæрдиагæй нæ хъуыстон. Ме 'ргом ирон æвзаджы уроктæм никуы здæхтон. Мæ зонгæтæй дæр бирæтæ кастысты куыдфæндыйы цæстæй сæ мадæлон æвзагмæ...

Мæ хъуыдыты хал мын фескъуыдта сонт уддзæф. Кæд дымгæ тыхджын нæ уыд, уæддæр бæласы цъæх сыфтæртæй иудзæвгар ратыдта æмæ сæ йæ разæй скодта. Мæ зæрдæ мæм афтæ сдзырдта, цыма мæ сæ фæстæ сайынц. Бирæ фæкастæн сыфтæрты фæстæ, цалынмæ бæлæсты 'хсæн не 'рбайсæфтысты, уæдмæ. Цалынмæ уыдонмæ кастæн, уæдмæ мæ хъуыдытæ фæпырх сты.

Афтæ, ницæуылты æмæ мацæуылты хъуыды кæнгæйæ, сахатырдæджы бæрц фæбадтæн. Уалынмæ мæ хъустыл цыдæр уынæр ауад. Фæкастæн уыцырдæм. Чидæр къалиутыл фæйнæрдæм ахæцыд, æмæ мæ размæ рахызт æнæзонгæ нæлгоймаг. Рæстæмбис кары, фæлæ йæ сæр чысыл фæгæмæх. Цы дзыккутæ ма йын ыл уыд, уыдон фæхалас сты. Даргъ бæзджын рихитæ æмæ цыбыр боцъоты дæр урсытæ фæзынд. Йе стыр гуыбыргомау фындзмæ йын куы фæкомкоммæ дæн, уæд бамбæрстон, мæ разы хохаг лæг кæй ис, уый. Бæрзонд нæ уыд, фæлæ фидæрттæарæзт. Диссаг мæм фæкаст, пыхсыты æмæ къалиуты 'хсæнты рбацæугæйæ, йæ дарæсыл иу къæндзыджы мур дæр нæ уыд.

Хистæры фенгæйæ æз фæгæпп ластон. Уый йæ мидбылты бахудт æмæ мын мæ къух райста. Æрбадт. Мæн дæр йæ фарсмæ æрбадын кодта. Йемæ цæуыл дзырдтаин, уый нæ зыдтон, тыхстæн. Ноджы мæ иу хъуыды æнцад нæ уагъта: «Ардæм æй цы Хуыцау æрбахаста?» Мæ зæрдыл æрбалæууыд, афæдзы размæ-иу цалдæр ацæргæ нæлгоймаджы ардæм шахмæттæй хъазынмæ кæй рацыдысты, фæлæ сæ рагæй нал федтон. «Æвæццæгæн, уыдонæй исчи у», – ахъуыды кодтон æз.

– Æз дæн Арсен, – загъта æнæзонгæ, – Коцойты.

– Æз та – Сæрмæт, – дзуапп ын радтон.

Æз фæуыргъуыйау дæн. Уый та афтæ:

– Кæй агуырдтон, уый ссардтон.

Диссаг мæм фæкастысты йæ ацы ныхæстæ дæр.

– Дæ мыггаг мæм цыдæр зонгæ кæсы, цыма дæ кæмдæр федтон? – загътон æз.

Арсен йæ мидбылты бахудти, фæлæ ницы сдзырдта.

– Афтæ куы загътай, кæй агуырдтон, уый ссардтон, зæгъгæ? Æмæ уый чи у?

– Æз мæхицæн æмдзурæг агуырдтон. Дæу...

Йæ дзуаппытæ дæр æмæ мæм йæхæдæг дæр цыдæр æнахуыр кастысты. Цæмæй мын мæ мидуавæр ма бамбара, уый тыххæй мæхи дард æрвгæронмæ кæсæг скодтон. Стæй та нал фæлæууыдтæн æмæ йæ афарстон:

– Æмæ дæ цæуыл аныхас кæнын фæнды?

– Куыд кæсын, афтæмæй ирон литературæ нывыл нæ зоныс.

– Чи зоны, уымæн, æмæ мæм ницы цымыдисаг кæсынц ирон фысджыты уацмыстæ...

Арсен мæм дисгæнгæ бакаст:

– Æмæ сæ кæй уацмыстæ кастæ?

Йæ хъæлæсыуагæй бæрæг уыд, мæ ныхæстæ йæ зæрдæмæ кæй нæ фæцыдысты. Фефсæрмы дæн, уымæн æмæ ирон фысджытæй никæйы уацмыстæ кастæн. Цы хуыздæр дзуапп ын радтон, уый мæ сæр нал ахста æмæ сфæрæзтон:

– Тынг гыццыл бакастæн.

– Уæдæ дæ зæрдæмæ цæуынц æви нæ цæуынц, уый цæмæй зоныс?

Æз æдзæмæй лæууыдтæн.

– Кæддæр иу фыссæджы зыдтон, – райдыдта Арсен. Стæй йæ ныхас фæуагъта æмæ мæ афарста, байхъусын мæ фæнды æви нæ, уымæй. Æз даргъ таурæгътæм хъусын бæргæ нæ уарзтон, фæлæ хистæрæй фефсæрмы дæн – ноджы уазæг – æмæ мæхи хъусынмæ æрцæттæ кодтон.

– Уæдæ мæ ныхас кæнон, – дард æбæрæг кæдæмдæр кæсгæйæ, рагбонтæ мысын райдыдта уазæг. – Хорз фыссæг уыди æви æвзæр, уымæн æз тæрхонгæнæг нæ дæн. Фæлæ йæ дæсныйад тынг уарзта æмæ йæхиуыл нæ ауæрста фысгæйæ. Райгуырди æмæ схъомыл Джызæлы – фехъуыстаис ды дæр ацы хъæуы кой. Хъæздыг нæ царди, фæлæ йæ цардæй хъаст нæ кодта. Сæ хъæуы скъолайы сахуыр кодта, стæй та – Æрыдоны семинары. Семинары ахуыргæнæгæй базыдта æмæ бауарзта литературæ, йæхæдæг дæр фыссыныл фæлварæнтæ кодта. Ноджы ма хъуыды кæнын, йе 'мбæлттимæ Æрыдонæй Дзæуджыхъæумæ фистæгæй куыд фæцыдысты Къостайы фенынмæ. Къоста чи у, уый дын амонын ма бахъæуæд!

Æз мæхицæй ныббуц дæн æмæ йын сæрæстырæй дзуапп радтон:

– Кæй зæгъын æй хъæуы, зонын æй.

Уый бахудт æмæ дарддæр йæ ныхас нывæзта:

– Фæлæ, хъыгагæн, семинар фæуын йæ къухы нæ бафтыд.

Арсен æрæнкъард, йæ къухтæ йæ уæрджытыл уæззау æвæрд æркодта æмæ арф ныуулæфыд. Æз сцымыдис дæн, дарддæр цы уыд, уый базонынмæ сразæнгард дæн. Цы хабæрттæ дзырдта, уыдонæй йæ хъæлæсыуаг кæйфæнды дæр æрыхъусын кодтаид.

– Уæззау низы азарæй йæ бахъуыди йæ райгуырæн хъæумæ æрыздæхын. Фæлæ, ирон адæм куыд фæзæгъынц, кæмæндæр йæ сины саст фæрæстмæ, зæгъгæ, уымæн дæр йæ хъуыддаг афтæ рауад. Цы уыди, уымæй иуыылдæр сфæлдыстады анығъуылд. Йæ уацмыстæ йын газетты мыхуыр кæнын райдыдтой. Йæ фыруæзданæй йе ’цæг ном дæр никуы бафыста йæ фыстыты бынмæ, фæлæ йæхицæн æрхъуыды кодта фæсномыгтæ: «Хабос», «Ботас», хатгай-иу «А.К.» дæр ныффыста. Стæй, куы фæдзæбæх, уæд райдыдта скъолаты кусын, фæлæ йæ ахуыргæнæджы куыстæй фæсырдтой. Фæстæдæр ацыд Хуссар Ирмæ. Суанг ма Бетъырбухы дæр балæууыд.

– Æмæ йæ цæмæн фæсырдтой йæ куыстæй? – нæ та фæлæууыдтæн æз.

– Уый та дæхæдæг базондзынæ.

– Кæд дæ нæ фæнды, уæд дын æй нæ дзурын кæнын, – сразы дæн йемæ.

Дзурæджы рихиты бын ауыдтон хæлар, фæлмæн мидбылхудт. Йæ цæстытæ хин æрттывд фæкодтой. Цæмæй йыл мæ зæрдæ бынтон ма фæхуда, уый тыххæй ма мын радзырдта, кæй кой кодта, уыцы фыссæг ма цавæр газетты куыста, ирон мæлинаг æгъдæутты ныхмæ куыд тох кодта йæ уацмысты фæрцы, Дзæуджыхъæумæ куыд æрыздæхт, йæ хæрзиуджытæ куыд æмæ цæй тыххæй райста, æмæ ма бирæ цымыдисаг хабæрттæ.

Куыд æрталынг, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Уазæг уæззаугай йæхиуыл схæцыд æмæ загъта, цæуын афон ын кæй у. Йæ ныхæстæ мæм цалынмæ бахъардтой, уæдмæ Арсен къахвæндагыл адард.

– Цы фыссæджы кой кодтай, уый чи уыд?! – ахъæр ма кодтон йæ фæдыл.

– Йæ хабæрттæ дæ зæрдæмæ фæцыдысты?

– Йæ уацмыстæй мæ исты бакæсын æрфæндыд.

– Тагъд æй базондзынæ. Стæй æрмæст уый нæ, фæлæ ма æндæр ирон фысджыты уацмыстæ дæр. Чи зоны, дæхæдæг бацархайдзынæ, науæд та дын æххуысгæнджытæ фæуа.

Æз лæджы фæстæ кастæн æмæ не ’мбæрстон, мæхæдæг куыд базондзынæн, кæй кой кодта, уыцы фыссæджы. Кæнæ уыцы «æндæр æххуысгæнджытæ» чи сты?

Цалынмæ рахъуыды-бахъуыды кодтон æмæ йæ фæстæ уадтæн, уæдмæ уазæг бæлæсты ’хсæн æрбайсæфт, цыма тайгæ акодта. Лæугæйæ аззадтæн: не ’мбæрстон, цы ’рцыди, уый.

Нæ хæдзары къæсæрæй куыддæр бахызтæн, афтæ мæхи ныццавтон ирон литературæйы чиныгыл: цымæ, зæгъын, кæй кой кодта, уыцы Коцойты Арсен у. Чиныг арафæлдах-бафæлдах кодтон æмæ иу къаммæ кæсгæйæ аззадтæн. Мæ цæстытыл не ’ууæндыдтæн:

– Коцойты Арсен, – сдзырдтон мынæг хъæлæсæй, цыма мæ куы фехъуса, уымæй тарстæн, уыйау.

Къамæй мæм каст мæ абоны зонгæ, æрмæст асдæрæй. Бынтон дисы та мæ йæ амæлæты аз бафтыдта. Чиныг иуварс æрæвæрдтон æмæ хъуыдыты ацыдтæн: «Кæд мæ, мыййаг, хур æрæлвæста, æмæ мæ абоны фембæлд мæ цæстытыл ауад?» Иннæмæй та дызæрдыггаг нæ уыд, æцæгæй ныхас Арсенимæ кæй кодтон æмæ мын йæхи царды хабæрттæ кæй фæдзырдта – мæнæ сæ ныр чиныджы дæр бакастæн.

Цалдæр боны афтæ фæхъуырдухæн кодтон, стæй йын райстон йæ уацмыстæ æмæ сæ кæсын райдыдтон.

Уыйбæрц мæ зæрдæмæ фæцыдысты, æмæ дарддæр иннæ фысджыты уацмыстæм дæр бавдæлдтæн. Фæлæ кæддæриддæр райдайын сæ царды хабæрттæй, цыма мæхи уыдонимæ дæр хæрхфембæлдмæ цæттæ кæнын...

# САНАТЫ СЕМ

Комеди

*(Фольклоры мотивтæй)*

***Арын дзы мæ фыд Федыры рухс ном***

АРХАЙДЖЫТÆ:

С а н а т ы С е м

Б е с л æ н – тæгиатаг æлдар

И с л а м – бадилон æлдар

С а л а м – Цæразонтæй, хъæздыг лæг

Х о р ч е с г æ – Исламы чызг, Семы ус

Т е з а д æ – йæ мад

Х а н – Мадзары æлдар, мæликк

Æ х с и н – йæ ус

У æ ч е л – Мадзары æлдары галуангæс

К а н ч а р – Мадзары æфсæддон раздзæуæг

Л æ г – Тæгиаты хъæуккаг

У с – Тæгиаты хъæуккаг

Ч е г ъ р е – хъазтамонæг, фидиуæг

Г у й м а н – Бадилаты лæппу

У ы н а у ы т – хъæуккаг чызг

Тæгиатæ – адæм, Бадилаты фæсивæд, Мадзары æлдары фæсдзæуинтæ æмæ уынауыттæ.

*Архайд цæуы Хъæни, Бадилаты хъæу æмæ Мадзарсахары. XVII æнус.*

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

### Фыццаг ныв

*Хæхбæстæ. Рагон ирон хъæу. Мынæг рухс. Рацæуы урсбоцъо лæг. Йæ иу уæхскыл – рифтаг, иннæуыл – дыууадæстæнон.*

### 1-аг фæзынд

С е м. Фарн уæм дзурæд, хорз адæм. Æз дæн Санаты Сем. Рагон мæгуыр лæг. Æниу мæгуыр цæмæй дæн? Хуыцау мын радта зонд, æфсарм æмæ зæрдæ. Уыдон хуымæтæг хæзнатæ не сты. Уæлдайдæр ныр –

дызгъуын ræстæджы. Хорз лæг, дзæгъæлы худыс! Зæгъыс: «Сем цæй лæг у – йæхицæй æппæлы». Дæ бар дæхи. Кæл-кæл кæн. Худгæ кæн, хъуыды ма кæн, сагъæс æмгæрон ма уадз, æмæ цæрдзынæ бирæ-бирæ... Бæласыл дыргъ нæ зайы, уæд йæ къабæзтæ нæ сæттынц, дур ыл ничи цæвы... Æмæ уын уый дзырдтон. Æз дæн бæлццон. Цæуын æнусты сæрты – цæуын кæм хæрды, кæм уырдыджы. Цæуын зæрдæйæ зæрдæмæ, уæрмæй арвмæ... Цæуын адæммæ. Знæгтæ мæ сырдтой фæстейæ. Æз адард дæн. Мæ рыг дæр мын нæ раййæфтой, сæ рыг скæла. Æз дæр бастадтæн. Ацы фæндыр у Нарты хæзна. Дæттын æй сымахæн. Ма йæ фесафут, – уæд фесæфдзæн уе 'хсар, уæ намыс, уæ ном. Мæ рифтагæн йæ иу цæсты ис нæ Иры риссæгтæ, иннæйы – фыдæлты диссæгтæ. Æз уын сæ лæвар кæнын. А-гъа, дæлæ уыцы фæрныг лæг афтæ зæгъы: «Риссæгтæ дæхицæн уадз, диссæгтæй махæн æртадз». Хорз. Кæсут уæдæ маймулиты хъазтмæ.

**2-аг фæзынд**

*Тарæй рацæуынц æртæ æндæрджы.*
*Кафынц Семы алыварс.*

1-аг æ н д æ р г. Цы тæрхон ын скæнæм?

2-аг æ н д æ р г. Йæ сæр ын акъуырæм!

3-аг æ н д æ р г. Йæ царм ын бастигъæм! Удæгасæй!

1-аг æ н д æ р г. Цъысс! Дон ехсæй нæмут... Йе 'взаг! Йе 'взаг ын ачъепп ласæм! Цæрдудæй...

2-аг æ н д æ р г. Æгъгъи! Дæ тæрхон – раст. Карды дзæхст!

3-аг æ н д æ р г. Сæрхъæн! Цы дзы и раст?.. Йæ хæзнатæ, йæ хæзнатæ!

1-аг æ н д æ р г. Тыфтырыкъо! Йе 'взаг – йæ хæзна! Нæ сафæг! Уый нал ис, уæд адæм – куырм, сæ рохтæ – нæ къухы.

3-аг æ н д æ р г. Цъиусæртæ! Хæйрæг гобийæ дæр хæйрæг у. Хæзнатæ байсæм! Басудзæм сæ. Сæ фæнык сын дымгæмæ ныддарæм. Фæндыр! Фæндыр у нæ фыдбылыз. Ныцъцъæл, цыммур æй кæнæм. Нæ зæрдæ нын уый къахы, нæ хъæнтæ нын хурмæ уый калы.

2-аг æ н д æ р г. Куыдзæппарæн – йæ хос! Рифтаг – мæ быгъдуан. Хæлæттаг уæд!

3-аг æ н д æ р г. Фæндыр ардæм рагæлдзæ кæнут! Æз ын йæ уд сласдзынæн.

1-аг æ н д æ р г. Афтæ! Йæхæдæг та мæ амæттаг у. Гъæйтт-мардзæ!

Фæлæбурдтой бæлццонмæ. Талынджы анигъуылынц. Райхъуысы æрхæндæг музыкæ.

Рухс сабыргай йæ тыхы бацæуы.

Сем лæууы сæргуыбырæй. Йæ разы йæ рифтæгты скъуыдтæ, фæндыры цъæлтæ.

С е м. Цин кæнут, цин! Кафут нæ Иры цæссыгтыл, цъæх фæнык калут Иры хъыгтыл. Мæ фæндыр – сæстытæ. Чи ма уын мысдзæн нæ Иры мæстытæ? Ныр сымахæй ферох уыдзæн уæ ном, уæ бæстæ. Уæ цот уыдзысты уæ сыхæгтæн бæхгæстæ. Уæ зæхх – æхсæны хуым: дзырддаг æмæ дурæппарæн. Цин кæнут, бынхортæ! Фæлæ зонут: Семæн мæлæт нæй! *(Йæ гамхуд фелвасы æмæ усгур лæппу фесты)*. Сымахæн дæр сисон уæ гамхудтæ. Адæм, фенут сын сæ хæмхудтæ. *(Радыгай сын фелвасы сæ басылыхътæ)*. Уый дын Тæгайы уæздан фырт. Уый дын Бадилайы зондджын лæхъуын. Гъай та Цæразоны сахъ фæдон... Цæй, куыд, хур уыл скасти, нæ уæздæттæ? Цин кæнут! Хæзнатæ нал ис: уарзт алыгъд, æфсарм басыгъд, ныр кафут гаффуттæй. Хъусут халоны уаст – уый та уын фæндыр.

Б е с л æ н. Дæ хорзæхæй, бæгъæг нæ ма скæн.

С а л а м. Ныххатыр мын кæн. Рæдыды комы – æхсырфæмбал.

И с л а м. Отæ не ’нгъезуй... Фæлæуу-ма, фæлæуу. Афтæ куы дзурынц, Сем мæргъты ’взаг дæр зоны. Зæгъ-ма уæдæ: уæлæ халон цæуыл уасы?

Б е с л æ н. Зæгъ-ма йæ, зæгъ, кæд уыйбæрц пехуымпар дæ, уæд.

И с л а м. Æмæ цы? Бæгуыдæр æй зæгъдзæн.

С е м *(адæммæ)*. Нæ кæсут ацы ’взæртæм? Дзырдтыл мæ дарынц. *(Уыдонæн.)* Хъусут. Халон халонæн дзуры: «Ирон адæм сæфынц, сæ уавæр – тæссаг. Фервæзынæн сын цы хос и?» Иннæ йын зæгъы: «Уадз æмæ сæфой: холы – хæрх, махæн – хæрд». Фыццаг та йæм дзуры: «Тæригъæд сты, æнæнымæц адæм уыдысты, ныр армыдзаг баисты, – æгъгъæд сын фæуæд». Дыккаг зæгъы: «Сæ тæригъæд – сæхи. Кæрæдзи не ’мбарынц, æмæ сын знæгтæ сæ зæхх лæгуын кæнынц».

Б е с л æ н. Æгъгъæд у! Абон бæрæгбон у, халоны кой нæ фæтчы.

И с л а м. Нæ цин нын ма талынг кæн.

С а л а м. Ничи хъусы Тæгиаты кæвдæсардмæ! Зонд нын амоны! Цъиутысайд!

Б е с л æ н. Цæуæм, фынгтæ уазал кæнынц. Ды та, ололи, дæ дзыхыл

хæц. Адæмы ма змæнт! Бамбæрстай?

Ацæуынц.

С е м. Адон сынтытæ не сты, зæгъут, сынтытæ? Фæтæхынц холымæ. Тæхæнт! Æз та, Тæгиаты уæзæгыл хъазт ис, æмæ уырдæм бахъуытты уон. Цомут уырдæм! Уе 'ппæт дæр. Æрмæст уæ фæдзæхсын: цы фехъусат мæнæй, уый ма дзурут хъæрæй. Лæгыл уæ чи хæсса ныхас, уæд уымæн калмы сойæ бас.

*Байгом 2-аг æмбæрзæн. Хъазт.*

**3-аг фæзынд**

С е м *(иуварсæй кæсы хъазтмæ).* Цард цин æмæ уарзынæн у. Дунейы хъыгтæ цард скæниккой зындон, цæссыгтæ фæласиккой мæр, фæлæ зæхх уарзтæй дидинæг калы, æмæ нын цард у рæсугъд æмæ æхцон. Ехх, акæс-ма ацы рæсугъдтæм! Зæдбадæны сыгъдæг зæдтæ... Гæлæбутау пæр-пæр кæнынц.

Æрбазгъоры чегъре.

Ч е г ъ р е. Сем! Хæрхы сæрмæ æрбацæуы Канчар!

С е м. Канчар? Хъалон та йæ æрхъуыд.

Ч е г ъ р е. Бастыгъта нæ, цы ма нæ исы?

С е м. Æрбамбырд кæн фæсивæды. Сывæллæтты арвит æрхытæм. Хъæндæлы хус кæм арынц – ардæм сæ хæссæнт.

Ч е г ъ р е. Цытæ дзурыс,  ныртæккæ хъазынтыл стæм?

С е м. Куыд зæгъын, афтæ кæн. Стæй чепена кæндзыстæм.

Чегъре ацæуы. Сем хъазты бацыд. Уайтагъд симгæ иуварс рацæуы чызгимæ.

Ч ы з г. Ды сайгæ кæныс мæн.

С е м. Æз сайгæ? Дæу? Уанцон нæу! Æз кувæг лæг дæн, ды – зæд. Зæдæн цæй сайæн ис! Ды – хур, æз – мит, æмæ тайын дæ рухсæй.

Ч ы з г. Дæ гæды мыст æрцахсæд!.. Ха-ха, дон куыд фестадтæ, дон. Гæды!

С е м. Цæй дон – арт, арт! Ды – бæстыфидауц, уæздан. *(Чызг йæхи ныуусæздан кæны.)* Ды – арвы рухс! *(Чызг каркаситæ кæны.)* Дæ дзыккутæ – хуры тынтæ! *(Пъа сын кæны. Чызг алидзы худгæ.)* Ныр æз цы дæн? Уасаг гæды! Зæд дзы сарæзтон, æмæ уый дæр апæррæст ласта. Хæлиудзых! Цæй, гуырдзиаг дзабыр – космани, цы 'рцæуы, уымæн хос нал и. Куыдзæн цалынмæ дон... Ма кæн, ме 'взаг!

**4-æм фæзынд**

*Чегъре æрбацæуы фæсивæдимæ, сæ уæлæ зыгъуыммæ кæрцытæ, сæ къухты – хъæндæлыйы хæтæлтæ.*

Сем сын цыдæртæ амоны. Æрбацæуынц Л æ г æмæ У с.

Л æ г. Адон та цытæ сты?

У с. Мæнæ Сем сæрра и!

Л æ г. Цъиуты сайд у, уый хъуыстон, фæлæ хæйрæджы схуыст у, уый нæ зыдтон.

У с. Уæууа, цæй мæгуыр у, цæй! Цом, æлдæрттæн æй рафæзмæм.

Л æ г. Фæлæуу, маймулитæм бакæсæм.

*Фæсивæд Чепена кæнынц.*

С е м *(Чегърейæн)*. Гъей, лæппу, цæй уæзбын дæ? Дæ кæрц – бызгъуыр, дæ зард – хъуыр-хъуыр. Дæ ныхæстæ – дæрдджын чызгæй ихсыддæр. Цы гæс дæ, уый-ма зæгъ?

Ч е г ъ р е. Æз – хъомгæс.

С е м. Цы дæ фесæфт? Цы агурыс?

Ч е г ъ р е. Дыгæрдыг.

С е м. Цы хуызæн у?

Ч е г ъ р е. Тымбылтæ, нард.

С е м. Гъери-гъа, уый дыгæрдыг нал у, нал.

Ч е г ъ р е. Мæн хъуг нæ хъæуы. Дыгæрдыг мын, дыгæрдыг! (Кæуы.)

С е м. Сæлхæр ма у. Хъуг дыгæрдыг нал суыдзæн.

Ч е г ъ р е. Сæлхæр – дæхæдæг. Ныры заман къуырттон карк дæр бæдулæй агæпп ласы.

С е м. Уæдæ гъæй кæн, æмæ дæ сæгъ дзыкъи уыдзæн. Фæсивæд, фæлтау Чепена æркæнæм.

Ч е г ъ р е. Æркæнæм. *(Зары.)*

Ч е г ъ р е. Къусджыты бын – Цæбитæ.

Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!

Ч е г ъ р е. Фендзыстæм уын уæ митæ.

Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!

Сем ын йæ рад айсы.

С е м. Уæлæ рагъыл бæлæстæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!
С е м. Хæлæттаг у нæ бæстæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!

С е м. Садоны мын ызгъæртæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!
С е м. Нæ уæздæттæ – сæлхæртæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Тæрхъусы бæрц йæ хъару.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.
С е м. Уæддæр Беслæн æлдар у.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена!

С е м. Гæды ныхас аслам у.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.
С е м. Нæ тугцъир та Ислам у.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Цъæййаг хæрæг – фæразон.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.
С е м. Мæгуырæй хъал – Цæразон.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Аццытæ æмæ уццытæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.
С е м. Не ’хсинтæ, дам, хъуццытæ.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Тъепа кæсаг Æрæфы.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.
С е м. Расты фæстаг нæ сæфы.
Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Нæ фыды зæхх – Ирыстон.

Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

С е м. Ма йæ уадзæм гæныстон.

Ф æ с и в æ д. Ой, ой, Чепена.

Л æ г. Цытæ дзурыс, хæйрæдджджын?

У с. Де ’взаг ахауæд! Уисой мын фестæд!

**5-æм фæзынд**

*Ærбацæуы Мадзары ханы æфсæддон раздзæуæг Канчар нукерты къордимæ.*

К а н ч а р. Кафут æмæ зарут, и?

Ч е г ъ р е. Бæгуыдæр кафæм. Абон Рекомы бон у.

К а н ч а р. Банцай, хæххон дзигло! Уæ хистæртæм фæдзурут. Тагъд! *(Кафджытæн.)* Ахъуытты ут!

Фæсивæд мæсгуытæм схизынц. Ærбацæуынц Беслæн, Ислам, Салам. Табу кæнынц Канчарæн.

К а н ч а р. Ирон адæм! Уæ хъалон афоныл нæ фидут. Хан мæстæй цъæх пиллон калы.

С е м. Хъæмпы рагъ у – цавæр пиллон у?

Б е с л æ н. Хатыр, цытджын фæтæг, хатыр. Нæ хæс ахицæн кæндзыстæм... уæлдайджынтæй... рæхджы...

К а н ч а р. Абон! Ныртæккæ. Ævæстиатæй. Мæ хæстонтæ комы ссæуынц.

С е м. Мæ хæстонтæ фидæртты бадынц.

Б е с л æ н. Банцай! Дæхи уæздæтты ныхасы ма тъысс. Фесæф ардыгæй!

К а н ч а р. Гъай цавæр æрра у? Цæй æфсад, и?

С е м. Нæртон æфсад. Скæс мæсгуытæм, акæс къуыппытæм. Топпæхсæнтæй кæсынц гуыппырсартæ, алы дуры фæстæ бадынц сагсуртæ.

К а н ч а р *(ракæс-бакæс кæны)*. Уынын, цыдæртæ змæлы ам. Фæлæ махмæ – мадзайраг топпытæ, сымахмæ та цы ис? Хæрæгтæрæн хъилтæ!

С е м. Ам алы дур – хæстон, йæ къухы – персайнаг æрвнæрæн.

Мæсгуыты сисдзæфтæй разынынц хæтæлтæ. Канчар скатай.

К а н ч а р. Хъалон – ханæн!

С е м. Æнтъæргæ кæн! Дæ цард – дæ тæлæт. Хотыхтæ куы ныннæрой, уæд дæ сæр сабитæн пурти фестдзæн.

К а н ч а р. Сæрдартæ! Гъай чи у, кæцæй фæзынд?

Б е с л æ н. Нæ фыдбылыз – уæларвæй.

К а н ч а р. Æз уал цæуын. Рæхджы уыл арв ныккæлдзæн. О, хæдæгай. Мæ хордзенты уын æртæ лæвары ханæй. Уæлдæр уæ чи у, уымæн фыццаджы бар.

Хордзен сын баппары. Ацæуы.

Л æ г. Сем нæ сафдзæн, хæст нын къахы.

У с. Цы ныхъхъил кодта, цы, уыцы топпытæ?

Б е с л æ н. Фыццаг бар – мæн. Æз Тæгайы фырт дæн. Тæга Сомихы паддзахы фырт уыд!

И с л а м. Ды мæныл барыс дæхи? Бадила гуырдзыйы паддзахы фæтæг уыд.

С а л а м. Хæрæджы дымæг уыд! Уæздан чи у, уый æз: Цæразон Ромы паддзах уыд!

Б е с л æ н. Хуыздæр хай мæн у!

И с л а м. Мæн, мæн!

С а л а м. Æз та ам хуыртæ ’хсæдын!

Б е с л æ н. Йæ цардæй уæ чи схъыг, уый йæм фæныхилæд!

Хордзентæ ратон-батон кæнынц. Сем чызджы фæурæдта. Иуварс æй кæны.

С е м. Фырытæ – хылмæ, дalыстæ – хизынмæ. Мæ цæсты гагуы! Ныхæстæ ницы сты, фæлтау дын азарон.

«Цом фæсрагъмæ,

Цырагъ æрхæссæм, гъей.

Цом фæсранмæ,

Цы ран æрх...»

Ч ы з г. Фæлæуу! Кæрæдзи марынц – баиргъæв сæ.

С е м. Ма сын тæрс. Халон халоны цæст нæ къахы. Кæрæдзи пакъуы ацæгъддзысты, стæй та сæ холы иумæ хæрдзысты.

Ч ы з г. Кæс-ма сæм, сæ кæрдтæ сластой. Курын дæ, лæгъстæ дын кæнын – баиргъæв сæ.

С е м. Бузныг. Иугæр мын лæгъстæ кæныс, уæд сæ мæ бар уадз.

Гъей, нæ бодзтæ, гуымс кæнут сыкъайæ, нæ? Ардæм рацæут, æмæ уæ баиргъæвон.

Хылгæнджытæ сагъдауæй аззадысты.

С е м *(адæммæ)*. Куыйтæ фæхыл сты, уæд сыл дон бакал, æндæр хос сын нæй.

Б е с л æ н. Ды та дæ уый, нæ кæвдæсард, ды? Сылгоймаджы кæрдæнау мæ разы цы ’рхаудтæ, и?! Иуварс, æз сын мæ фæринкæй сæ сæртæ ракъуырон.

И с л а м. Кæй сæр? Ацы кард дын дæ цъиусæр ацъыкк ласдзæн.

С е м. Гъери-гъа! Сæртæм куы хъават, уæд уын тас нæу æртæйæ дæр.

С а л а м. Ныр æцæг цы нæ фæйнæ...

С е м. Хорз, хорз, дарддæр æй мауал зæгъ!

Б е с л æ н. Фесæф нæ разæй. Ардауæг, дам, кæф сайы, иргъæвæгыл цæф уайы.

И с л а м. Йæ рохтæ йын æгæр суагътат, Тæгиатæ.

Б е с л æ н. Ныккуыйты йæ уадз. Йæ куыст дзурын у, æмæ лæхуры. Мах æфсымæртæ стæм. Лæвæрттæ байуарæм.

С а л а м. Уый дын лæджы ныхас.

Хордзенæй хæрæджы сæр æрхауы. Джихтæ кæнынц.

Ацыдысты.

С е м *(иунæгæй)*. Æнæрай скæнут уæ уæздандзинадæй. Мæ зæд та атахт. Гъай цавæр бæрæгбон у?.. Бæрæгбон нæ, фæлæ мархо. Цæй, комбæттæн кæм вæййы, уым комуадзæн дæр æрцæуы. *(Сисыл сбады æнкъардæй.)* Е-ехх! Худын, афтæмæй мæ зæрдæйы – зындон. Уарзондзинад – мæ уды хос. Уый нæй, зæгъгæ, уæд афонмæ сæрра уыдаин. Æниу мæ рæсугъдтæ дæр иттæг нал æндавынц. Мæ зæрдæ – цæф, йæ хъæдгом – Ирыстон. Ферох нæ сты нæ ном, нæ кад. Фыды зæхх нын мæстад скодта. Уæй йæ кæнæм, уадзæм æй дзæгъæлæй. Фыдыбæстæ кæмæн нæй, уымæ нæй æхсар æмæ æфсарм. Уый искæйон у. Цы ма стæм ныр? Цагъды уæлдæйттæ. Уыдон дæр кæрæдзийæн – марг æмæ уæнгæл. Æмæ нæм алырдыгæй хъыззы-хъыззы кæнынц. Йæхæдæг ницæйаг чи у, уый дæр нæ тыхтона кæны. Дуры сæр – нæ цæрæн, уым дæр нæ æлхъивынц. Гъей уæууай, гъе!

**6-æм фæзынд**

*Æрбацæуы Беслæн.*

Б е с л æ н. Сем, мæ къона, ды ме ’фсымæр дæ. Искуы дæ уазæджы цæстмæ афхæрын, уый дæм хъыг ма кæсæд.

С е м. Нæ мæм кæсы хъыг. Хæрæджы цин дæндагæй.

Б е с л æ н. Æдзух æвзæр дзыхæй ма дзур, гормон. Мах, Тæгиатæ, дæуæй сæрыстыр стæм. Ды нæ туг, не стæг дæ. Уыимæ зонды къуыбар, дзыхы къæбæл, пехуымпар...

С е м. Хуыцауы тыххæй, Уастырджи мæ ма скæн.

Б е с л æ н. Æмæ уæд цы мæнг зæгъдзынæн? Ды нæ сæрхъызой дæ! Фæлæ ацы хатт Аларды куы разынис, уæд дын Тæгиатæ куывд скæниккой.

С е м. Тобæ зæгъ! Æз мæ уд уарзондзинадыл хъарын, ды та мæ рыны бардуаг аразыс.

Б е с л æ н. Лæппу сонт у. Байхъус, бамбар мæ. Мах Тæгиатæ стæм, нæ? Уæздан адæм. Нæ уæнгты паддзахы туг æнхъæвзы. Мах кадджын стæм, фæлæ нæ Бадилатæ размæ нæ уадзынц. Æмбарыс мæ? Ныццæгъд Бадилаты! Сæ хъæстæ сын аскъуын! Уæд Ирыстоны сæр мах уыдзыстæм! Æмбарыс мæ?

С е м. Тынг, тынг, дæ бон ныккалай. Дæ фæнд – бæрæг, дæ зонд – къуындæг. Фæлæ иугæр мæ туг, ме стæг дæ *(иуварсмæ)* – пуй, хæрæджы туг фест! – уæд мæм хъусгæ кæн. *(Цыма арвимæ ныхас кæны, афтæ.)* О, табу дæуæн, Бæрзондылбадæг. Хъусын æмæ кусын. Бæрн æмæ фарн. Беслæн уæрмы сæрты агæпп кæнæд, æмæ йæ фæнд сæххæст уыдзæн. Хъусын æмæ кусын. Табу дын уæд. Фехъуыстай? Уæдæ афтæ бакæн. Агæпп кæн уæрмы сæрты æрмæст, æмæ дæ фæнд уыдзæн æххæст.

Б е с л æ н. Уый дын мæ быгъдуан. Ныр фендзыстæм, чи цы у, уый! Цæй, кæм ис уæрм?

С е м. Мæнæ ам. Ардæм – рæвдз. Замманайы хъургъ у. Знон æй дæ цагъартæ скъахтой – дæуæн. Ома дæуæн картофдон!

Б е с л æ н. Цавæр картофдон? Ам, фæзы астæу?

С е м. Хатыр, фæрæдыдтæн. Куысыфтæг æфснайынæн. Ды йæ сæрты – сæррæтт, æмæ не знæгтæ былæй – хæррæтт.

Б е с л æ н *(акатай кæны)*. Ей, мæ лæппуйы бонтæ, цы фестут, цы!

С е м. Ныр дæр саг лæппу дæ. Размæ!

Б е с л æ н. Дæ пъирийыл хæц – ма мæ хъыгдар!

С е м. Хорз, хорз. Гъопп зæгъ æмæ гæпп. Гъа-ма! Цæргæс тæхгæйæ фидауы.

Б е с л æ н. Иуварс, кæвдæсард!

Разгъордта, гæпп æмæ уæрмы смидæг.

С е м. Уый дзы цæргæсы зыввытт уыди, гъе!

Б е с л æ н *(уæрмæй)*. Слас мæ тагъд, цъаммар!

С е м. Сабыр, сабыр. Уæртæ адæм æрбацæуынц. Æрра дæ фæхондзысты. Къуымы æнцад бад æмæ хъуыдытæ кæн. Хъуыдытæ базыртæ сты. Æрымыс дæ тæригъæдтæ.

Сбадт та сисыл æмæ зары.

**7-æм фæзынд**

*Æрбацæуы Ислам.*

И с л а м. Цы фæдæ, мæ хъонагъ? Гъай диссаг нæу, Тæгиаты æвзæртæ куывды бадынц, сæ пехуымпар та сисæй стонг маргъау уасы. Цард мæнгард у, Сем, цард. Дæу кæвдæсардæй тонынц. Кæй? Сæ хуыздæры! Уый куыд у, уый?

С е м. Хъæбæр лæгъуыз.

И с л а м. Æз дæр дын уый нæ зæгъын, æз? Сем, мæ хъонахъ, иу фæнд мæм ис. Тæгиаты мын ныццæгъд. Скуынæг сæ кæн бынтон! Уæд Бадилаты къухы уыдзæн Ирыстоны хъысмæт. Æмбарыс?

С е м. Цы ’мбарын æй хъæуы.

И с л а м. Уæд Иры сæргъы мах сæвæрдзыстæм дæу. Уыцы бынат дæумæ хауы.

С е м. Бынат мæнмæ хаудзæн, фæлæ æз та кæдæм хаудзынæн уæд?.. Хорз, разы дæн. *(Арвмæ.)* Табу дæуæн, Бæрзондылбадæг. Уарзт æмæ раст. Кад æмæ рад. Ислам мын ратдзæни йæ кард, æмæ цæудзæн йæхи фæндон йæ цард. Уæрмы сæрты – гæпп. Хъусын æмæ кусын. Фехъуыстай? Хуыцау дын цы зæгъы, уый бакæн тагъд, уыдзысты уæд дæ фыдызнæгтæ цагъд.

И с л а м. Мадта, е куд æй? Цæй кард? Цæй уæрм?

С е м. Кард ардæм рагæлдзæ кæн, – Хуыцауы лæвар. Уæрмы сæрты асæррæтт лас, æмæ де знæгтæй сæрибар дæ.

И с л а м. Уый дын мæ бар... Иуварс, гæвзыкк!

С е м. Хуыцауы сайыс? Дæ гæпп фæмæнг уыдзæн. Кард!

И с л а м. Гъа, дæ уырджы йæ ссар!.. Мæлæты уæрæх у. Уæ хуыздæрты ам нығæнут, – дардыл æй цы ныззылдтат?

С е м. Рæвдз кæн – Цæразон æрбацæуы.

Ислам гæпп кæны æмæ уæрмы ныххауы. Сæ хъæлæба ссæуы.

С е м *(уæрммæ)*. Хъæлæба ма кæнут, науæд уæ хъуыддаг цъæмæл у.

**8-æм фæзынд**

*Æрбацæуы Салам.*

С е м. Ды дæр фæзындтæ? Иу сынт кæдæм тæхы, иннæ дæр уырдæм. Цæй, зæгь æй, дæу та цы хъæуы?

С а л а м. Мæн ницы. Æз раст лæг дæн. Æз мæхицæн ницы агурын. Æрмæст, мæ размæ дæм цы минæвæрттæ уыд, уыдон фæндтæ сæххæст кæн. О, дæ рынтæ бахæрон, о.

С е м. Гъай, хуыцауы гæрдах чи у, уый! Дæуæн сæфынæй тас нæу.

С а л а м. Дæ фæрцы, Сем, дæ фæрцы.

С е м. Уæдæ мæнæн – дæ кард, дæуæн та – мæ бархъомыс.

С а л а м. Мæ кард?! Цæразонты æхсар æмæ намыс? Уый дæ дзыхы радавинаг нæу! Кæвдæсард!

С е м. Рæдийыс, Цæразон. Бирæгъ нал ис, уæд рувас уыдзæн æлдар.

С а л а м. Дæ бынат зон, куыдзы хъæвдын!

С е м. Хорз нæу – дæ хæрæфырты куыдзы хъæвдын хон. Æри дæ кард.

С а л а м. Багъæц, æз дын дзы дæ сæр адзæнгæл кæнон!

Сласта кард. Сем лæдзæг фелвæста æмæ лæджы уæрмы ныппæрста.

С е м. Уæ хъул нæ абадт сах, æмæ уыл ахуддзыстæм мах... Хорз адæм, уарзæндон цы у, уый зонут? Фыстæй иу налат фæвæййы, йæ уæрыччы не 'руарзы æмæ йæ дæйын нæ фæуадзы. Уæд сын кауæй нарæг зилакк сбийынц, уым сæ бакæнынц. Фысæн фезмæлæн нæй, уæрыкк æй дæйы, æмæ йыл мад фæстагмæ фæцайдагъ вæййы. Адонæн дæр уæрм разынæд уарзæндон.

Б е с л æ н *(уæрмæй)*. Гъей, цъаммайраг! Слас нæ тагъд!

С е м. Хъуыды кæнут æмæ фервæзат... Ехх, цæй мæгуыр дæ, нæ бæстæ! Ды – холы, адон – сынтытæ. Фынг æртæ къахыл лæууы, адон та кæрæдзи сæфтмæ бæллынц. Хорз, æмæ сын сæ кæрдтæ байстон. Æниу сын цæмæй тæрсын – куыдз куыдзыл нæ хæцы.

Б е с л æ н *(уæрмæй)*. Слас нæ тагъд, кæвдæсард, кæннод дæм цæуын æмæ дæ марын.

С е м. Рацу, рацу, амар мæ, æнхъæлмæ дæм кæсын.

С а л а м *(уæрмæй).* Сем! Мæ хуыздæр хæрæфырт. Хæрæфырт тугисæг у. Зындоны мæ ма ныууадз.

С е м. Ничи йæм хъусы? Цъулбертæ!.. Цæй, куыдзы куыдзæй ничи фæзмы. Гъей, уæздан æлдæрттæ! Кæрæдзи уæхсчытыл слæууут æмæ сбырдзыстут.

*Фæзы иннæ кæронмæ ацæуы.*

**9-æм фæзынд**

*Адæм здæхынц фæзмæ.*

Л æ г. Æфсад фæлидзынц! Фæлæ мæнæн уæддæр мæ гал бахордтой. Хæрæджы сæр бахæрæнт!

У с. Мæнæн мæ хъуг аирвæзт. А-гъа-гъа, фæцæй йæ скъæрдтой. Æз æй хъæумæ тардтон, уыдон – хъæдмæ. Æз – ихсыд, уыдон – æнæдомд лæппутæ, богътау æй сæ разæй айстой. Уалынмæ лидзæг фесты. Комы ныббындз сты, а-гъа-гъа! Лæг у Сем, лæг!.. Цымæ йын уыцы хотыхджынтæ цы уыдысты?

Л æ г. Чи йын цы зоны? Кæнæ йæ зæдтæ, кæнæ йæ хæйрæджытæ.

С е м. Хорз адæм. Хуымæн хъуамæ кæнæ гæс уа, кæнæ йыл гæрæн уа. Науæд хæлæттаг у. Махæн нæ бæстæйæн гæс нæй, нæ арæнтæ – гом. Æз фæдис хъæр кæнын: гъе, мардзæ, нæ фæсивæд, базмæлут! Хъусæг мæм нæй. Æз уæм сидын: хъахъхъæнæм нæ бæстæ, нæ бартæ, нæ намыс. Сымах мæ æрра æмæ фыдгæнæг рахонут. Кæрæдзи бамбарут, ирон адæм. Знаг нæ иуы куы ’фхæра, уæд ыл иннæтæ цин ма кæнæнт. Мæсыгæй иу дур куы рахауа, уæд кæлæдздзаг кæны.

Л æ г. Дæу цы фæнды, уый-ма зæгъ.

С е м. Мæн фæнды, цæмæй ирон дзыллæ уой адæм – æхсарджын, хъуыдыджын, намысджын!

Ф æ с и в æ д. Раст зæгъы! Раст зæгъы! Сем цы зæгъы, уый кæнын хъæуы!

**10-æм фæзынд**

*Æрбацæуынц Беслæн, Ислам, Салам.*

Б е с л æ н. Ныхъхъус ут! Змæнтæг, дæу та хъуамæ æрцауындзæм де ’взагæй.

Л æ г. Афтæ йын хъæуы. æлдæртты разæй дæхи уынаффæгæнæг скæн!

У с. Ӕдзæсгом! Нæ кæстæрты нын фыдбылызы æппардзæн. Кæуылдæр сæ ардауы. Уæд ма исчи афтæ кæны? Загъдкъахæг – гæбæр къуди!

С е м. Хорз ус, дæ хъуг æнæдыгъд баззади.

У с. Дæддæй, мæ бон! Мæ хъуг, мæ хъуг! Мæ дарæджы мын чызджы скъæфт кодтой.

**11-æм фæзынд**

*Ӕрбазгъоры чегъре.*

Ч е г ъ р е. Ам Ислам чи у?

Б е с л æ н. Сæрхъæн! Бадилон æлдар чи у, уый нæ зоныс?

Ч е г ъ р е. Мæ номæвæрæг нæу, цæмæй йæ зонын. Фæлæ йæ зæххыл адæм растадысты, йæ хæдзæрттæ йын судзынц, уый хорз зонын.

И с л а м. Ӕрра фæдæ, цытæ мысыс?

Ч е г ъ р е. Дæ хæрæфырт æрбахæццæ фæдисы. Йæ бæх фæндагыл фæмард, йæхæдæг хъæуы бын лæф-лæф кæны.

Б е с л æ н *(чегърейæн).* Ахъуытты у дæ уацтимæ! *(Уый ацыд.)*

И с л а м. Мæ хæдзар хæлы. Беслæн, цы бакæнон?

Б е с л æ н. Цæуын дæ хъæуы. Ӕвæстиатæй.

С а л а м. Сæпп кæн æмæ дæ сау адæмæн хъæбæр ехсæй сæ къембуртыл баузæл.

И с л а м. Ӕфсад хъæуы, æфсад!

Б е с л æ н. Бæргæ, фæлæ...

Ч е г ъ р е *(фæстæмæ фездæхт).* Ӕлдæрттæ! Гуырдзыстонæй фæдисон!

Б е с л æ н. Цы йæ хъæуы? Кæм и?

Ч е г ъ р е. Уæртæ йын устытæ бæгæны дарынц. Пъерсы сах сæм æрбабырста æмæ сæ цæгъды.

Б е с л æ н. Цæгъды сæ, зæгъыс?

Ч е г ъ р е. Кæфты цагъд.

С а л а м. Цæуын хъæуы фæдисы.

Б е с л æ н. Фæрæты бынмæ?

С а л а м. Фыццаг хатт нын у? Хæцгæ нæ адæм кæндзысты, мах та... Ха-ха-ха! Уым та сæн уыдзæн, сæн!

Б е с л æ н. Уæллæй, æцæг! Стæй – уфф-уфф – уыцы нард æхсинтæ!..

И с л а м. Баххуыс мын кæнут!

Б е с л æ н. Гуырдзыйæ худинаг у – уырдæм нæ цæуын хъæуы.

С а л а м. Ерыстаутæ нæ туг, не стæг сты.

С е м. Дыгуры куывд куы уаид, уæд адон сæ разæй никæй ауадзиккой. Ислам, æз цæуын демæ.

И с л а м. Ды?!

С е м. Æз! Бæлццонæн лæдзæг дæр æмбал у.

И с л а м. Цæй, хорз. Тæгиатæ, уæ алы уазæг дæр уæ афтæ разыйæ цæуæд. *(Фæцæуы Семимæ. Фæстæмæ.)* Ирон хæсмæ тындзæн нæй.

С а л а м *(сæ фæстæ)*. Уадз æмæ пиллон калой! Ха-ха-ха!

Б е с л æ н. Сабыр! Адæм нæ хъусынц. Цин дæр ыл тынг ма кæн. Дымгæджын рæстæг у – артæн йæ зынг ардæм дæр фесхъиудзæн.

С а л а м. Тобæ, тобæ!

Л æ г. Цъысс æмæ дзеудзæлæй! Нæ бæрæгбон æрбасулæ-мулæтæ ис.

*Ацæуынц.*

## Дыккаг ныв

*Бадилаты хъæу. Исламы хæдзар.*

### 1-аг фæзынд

*Æрбацæуынц Ислам æмæ Сем.*

И с л а м. Мæ фыдыстæн, лæг дæ. Мæ адæмы мын ныссабыр кодтай æнæ цæф, æнæ гæрахæй.

С е м. Хыл халгæ кæны, фидыд – аразгæ.

И с л а м. Хуыцау дæ исразы уæд. Ды фыдбылыз нæ дæ, фæлæ сабырдзинады дзуар. Дæ хæрзтæн бафидæн нæй. Нæй, мæ фыдыстæн. Абонæй фæстæмæ мæнæн дæуæй хъазардæр æрдхорд нæй.

С е м. Бузныг. Фæлæ хъæздыг æмæ мæгуырæй цæй æрдхæрдтæ ис?

И с л а м. Отæ ма дзорæ! Мæ хæдзар – дæ хæдзар, мæ ис – дæ ис... О, æрбахæццæ стæм. Мæ галуанæй цы зæгъдзынæ, хохаг, и?

С е м. Агъуд хорз у, апп дæр фенæм.

И с л а м. Йæ апп – хæзна, хæзна!

С е м. Лæгæй куыд у, лæгæй?

И с л а м. Лæгæй, зæгъыс? Зæдбадæн! Сызгъæрин къæлæтджыны чи бады, уый идауæг у.

С е м. Сызгъæрин кæрийыл цы халон бады, уымæй, сæнарыл цы булæмæргъ бады, уый хуыздæр у.

И с л а м. Сæнарыл цæрыс æмæ æндæр цы зæгъай... Цы фесты нæ адæм, рын сæ фæхаста?

С е м. Зæд сæм æртахт, æмæ дзы æмбæхсынц.

И с л а м. Хатыр, æз сæм бакæсон. Хъуамæ дын скæной цытджын уазæджы кад.

*Ислам фæцæуы агъуыстмæ. Кæрты йæ размæ фæци йæ ус Тезадæ.*

**2-аг фæзынд**

Т е з а д æ. Фæзындтæ, дзæгъæлдзу? Кæм рахæт-бахæт кодтай, цъумур куй?

И с л а м. С-сс, æдде уазæг и.

Т е з а д æ. Схъæлби, ке та ’рластай дæ фæдбæл? *(Æртыскæнæй йыл æрцыди).* Уый дын лекка, уый дын уазæг, уый дын мæ тæригъæд!

И с л а м. Ма гириз кæн! Исчи нæ уыны.

С е м *(æдде).* Мæнæ уплитæ! Нартæ! Зæд сæм æртахт, уыдон æй нæмынц.

И с л а м. Сабыр, сабыр. Уый мæ ирвæзынгæнæг у. Уый нæ уыд, уæд дæ сахъ лæгыл дæ рустæ тонис.

Т е з а д æ. Уæд мын æрбамæл! Мæ рустæ нæ, мæ хъуынтæ дыл ныттондзынæн.

И с л а м. Ма зæгъ, не ’фсин. Табæты цы мой хуыссы, уымæй, сынтæджы чи ис, уый зынаргъдæр у.

Т е з а д æ. Ам – къодах, уым – кæлдым.

И с л а м. Уый дæ уд зоны! Еуæ, – зæгъ фæсдзæуинтæн, куывд ацæттæ кæнæд.

Тезадæ ацыд. Рауайынц 2 лæппуйы.

И с л а м. Цъаммæрттæ, фынæй та кæнут, нæ? *(Ехсæй сыл æрцыд).* Хорз уын аныхтон уе ’рæгътæ, и?

Л æ п п у т æ. Бузныг, не ’лдар, бузныг дæ рæвдыдæй.

И с л а м. Уæдæ афтæ. Ис нæм цыты уазæг. Кусарт акæнут. Ам фынгтæ авæрут, фæдзурут фæсивæдмæ, саразут хъазт.

Л æ п п у т æ. Уый дын мах бар фæуæд. *(Фæцæуынц).*

И с л а м. Фæлæуут! Æдде уазæг. Хæсгæ йæ ракæнут. Рæвдз!

Лæппутæ ауайынц æмæ сæ къухтыл æрбадавынц кæртмæ Семы.

И с л а м. Цæй, куыд, мæ буц уазæг? Хорз кад дын нæ кæнын?

С е м. Æлдары кад!

И с л а м. Æмæ æлдар дæ, æлдар. *(Лæппутæ фæйнæрдæм азгъорынц).* Мæ хæлар Сем! Ам дæхи æлдар хон.

С е м. Ныууадз, мæнæй цæй æлдар и.

И с л а м. Уазæг фысымы бар у. Æз дæ цы хонын, адæм дæр уый.

С е м. Æз Сем дæн, уыцы ном мæнæн фаг у кадæн дæр æмæ радæн дæр.

И с л а м. Нæу, нæу, мæ хъонахъ. Æз чи дæн? Æлдар. Мæн чи фервæзын кодта? Æлдар.

С е м. Æз чи дæн, уый куы базона дæ ус, уæд дын дæ синтæ æртыскæнæй аныхдзæни цъус.

И с л а м. Усы кой ма кæн!.. Цом нæхи ныхсæм. Уæдмæ срæвдз уыдзæни фынг дæр.

*Ацыдысты.*

*Лæггадгæнджытæ зилæнтæ кæнынц. Фæстагмæ рацæуынц фæсивæд, саразынц хъазт.*

### 3-аг фæзынд

*Æрбаздæхынц Ислам æмæ Сем.*

И с л а м. Уыныс, цы кад дын кæнын! Уæздан лæг хорздзинадæн уæздан дзуапп дæтты. Ныр афтæ бакæнæм. Ды хъазтмæ бацу. Æркæс, фен. Нæ чызджыты хуыздæртыл афæлгæс. Дæ цæст кæуыл æрæвæрай, уый дын а лæппу дæ фыццаг скæндзæн. Мæ фыдыстæн. Æз мæ фæллад суадзон. Табуафси.

Ацыд хæдзармæ.

Лæппутæ Семы хъазтмæ бахонынц.

С е м. Фарн уæ хъазты, уæздан фæсивæд.

Г у й м а н. Фарны къах нæм æрбавæр.

С е м *(иуварсмæ)*. Гъей, хохаг, дæ хъуыддаг хорз нæу, фæлæ фидар лæуу.

Г у й м а н. Уазæг лæппуйæн иу кафт.

С е м. Фысымты разæй саг дæр нæ фехсдзынæн.

Г у й м а н. Саг æхсын ам уазæгмæ не 'рхаудзæн – нæхимæ цуанонтæ бирæ ис.

Х о р ч е с г æ. Дæ фæнык фесаф, кæд дæуæй цуанон нæй!

С е м. Уый дын чызджы дзуапп!

Г у й м а н. Ма кæн, къæйных, скъæфын дæ!

Х о р ч е с г æ. Мæлæты маргъ! Дæ дзых – дæ бæх, фæлæ дæ халон йæ ахстонмæ ма фæхæссæд.

Г у й м а н. Дзыхæй рæвдз дæ, фæлæ ма кафгæ æркæнæм, кафгæ.

Х о р ч е с г æ. Æз æмæ ды? Дæ мад тæригъæд у. Куы разилон, уæд дæ мæ дымгæ фæхæсдзæн.

Г у й м а н. Фæндыр! Æрмдзæф!

Гуйман æмæ Хорчесгæ кафынц. Сем иу чызгæн сусæг ныхæстæ кæны. Чызг худы, цыдæртæ дзуры. Сем йæхи иуварс асайы.

С е м *(йæхицæн)*. Уый нæу. Æдзæхх у. Лæгъзад кæны.

Гуйман фæкæлы.

Х о р ч е с г æ. Дайраны хид – тæбынæй, Гуйман хъазты фæбынæй.

С е м. Æмæ цы? Иу хатт саг дæр фæкæлы.

Г у й м а н. Уазæг, ныр та ды сфæлвар. Фенæм дын дæ гæнæнтæ.

Сем æрзилы, чызджытыл йæ цæст ахæссы, кæйдæр раз æфсоны лæуд æркæны, стæй рахоны Хорчесгæйы.

Г у й м а н. Гъæйтт, хохаг, бабын дæ! Емылыкк байрагыл фæхæст дæ.

С е м. Ахсыс, уæд æфсургъ, æнæбадт æфсургъ!

Сем æмæ Хорчесгæ кафынц ерысæй.

Г у й м а н. У, гауыр, кæс-ма йæм, кæс! Хæрдмæ хау, хохаг быдыры чъыллипп кæны.

Кафт фæци.

С е м *(Хорчесгæйæн)*. Мæ пырх мын акалдтай, бур дзæбæх.

Х о р ч е с г æ. Уазæджы хатыр дын уыдис – уæлæнгæйтты аирвæзтæ.

С е м. Ацы къуыдипп дæ емылыкк байраг дзæгъæлы не схуыдта.

Х о р ч е с г æ. Байрагæн хорз барæг хъæуы.

С е м. Æмæ цæмæй нæ дæн æз барæг?

Х о р ч е с г æ. Уагæры цæмæй дæ ифтонг?

С е м. Мæ дзырд – архъан, мæ цæнгтæ – рохтæ, мæ цæстæнгас – мæ ехс.

Х о р ч е с г æ. Дугъоны ехсæй не скъæрынц, фæлæ хорæй.

С е м. Мæ хъугæмтты хъæбæрхор – хæрх.

Х о р ч е с г æ. Хъæбæр хорыл *(æвдисы тымбыл къух)* ахæм хъæбæр их дæр æрцæуы.

С е м. Æрцæуæд! Йæ зæнг мын *(амоны йæ цонг)* амæй ставддæр у – нæ фæтасдзæн.

Х о р ч е с г æ. Хъæбæр зæнгыл арт дæр сирвæзы, æмæ уæд æвзалы кæны.

С е м. Йæ хъæд ахæм у, æмæ артæй нуарджындæр кæны.

Х о р ч е с г æ. Хæйрæджы хай фæу.

С е м. Тæрсын, де ’лгъыст мыл æрцыд.

Г у й м а н. Дзураг уазæг – тулаг уасæг. Ислам-æлдар дæм æнхъæлмæ кæсы.

С е м. Цæуын, фæлæ мæ зæрдæ ам уыдзæн.

Х о р ч е с г æ. Ма йын тæрс – дæ фæстæ дын æй фервитæм.

*Сем ацæуы.*

**4-æм фæзынд**

*Ислам æмæ Сем.*

И с л а м. Цæй, дæ цæст истæуыл æрхæцыд?

С е м. Æгæр, æгæр.

И с л а м. Дæ хъуыддаг раст. Кæд æй сбæрæг кодтай, уæд æй мæ бар уадз, æз дын æй дæ фæсарц баппардзынæн. Мæ фыдыстæн.

С е м. Дæ дзырдæн хицау дæ?

И с л а м. Дзидзидай!.. Чи у, цы хуызæн у – зæгъ мын æй æрмæст.

С е м. Зындоны мæ баппæрстай. Уæ чызджытæ – арвы стъалытæ. Мæ сæр разылд – кæцымæ дзы кастаин, уый нал зыдтон.

И с л а м. Æнæфенд хохаг! Мæгуыр уæрццæн зад хуымы хизын нæ фидауы.

С е м. Мæгуыр уæрццæн уад æрхæссы. О, æмæ дын уый дзырдтон. Мæ цæстытæ дзæгъæлтæ кодтой...

И с л а м. Биццеу фæгъæла! Цыбырдæр дзур, науæд æхсæв цæуы, æмæ де стъалытæ сæумæ фæтар уыдзысты.

С е м. Уæдмæ Бонвæрнон скаст, æмæ иннæтæ æцæг бамынæг сты.

И с л а м. Хорз, хорз! Чи у, цавæр у.

С е м. Хуры чызг! Йæ цæстытæ – æрвыг, йæ дзыккутæ – зæрин, йæ цæсгом – рухс, сæуæхсиды сырх зæлдагæй – йæ къаба.

И с л а м. Хуыцау мæ федта! Ау?.. Нæ, нæ! Лæппу, пехуымпар нæ дæ, бæлвырддæр дзур. Ном ын нæй, кæнæ мыггаг?

С е м. Зæдæн мыггаг кæм вæййы. Уый Хуры чызг у!

И с л а м. Йæ ном!?

С е м. Хорчесгæ!

И с л а м. Нæ рæдийыс?

С е м. Ам рæдийæн нæй.

И с л а м. Фæлитой сты чызджытæ. Сæ уд, сæ дзæцц – лæппуйæ ахъазын. Кæд дын йæ ном раст нæ загъта?

С е м. Зæгъын дын фидарæй: уый у Хуры чызг – зæриндзыкку Хорчесгæ.

И с л а м *(иуварсмæ)*. Нæ хæйрæг ма уæд... Нæ! *(Семæн)*. Хорчесгæйыл сырх къаба ис æцæг?

С е м. Бæгуыдæр, сырх!

И с л а м. Гуырысхо нал и – уый у. Гъе уый дын, гъе! *(Ахъуыды кæны)*. Гъе-гъей, хохаг, фæрæдыдтæ, нæ базыдтай æвзарын.

С е м. Уæдæ, нæ дын базондзæн Сем!

И с л а м. Кæй чызг у, уый æмбарыс?

С е м. Хуры чызг!

И с л а м. Хур мауал фен, æнæфенд! Мæ иунæг чызг у уый.

С е м. Дæ чызг? *(Сиахсы лæуд акæны, ныфсæрмы)*.

И с л а м. Дæ хъустæ схъил кæн!.. Дзæбæх слæуу!

С е м *(цыма æрчъицыдта, афтæ)*. Æнхъæлдæн, къæппæджы смидæг дæн. Хохаг! Æнæфенд! Раст мын зæгъы ацы хус хъæндæлы. Хæйрæг æмæ зæд кæрæдзийæ ма иртас! Гъей, Тæгиаты пехуымпар, дæ сæфты фæндагыл рацыдтæ...

И с л а м. Æрлæуу-ма! Кæд тæвд къæйыл нæ кафыс... Цытæ лæхурыс уый?

С е м. Худинаг, худинаг, Сем! Дзырд ын ныууагътон. Сæгъæй сæникк гуыры. Уый йæ мады хуызæн уыдзæн æмæ мын æртыскæн ме 'рагъыл дардзæн. Охх, охх!

И с л а м. Банцай, къæбæда! Æз дын уыцы æртыскæнæй дæ къембуртæ сыздухдзынæн.

С е м. Лидзон ардыгæй. Кæм ис мæ бæх? Мæ егар цуанон? Цæуын. Хæрзбон, æлдар. *(Асинтыл фæзынд Хорчесгæ, кæрæдзимæ фемдзаст вæййынц)*. О, Тбауы Уацилла! Фыдбылызæй мæ бахиз. Хæйрæг зæды хуызы рацыд... Сайы мæ, сайы!.. Нæ, æз Сем дæн. Мæнæн сайæн нæй! Цæуын сæрибарæй мæ хохмæ. *(Чызгмæ та фæкаст, уый асинтыл уæлдæр схизы.)* Нæ, нæ!..

И с л а м. Æруазал у! Сем, ды рынчын дæ, ды сæнттæ цæгъдыс. Цы уыныс, уый æндæрг у. Мигъау атайдзæн æмæ нал и.

С е м. Сæфын. Мæ дзырд куыд фæсайон. Уæд Сем нал дæн.

И с л а м. Сонт ма у, сонт. Лæппу чызгæн сайæн ныхæстæй фылдæр цы фæкæны. Дæхи ныхъхъус кæн æмæ фæсвæдты дæ хæдзармæ афардæг у.

С е м. Нæ, уæздан æлдар, нæ! Лæгæн йæ уаргъы баст цы фæуа, уый хæссын хъæуы.

И с л а м. Дæ зонд фæцыд? Мæ чызг дæ аккаг нæу. Уый хæйрæг у. Йæ мад йæ цуры рыг дæр нæ калы. Æз дын мæхæдæг равзардзынæн – рæсугъддæр, хуыздæр. Уæллæй, мæ фыдыстæн.

С е м. Сæфт – дыууæ сæфты. Мæн хуыздæр нæ хъæуы. Уадз, æмæ мын мæ фæсонтæ ныха.

И с л а м. Банцай! Дæ сæр дын куы аныха, уымæй нæ тæрсыс? Бадилон уæздан чызг кæвдæсардмæ нæ хауы.

С е м. Чи у кæвдæсард?

И с л а м. Ды.

С е м. Æз кæцон дæн?

И с л а м. Уалæ хохаг.

С е м. Ды та кæм райгуырдтæ?

И с л а м. Æз – быдыры.

С е м. Кæд афтæ зондджын дæ, уæд-ма зæгъ, ацы быдыр Дайранæй Æрджынарæгмæ цы хонынц?

И с л а м. Гъы, бафарста мæ! Иры кæвдæс.

С е м. Уыныс, уæдæ кæвдæсы ды райгуырдтæ. Æз та рантыстæн хохы бæрзондыл – Уастырджи кæм бады, уым.

И с л а м. Тыбауы Уацилла дæр фест, уæддæр мæ чызджы дæ цæсты кæронæй дæр нал федтай.

С е м. Махæн ахицæн нал и!

И с л а м. Куыдзы мард дæ кæнын! *(Хъама йæм фелвæста.)*

С е м. Йæ дзырдæн хицау чи нæ у? Сау лæг. Æз мæ каисмæ кард не сласдзынæн. Амар мæ, цæй.

И с л а м. Ныууадз мæ, дæ Хуыцаумæ скæс!

С е м. Ды дзырд радтай адæмы раз: кæй равзарон, уый мын мæ фæсарц баппардзынæ.

И с л а м. Ма кæн, фæсмон дæм æрцæудзæн. Хурхæй дæ аргæвддзæн!

С е м. Аргæвдæд! Хуыздæр рæвдыдæй ницæмæ бæллын...

И с л а м. Оу, мæнæ Хуыцауы ’лгъыст!.. Цы чындæуа? Мæ дзых – мæ сафæг. Æ, мæн уæздан цы Хуыцау скодта...

С е м. ...уымæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд!

И с л а м. Дæ пайда – дæхи. Дæ сафын мæ нæ фæндыд. Хорз, æрæрвит минæвæрттæ.

С е м. Дзырд дзырд у, Ислам. Чызг – мæ фæсарцмæ!

И с л а м. Æ, дæуыл цы бон сæмбæлдтæн...

С е м. ...уый арфæйаг фæуа!

И с л а м. Оуу, мæнæ царциатæ! Тезадæ! Мæнæ дын дæ хæдзар хæссынц!..

*Ацæуынц.*

**Æртыккаг ныв**

*Хох. Хъæни. Кæронæй Семы гыццыл хæдзар.*

**1-аг фæзынд**

*Æрбацæуынц С е м æмæ Х о р ч е с г æ.*

С е м. Чызгай, ам æрулæфæм чысыл. Дæ тыхтæ бамбырд кæн – бахъæудзысты дæ. Æз ссон дур рацагурон.

Х о р ч е с г æ. Цавæр дур?

С е м. Цыргъгæнæн. *(Ацыд.)*

Х о р ч е с г æ. Æнæсæрфат!.. Мæ тæригъæд фæхæссæд мæ фыд, мæн ацы гъæлайæн чи сфыццаг кодта. Æниу мæхи фæндон уыд. Афтæ дын хъæуы, Бадилаты уæздан чызг. Дæ зæрдæ сканчыритæ. Цу ныр – иунæгæй, æнæ чындзхонтæ. Цу бæхыл нæ, фæлæ бæхау, саргъы бын. Адæм ын йæ зонд æмбисондæн хæссынц, уый та бæттинаг æрра у. Æрыдоны былмæ ’рбахæццæ стæм. Иу къутæры бынæй тæрхъус агæпп ласта. Ацы гъæла дын йæ егgranмæ дзуры: «Силæм, æртæ гæппæн æй рацахс, науæд дæ кæндзынæн маргæ!» Егар тæрхъусы расур-басур систа, иу афон æй рацахста. Ацы æрра йæм бауырдыг: «Афтæ дын нæ загътон, æртæ гæппæн æй рацахс!» Йæхæдæг ыл дамбаца ныффæздæг ласта. Цуанон уым фæтæппæлæг. Гæналы бын та йæ бæхмæ дзуры: «Ацы хæрды аскъæр. Æртæ гæппæн йæ сæрмæ не схæццæ дæ, уæд дæ кæндзынæн маргæ». Бæх маргъ нæу. Уый мæн бæхæй равзылдта, йæхæдæг æрсæрræтт ласта æмæ хайуаны ныхыл дамбаца ныххуырста. Саргъ мын ме ’ккой скодта, афтæмæй цæуæм ацы зындонмæ.

С е м *(æрбаздæхы, хъама дурæй дауы).* Цæй, куыд у, дæ фæллад аппæрстай?

Х о р ч е с г æ. Мæ фæллад нæ, мæ кад аппæрстон.

С е м. Уæдæ сыст. Саргъ де ’ккой баппар. Уартæ уыцы хæдзар уыныс? Уый уыдзæн дæ цæрæн. Ам æгъдау афтæ у. Азгъор æмæ кæрты

фæмидæг у. Мæнæ дæ, зæгъгæ, баййæфтон, уæд дæ кæндзынæн маргæ.

Х о р ч е с г æ. Мæ къонайыл!

С е м. Дæ къонайыл нæ, фæлæ Хъæнийы уæзæгыл. Æртæ къæрццы фæкодтон, уæд фæстæмæ мауал кæс. *(Йæ къухтæ æртæ къæрццы æркодта.)* Згъоргæ!

Чызг азгъоры. Сем æй фæсте суры. Гъа ныр дуарыл фæмидæг уа, афтæ йын йæ фæччи рацахста æмæ йæ хъамайæ æрсæрфта. Гæбаз дзы йæ къухы аззад.

С е м. Дæ амонд у, æмæ къахæй рæвдз разындтæ. Уый хорз у – сбæздзынæ ацы хæхты.

Х о р ч е с г æ. Хъæниаг хæрæг дын уыдзынæн?

С е м. Хæрæг цæмæн? Ам хæрджытæ фаг и. Ус, ус, хъæниаг ус!

Х о р ч е с г æ. Дæ цæсгом бахæр!

С е м. Дæ нывы цы ис, уымæй дын ирвæзæн нæй.

Х о р ч е с г æ. Федтай? *(Æвдисы йæм фучъи.)*

С е м *(пъа йын кæны йæ къухæн).* Мæнæ цы сæкæр и!

Х о р ч е с г æ *(æрфæлмæн)*. Афтæ дæр зоныс?

С е м. Ау, Сем нæ дæн?

Х о р ч е с г æ. Цæй, ныр куыд?

С е м. Æз ныззардзынæн «Фарн фæцæуы». Ды мын бахъырн.

Х о р ч е с г æ. Мæн афтæмæй чи фена *(амоны йæ къабамæ),* уый дæм кæуынмæ æрцæудзæн.

С е м *(йæ хъæбысы йæ æрбакæны).* Фарн фæцæуы, Санатæ, уæ фæрныг хæдзармæ.

*Бацæуынц хæдзармæ.*

## 2-аг фæзынд

*Семы хæдзары раз. Æрбацæуынц Беслæн æмæ Салам.*

С а л а м. Уæ бонæй ут, Тæгиатæ! Уæ уæзæгмæ зæд æртахт.

Б е с л æ н. Зæд зæдбадæнмæ æртæхы. Нузалы къæдзæхтæм иблис дæр æмгæрон нæ цæуы.

С а л а м. Уый ма зæгъ – махмæ дæр дзы ис.

Б е с л æ н. Хуыцау зæгъæд, ис мæгуыры хос нæу. Фæлæ къæвда куы нæ у – кæм ныххуылыдз дæ?

С а л а м. Гæналдоны мæ бæх надтон. Дурыл фæбырыдтæн æмæ гуылфы смидæг дæн.

Б е с л æ н. Кæд кæсаг ахстай, мыййаг?

С а л а м. Æнæрай сæ скæнут, уæ дуртæ дæр уæхи хуызæн – бырынцъаг.

Б е с л æ н. Кæд нæ чындз у бырынцъаг, и? Кæсаг, кæсаг!

С а л а м. Сæнттæ цæгъдыс?

Б е с л æ н. Ауыстæн, мæ чындз сызгъæрин кæсаг у, дзæгъæлдзуты къухы не ’фты. Хорз мæ фæхудын кодтай. Ауыстæн, йæ алыварс гогызы кафт куы байдыдтай, уæд мæ маст рафыхт. Акæс-ма, зæгъын, ацы цъæййаг хæрæгмæ, Тæгиаты чындзмæ йæ гæрзтæ куыд рабаста. Дамбацамæ февнæлдтон. Уалынмæ дыл Бадилон-рæсугъд дзаг гогон куы басæххæтт ласта, уæд мæ худындзæг фæцæйыскъуыд. Уæ, хуыздæр фæуа, гъе, дæ сау цæсгом дын хорз цæхсадта.

С а л а м. Сæтти, дам, Бæттийыл худт. Знон дæ бæх куыройы раз цæмæн сæрра?

Б е с л æ н. Бæх æгомыг фос у, чи йын цы зоны!

С а л а м. Уый ма зæгъ – зонæг æй ис. Куыройы дæ чындзмæ куы басхъæл дæ, де ’взаг цъылын куы фестад, куы стæвд дæ, уæд дын тæвд сайд хорз фæкодта. Йæхи æддæмæ расайдта, пысыра ратыдта, дæ бæхы дæлдымæг æй атъыста. Гъæйда-гъа, бæх йæ къæдзилæй цъыллинджытæ систа, йæ фæстаг радав-бадав кæны, хæрдмæ хауы, хуыррытт кæны. Ды рагæпп ластай. Фæлæ уæдмæ бæх йæ рохтæ атыдта æмæ хъæуы ’рдæм ныццавта. Уыцы Хуыцауы ’лгъыст æндæр пысыра ратыдта, фæлæ ма дæу чи баййæфтаид – базыртæ дыл базад, базыртæ. У-у, мæ уд йæ къухты фæхъхъау.

Б е с л æ н. Хуыцауы тыххæй, макæмæн æй зæгъ. Ды мæн нæ федтай, æз – дæу. Хæрæгсаст фестæм. Цом нæ мусмæ, уым хибарæй дæхи схус кæн.

*Ацæуынц.*

**3-аг фæзынд**

*Хæдзарæй рацæуынц Сем æмæ Хорчесгæ.*

С е м *(хъæрæй).* Усай, мæ рифтаг мын радав, цæуын афон у.

Х о р ч е с г æ. Рæвдз дæ. Ардæм-иу дæ зæрдæ ма ’хсайæд.

С е м. Цæуын, фæлæ, цы, уый зоныс? Бæх æмæ сылгоймагыл æууæнк нæй. Ма мæ бабын кæн. Уæд Тæгиатæн хъазæн хъул фестдзынæн.

Х о р ч е с г æ. Гуырысхо мыл кæныс?

С е м. Хорз, хорз, тæргæйттæ дыл нæ фидауы.

Æрбаздæхы Беслæн.

Б е с л æ н *(аууонæй)*. Ахæм ма дзы рæсугъд уа! Раст æм Уастырджи дæр йæхи нæ бауромдзæн.

С е м. Хæрзбон, мæ зынаргъ. Тыхсгæ ма кæн, къуыримæ ам уыдзынæн. *(Рацæуы заргæ.)* «Къусджыты бын Цæбитæ, фендзыстæм ын йæ митæ». *(Кувы.)* Гъе, Уастырджи, мæ балц рæстмæ фæуæд. Гъе, хъæрæу Æфсати, сæрджын саг мæ къухы бафтæд.

Б е с л æ н (фæскъулæй рацæуы). Мæ буц æрвад кæдæм рараст?

С е м. Дард балцы, дард, мæ буц æлдар. Мæ каистæм ныууайон.

Б е с л æ н. Дæ зæрдæ та хъайла æмæ хæбизджын æрцагуырдта, и? Уый хорз у, хорз, ме 'фсымæр. Каис адджын у – рох æй нæ хъæуы. Уаих де знаг фæуа, балцы сусæгæй чи цæуы? Акуывтаиккам дын.

С е м. Мæ фæстæ-иу акувут. *(Фæцæуы.)*

Б е с л æ н. Реком дæ фæндараст фæкæнæд. *(Йæ фæдыл.)* Мæ хъул сах бады. Гъе, Уастырджи, ды дæр уарзтай чындзыты æмæ мæн дæр де 'мбал бакæн.

Хорчесгæ йæ размæ фæвæййы.

– Мæ дзæбæх чындз, дæ бæлццон фæндараст уæд. Ауыстæн, знон хорз нæ бакодтай. Æз дæм сызгъæрин пурти батулын, ды йæ дæ къахы фындзæй ракъуырыс. Исчи ма афтæ кæны? Æз мыггаджы сæр дæн.

Х о р ч е с г æ. Сæр кадыл дарынц.

Б е с л æ н. Цæй, цы 'рцыд, уый æрцыд. Бафидауæм. Æз дæ сызгъæрин æмæ зæлдагæй сфæлынддзынæн.

Х о р ч е с г æ. Æмæ уæд мæ файнуст æхсæны къæбæртæ нæ хæрдзæн?

Б е с л æ н. Уый хуырым у... Цæй, уазæгæн мидæмæ зæгъ. Бæлццонæн акувæм.

Х о р ч е с г æ. Хæдзары нæлгоймаг нæй.

Б е с л æ н. Нæй дзы æмæ дзы уа. *(Фæцæуы.)*

Х о р ч е с г æ. Æз дын фынг авæрон.

Б е с л æ н *(иуварсмæ)*. Мæ хъуыддаг тулы.

Хæдзары. Фынг. Беслæн æрбадт.

Б е с л æ н. Чындз, ды дæр æрбад, иунæгæй куыд кувон.

Х о р ч е с г æ. Ма мæ къæйных кæн. Чындзæн уайсадын дæр æмбæлы.

Б е с л æ н. Уыдон гæды митæ сты. Уастырджи, де ’мбал мæ бакæн. *(Анаэы.)* Иу дзы фен ды дæр, уæд та йыл марг ис.

Х о р ч е с г æ. Тæгиаты чындзытæ сæ тиутимæ нуазын кæд райдыдтой?

Б е с л æ н. Ды чындз нæ дæ, ды зæд дæ, зæд.

Х о р ч е с г æ. Зæд табуйаг у, æфсæрмы дзы хъæуы.

Б е с л æ н *(сысты, йæ къухтæ йыл æруадзы)*. Ауыстæн, нæ уæзæгыл дæу аккаг лæг æз дæн æрмæст.

Х о р ч е с г æ *(хъазæгау)*. Ма кæн, худинаг у.

Б е с л æ н. Къултæ – куырм æмæ æгомыг. *(Йæ рон халы.)*

Х о р ч е с г æ. Ефсмæ æмхиц стут, уый хъуыстон, фæлæ чындзымойтæ стут, уый нæ зыдтон.

Б е с л æ н. Чындз Хуыцауы хæрзиуæг у.

Рудзынгæй æрбакæсы Сем. Хойы дуар.

Х о р ч е с г æ. Бабын стæм, нæ хæйрæджджын раздæхти. Тагъд, рудзынгыл агæпп кæн.

*Беслæн рудзынгмæ бауад, йæ сæр адары. Сем ыл архъан баппары, лæджы рихи ачъепп ласы. Бæндæн цæджындзыл абæтты.*

С е м. Бахаудтæ, ме ’фсымæр. Дæ зæрдæ чындз æрцагуырдта, нæ? Хæрæг! Æз дын, чындзæн цы хъавыдтæ, уый дæхиуыл бавзардзынæн. *(Хъавы йын йæ хæлаф ласынмæ.)*

Б е с л æ н. Ма бакæн! Афтæ ма бакæн!

Х о р ч е с г æ. Лæджы ма худинаг кæн, уыйбæрц ницы ракодта.

С е м *(усмæ)*. Фæлæуу, дæумæ дæр мæ равдæлдзæн. Дæлæ ма йын йæ хъама æри, æз ацы нæл хæрæджы адзæбæх кæнон.

Б е с л æ н. Нæ хъæуы, ма бакæн!

С е м. Хъæуы дын, хъæуы! Уæд ефс бæхтæ æмæ чындзытыл нал зилдзынæ.

Х о р ч е с г æ. Курын дæ, лæгъстæ дын кæнын, ауадз æй. Ницы кодтам.

С е м. Афтæ у?

Б е с л æ н. Афтæ, ауыстæн.

С е м. Уæдæ йæ ныртæккæ идадзæй хæрæгау ласын Рекомы бынмæ, ды дæр йемæ. Уым мын ард бахæрут. *(Дуарыл бæндæн халынмæ фæцæуы.)*

*Хорчесгæ бæндæн фæлыг кодта.*

Х о р ч е с г æ. Нæ худинаг æрхæццæ. Цы акæнæм? Тагъд уæртæ чырыны амбæхс.

Беслæн чырыны ныббырыд.

С е м *(æрбаздæхт)*. Цы фæци уыцы нæл хæрæг?

Х о р ч е с г æ. Бæндæн æрбалыг кодта æмæ иннæ рудзынгыл афардæг.

С е м. Æй, мæ мæлæт куыд уыди, гъе, аирвæзт мын. Фæлæ мын ды та кæдæм ирвæздзынæ, ды? Æрмæст дæу æвиппайды нæ марын. Исты уал ахæрон, мæ фæллад суадзон, стæй уæд – маргæ. Хæринаг мын тагъд!

Х о р ч е с г æ. Мæнæ фынг, цæттæ у.

С е м. Куыд, дæ хæзгулы уæлдæйттæ?

Х о р ч е с г æ. Æвналгæ дæр сæм нæ бакодта.

С е м. Мæнæй-ма, нæ уæ равдæлд. Ардæм сæ рахæсс. *(Сбадт чырыныл.)* Æндæр сыкъа æри. *(Дыууæ сыкъайы йæ сæрыл æвæры.)* Хорз мыл фидауынц, нæ? *(Рауадзы.)* О, Хуыцау, саг аирвæзт, фæлæ хъуаз мæ къухты ис. *(Нуазы. Бахъæлдзæг.)* Бадилон-рæсугъд, ардæм рацу ныр. Е-хх, æвгъау дæ марынæн. Цæй, фæстаг хатт мæ барæвдау, дæ тæригъæдтæ фæкъаддæр кæн.

Кæрæдзийыл узæлынц.

Х о р ч е с г æ. Мæлæты хъæбæр у ацы чырын. Мидæггаг уатæй хъуынджын нымæт радав.

С е м. Уый хорз фæнд у. *(Ацыд.)*

Х о р ч е с г æ *(чырын фегом кодта)*. Тагъд, фæгæпп лас æмæ лидзгæ. Дæ къæхтыл дæхи бафæдзæхс.

*Беслæн рагæпп кæны чырынæй. Æвзалытæй ныссау, бумбулитæ сыстадысты. Фæлидзы. Сем æй дуарыл аййæфта, нымæт ыл баппæрста, бæндæнæй йæ æрбатыхта, кæртмæ йæ ракодта.*

С е м. Гъей, фæдис, фæдис, хорз адæм! Мæнæ хæйрæг æрцахстон.

Адæм æмбырдтæ кæнынц. Сем нымæт фегом кодта. Беслæн алидзынмæ хъавы, фæлæ йæ адæм нæ уадзынц. Сем йæ фæдыл цæуы æмæ йæ бæндæнæй цæгъды. Йæ цæсгом ын асæрфы.

Л æ г. Уый хæйрæг не ’лдары хуызы куы бацыд. Цъысс æмæ дзеудзæлæй.

У с. Фæлæуу-ма, фæлæуу! Гъай не ’лдар йæхæдæг нæу? Пуй, адæмы фæхъхъау фæу.

Ч е г ъ р е. Сем, маймулиты хъазт кæнут? Æмæ абон Тутыр куы нæ у.

С е м. Маймулийæн алы бон дæр хъазæн бон.

Л æ г. Хуыснæг цыд æви кæдæм хъуызыд?

Ч е г ъ р е. Комы ефс нал и, ефс!

У с. Де ’взаг бахус уæд! Дæуæн та, хъуызæг, дæ бинойнаг дæ мæрдæй саутæ скæнæд.

Чегъре ацæуы.

У с. Сем цъаммайраг фæуæд! Ахæм уæздан лæджы фæхудинаг кæн!

Л æ г. Ма йын тæрс. Мигътæ хохыл бирæ нæ бадынц – дымгæ сæ ахæссы.

У с. Чындз, ды та æнæсабатбойнаг фæу! Кæд дæ хæргæ нæ кодта!

С е м *(Хорчесгæмæ).* Ды хæйрæг дæ, бæлвырд.

Х о р ч е с г æ. Ды дæр æвзæр нæ сарæхстæ, мæ зынаргъ.

С е м. Ды Хуры чызг дæ, уый бæлвырд у ныр.

Æрбаздæхы чегъре.

Ч е г ъ р е. Тæгиатæ! Мадзары æлдар æмбырд кæны йæ дæлдæрты. Алы адæмæй дæр – минæвар. Сиды сæм стыр хуыцаубонмæ. Нæ фехъуыстон мачи зæгъæд.

Л æ г. Цы та хъæуы нæ тугцъиры?

У с. Сынты цы хъæуы – холы.

Л æ г. Уæдæ чи ацæудзæн минæвар?

А д æ м. Сем! Сем! Уый у нæ сæрхъызой.

Л æ г. Сем æлдар нæу. Паддзахимæ дзурынæн æлдар хъæуы.

У æ з д æ т т æ. Æлдар, æлдар!

Беслæн йæхи æрцæгъды, сæрыстырæй размæ рахизы.

А д æ м. Уæртæ ма, йæ рихи – лыг. Ха-ха-ха! Ахæм минæварæн паддзах йæ сæрæй кувдзæн. Ха-ха-ха!

Л æ г. Рихи йæ койы аккаг нæу. Иннæрдыгæй дæр æй æрдасут, æмæ, æлдар цы вæййы, уый уыдзæн.

А д æ м. Йæ рихи – даст, йæ хъуыддаг – раст!

Л æ г. Уæдæ афтæ, хорз адæм. Беслæн – минæвар.

Ч е г ъ р е. Кæс, кæс! Рувас – кæркгæс!

Б е с л æ н. Ныхъхъус ут, æнæсæртæ! Уæ сæр æз дæн, æмæ уынаффæ мæнмæ хауы.

Ч е г ъ р е. Æнæсæрты сæр – уый цымæ цы у? Сусхъæдыл – пъырыпъыф!

С е м. Хорз адæм! Мадзар-æлдар нæ куывдмæ нæ хоны. Лæвæрттæ

нын нæ кæндзæн. Уый нæ домдзæн йæ хъалон. Куы сразы уæм, уæд адæм сæфынц. Куы нæ сразы уæм, уæд минæвæрттæ сæфынц. Тæссаг балц у. Сойтæ дзы ничи смæрздзæн. Нæ фæтæг Беслæн у. Йæ бæрны стæм, æмæ нæ хъахъхъæнæд паддзахы азарæй.

Б е с л æ н. Афтæ у, фæлæ æз балцмæ рæвдз нæ дæн.

Л æ г. Лæппутæ, арæвдз æй кæнут.

Б е с л æ н *(иуварсмæ)*. Тæдзынæгæй – цыхцырæгмæ. Ацы зæронд хъебро мæ сафæг у.

Æрбахæссынц ын рон æмæ хъама.

Л æ г. Минæварæн æххуысгæнæг вæййы. Беслæн – минæвар, Сем – йæ хъузон.

Ч е г ъ р е. Æвзæр амондæн хорз хъару – бæхгæс.

С е м. Хорз адæм, лæг адæмæй хæс дары. Уæ фæндон – мæ тæрхон. *(Иуварсмæ.)* Куыдзимæ балцы цæуын лæгæн кад нæу, фæлæ хуыздæр хос нæй.

Л æ г. Гъе, Уастырджи, нæ бæлццæттæ – де уазæг. Паддзахы хорзæх сæ уæд.

А д æ м. Фæндараст уæнт! Фарны минæвæрттæ уæнт.

*Фæсивæд ныккæнынц Уастырджийы зарæг.*

*Æмбæрзæн.*

***(Уыдзæн ма)***

*АЙЛАРТЫ Зарæ*

# ÆДЗАРД ЗЫНГХУЫСТ…

*Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, æмæ Мысост*
*цы рæстæджы цард-зарыд, уыцы рæстæджы*
*Советон Ирыстоны хæхтæ Мысосты зарæгæй*
*аивдæр зарæг нæ хъуыстой, Мысосты зарæгæй*
*адджындæр зарæг нæ хызти сæ риутæм.*

***ДЗАНАЙТЫ Иван***

**Ахуыргæнæджы разныхас**

«Уый раджы уыд. Сывæллон ма уыдтæн æз, – фыссы Нигер йæ уац «Æдзард зынгхуыст»-ы. – Мæ мад хосдзæуттæн фыццаг хосмæ цæуæн бон хаста ходæн æмæ мæн дæр акодта йемæ… Сбадын мæ кодтой къуылдымыл, аходæн хæрынмæ кæм хъавыдысты, уыцы ран. Мæ разы фæци иу дидинæг. Ахæм дидинæг æз никуыма федтон уый агъоммæ. Бадтæн æнцад-æнцой æмæ æдзынæгæй кастæн дидинæгмæ…. Хур хæрдгæ хæлттæ уагъта йæ бæрзондæй, дидинæгмæ нывæзта йæ хъазгæ-райгæ тынтæ. Дидинæг сæ ахста æмæ дзы йæхицæн хуыдта алыхуызон æрттивгæ хæдон. Дидинæг хъазыд йæхицæн, дидинæг царды ад зыдта, амонд ын хаста хур». Фæлæ иу рæстæджы гыццыл Иван кæсы, «æмæ дидинæджы зæнгыл, уидагмæ ‘ввахс, йæхи æртыхта иу сау хъуынджын гыццыл калм…

– Гъæ, лæппу, дон ма рахæсс, – хосдзæуттæй иу лæппумæ фæдзырдта уыцы уысм».

Æртæ боны фæстæ ссивынмæ куы ссыдысты, уæд «дидинæг йæ сæрæй нал хъазыд: къоппæй ахауд йæ тæккæ бындзарыл, афæлдæхт æмæ баруад». Æмæ ныр Нигеры зæрдыл куы ‘рбалæууынц уыцы нывтæ, уæд сæ цуры февзæры æндæр дидинæджы ныв, уый вæййы… Мысосты ныв. «Айрох вæййы фыццаг дидинæг, – фыссы Нигер. – Мæ разы ‘рбалæууы Мысост æмæ мæм йæ цъæх цæстытæй бахуды. Стæй та дидинæг дæр февзæры йæ фарсмæ. Диссаджы æмхуызон сты уыцы дидинæг æмæ Мысост – уындæй дæр, адæй дæр æмæ цардæй дæр».

**Хъамбердиаты Мысосты цард æмæ сфæлдыстад**

Хъамбердиаты Бимболаты фырт Мысост райгуырдис Кæрдзыны хъæуы 1909 азы 9 июны. Бимболат куыстагур йæ бинонтимæ афтыд

Донбассмæ. Фæстæмæ сæ райгуырæн хъæумæ ссыдысты 1915 азы. Мысост Кæрдзыны скъолайы каст фæцис фыццаг къласс, стæй ацыд Мæздæджы реалон училищемæ, 1919 азы та – Налцыччы реалон училищемæ. Мысост зæрдæргъæвд уыд ахуырмæ, уарзта чингуытæ кæсын, уæлдайдæр уырыссаг классикты уацмыстæ. Уый йын фадат радта хæрз æрыгонæй æмдзæвгæтæ уырыссаг æвзагыл фыссынæн. Бимболат йæ фырты ахуырыл тынг тыхст æмæ йæ радта Æрыдоны скъола-коммунæмæ. 1923 азы Бимболат йæ бинонтимæ алыгъд Горячеводскмæ. Мысост уыцы аз бацыд фæскомцæдисы рæнхъытæм. Арæзта ногдзауты къордтæ, куыста районы бюройы сæргълæууæгæй. Йæ хорз куысты тыххæй йын радтой Кады грамотæ.

1924 азы Мысост æрцыд Дзæуджыхъæумæ. Йæ куыст ам дæр баст уыди ногдзаутимæ. 1926 азы Мысост кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы. Ам ныммыхуыр кодта йæ фыццаг æмдзæвгæтæ иронау. Уыцы азты тыххæй Дзесты Куыдзæг фыссы: «Хетæгкаты Къостайæ фæстæмæ мадæлон æвзагыл дæр æмæ уырыссаг æвзагыл дæр Хъамбердиаты Мысосты хуызæн уацмыстæ ничи фыста… Газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Æвзонг тых»-ы руаджы Мысосты ном дардыл айхъуыст Ирыстоны».

Нигер Мысостимæ йæ фыццаг фембæлды тыххæй фыссы йæ мысинæгты: «Мысостимæ мах кæрæдзи базыдтам 1927 азы уалдзæджы. Æз цардтæн ам, горæты. Иу бон мæм дуар æбахостæуыд. Ракастæн.

– Мах агурæм Нигеры.

– Мидæмæ! Ам цæры, кæй агурут, уый.

– Дæхæдæг дæ, бæлвырд?

– Цæй, мидæмæ, стæй – бæлвырддæр.

Бацыдыстæм уатмæ. Раст зæгъын хъæуы: æз мæ псевдоним никуы хъæр кодтон, стæй йæ хъæргæнинаг дæр нæ уыдтæн, фæлæ мæм куы ‘рбауырдыг сты мæ уазджытæ, уæд мын гæнæн нал уыдис.

– Мах дæ зонæм, – райдыдта иу, – кæсæм дын де ‘мдзæвгæтæ æмæ… Мах дæр уыцы куыстмæ схойынц нæ зæрдæтæ… Æз дæн Мысост. Фыссын… Ис мæм иудзæвгар æмдзæвгæтæ.

Абадтыстæм, аныхас кодтам, æз къаддæр, уый фылдæр. Æрцыди мæм фæрсынмæ, афтæмæй мын уайтагъд йæхи уынаффæгæнæг акодта. Æз адæймагмæ ме ‘ргом тагъд аздахаг нæ дæн, фæлæ Мысостимæ сахатмæ æмгартæ фестадыстæм, кæд æз бирæ карджындæр уыдтæн,

уæддæр… Фыццаг фембæлды мæ йæ уацайраг акодта Мысост…»

Мысост хорз æмбæрста йæ дуджы хæстæ, йæ рæстæджы комулæфт æмæ йæ фыццаг æмдзæвгæтæй иу «Ног æфсад»-ы уæндон хъæлæсæй сиды:

Ралæуу-ма,
Кусæг лæг,
Бавдис дæ бæгуылæг,
Абон
Дæуæн у дæ рад.
Мах стæм
Таугæрдæг,
Мах стæм
Цард – цæрдæг,
Мах стæм
Рухстау
Æфсад!

Йæ иннæ æмдзæвгæ «Сидт»-ы поэт тындзы рухс цардмæ. Йæ фæстæ ахонынмæ цæттæ у йæ дзыллæйы:

Цомут мемæ царды рохмæ,
Æмæ царды ад ссарæм.
Цомут, бахизæм уæлхохмæ
Æмæ уадындзæй ныззарæм.

Цомут, уадындзы хъæлæсæй
Абон адæммæ æрсидæм.

Хъæлдзæг базмæлыд нæ бæстæ,
Цард дзы ‘нхъæвзы æмæ ‘хсиды.

1927 азы Хъамбердиаты Мысосты арвыстой Мæскуыйы рабфакмæ. Уыцы азты тыххæй Дзесты Куыдзæг фыссы: «Æз ахуыр кодтон Мæскуыйы журналистты институты, Мысост та – аивæдты рабфачы. Иуахæмы йыл фембæлдтæн Мясницкийы уынджы. Мысост уыд дзыхъынног костюмы æмæ мын аппæлыд, Мæскуыйы журналтæ йын цы уацмыстæ ныммыхуыр кодтой, уыцы гонорарæй сæ кæй балхæдта,

уый. Радзырдта мын, фæскомцæдисы чырæн æй секретарæй кæй сæвзæрстой, стæй йемæ чи ахуыр кæны, иу ахæм лæппуимæ кæй фæхыл сты æмæ кæрæдзийы кæй аууæрстой, уыдæттæ.

– Æмæ, уагæры, уæ хылы сæр цæуыл уыд? – афарстон æй æз.

– Йæ фындз æгæр нысхъæл кодта, æмæ уымæн, – загъта Мысост уырыссагау æмæ ма йæм бафтыдта иронау: – Æмæ йæм дзы æз дæр балæвæрдтон.

Куыд мын радзырдта, афтæмæй кæимæ фæхыл, уыцы лæппу дæр поэт уыди. Йæхи афтæ дардта, цыма зæххон адæймаг нæ уыд, фæлæ уæларвæй æрхаугæ, сæрыстыр, йе 'мбæлттæм касти уæле дæлæмæ, домдта, иннæты 'хсæн ын уæлдай кад æмæ цыт куыд уыдаид, афтæ. Уыдæттæ йын Мысост нæ барста, æмæ афтæмæй фæхыл сты». Уæд Мысостыл цыд æстдæс азы. Æмæ ма йын байхъусæм йæ уыцы азты фæндонмæ:

Фæнды мæ мæн мæ бонты таджы
Ссарын тых, ссарын бар.
Мæ царды уалдзыгон фæндаджы
Мæхимæ базонын æхсар.

... ... ...

Куы 'мбарин адæмæн сæ амынд,
Куы уаид коммæгæс мæ уд.
Куы ссарин æз мæ дуджы амонд,
Куы уаин алцæмæй рæвдыд.

«Аив – йæ ацыд, аив – йе 'рбацыд, аив – йе сныхас, аив – йе схудт, аив, бынтон аивта – йæ зард», – ахæм уæлмонц ныхæстæ Нигер загъта Мысостæй æмæ дарддæр фыссы: «Поэт, æппæты фыццагдæр, хъуамæ уа къæрцхъус. Канд хъустæ æмæ цæстытæй нæ, фæлæ ма хъуамæ зæрдæйы тугдадзинтæй дæр хъуса æмæ уына поэт. Адæмыл кæд дыгай цæстытæ æмæ дыгай хъустæ ис, уæд поэт хъуамæ æппæтæй дæр уа цæстытæ æмæ хъустæ. Кæд адæймаг судзины бын уыны, уæд поэт хъуамæ мæлдзыджы зæрдæйы тугдадзинтæ уына. Поэт хъуамæ хъуса, уына æмæ æмбара адæмы цин, сæ сусæг улæфт, дымгæйы хъаст, йæ тырнындзинад, сыфтæрты сыф-сыф, суадоны сыр-сыр, дидинæджы базмæлд, æртæхы ферттывд, хуры цин, мæйы мидбылты худт, фароны низтæ, абоны домын, райсомы нывæст... Мысост уыцы миниуджытæй уыд стыр хайджын», – йæ хъуыды баххæст кодта Нигер.

Мысост æнкъардта хуры тын, хъуыста хуры худт, хъуыста æмæ æмбæрста, хъазты мидæг кафæг чызджы дзабыртæ цы хъуыды кодтой, уый; æмбæрста, цæуыл зыр-зыр кæны æмæ цытæ дзуры фæндыр:

Кафынц…
Дардыл хъуысы
Дзабырты сыр-сыр.
Чызг ныттыгъта дыстæ…
Фæндыры зыр–зыр…

Диссаг!.. Адæм не сты –
Уари ‘мбæлттæ сты.
Хурмæ тахтыл фесты
Арвы цъæх цæсты…

Мысост бирæ уарзта цард. Йæ цæст æппынæдзух ахста циндзинад, худгæ-хур æм уарзонæй æрттывта:

Дæумæ бæллын,
Сыгъзæрин хур.
Дæумæ цæуын
Мæ амондгур.

Диссаджы æрдзон фæлгонцтæ сарæзта поэт йæ уацмысты. Мысост æмбары мæй æмæ доны сусæг ныхас, бæлæсты, мæргъты æмæ сырдты æвзаг. Уалдзыгон нывтæ – цардбæллон бæллицтæ:

Малусæг!
Малусæг!
Хуры фæдисонтæй
дидинæг – сыфты æхсыр.
Диссаджы аргъæуттæ
сæрды æмбисондæй
ракодта
доны зыр-зыр.

Ӕдзы рæсугъддзинад æмæ поэты цин цардыл баиу сты Мысосты лирикон æмдзæвгæты. Цымæ уæ чи нæ уарзы сæрдыгон стъалыджын

арвмæ кæсын!? Адæймагмæ фæзынынц цардбæллон хъуыдытæ, сæ базыртыл атæхы мæйрухс æхсæвы стъалыджын бæстæм:

Мæй ленкæй ссыди
Боброны рæзты.
Æхсæв хуыссыди
Йæ фæды фæстæ.

Рухс бонмæ кæсгæ
Изæр фæтæхы.
Æхсæв фæлгæсгæ
Ссыд йæ бæхыл.

«Мысост, цы уыди, уымæй уæфт уыдис аивады хæрдгæ хæлттæй, – фыста Нигер йæ уацы. – Ирыстоны советон æхсæнадæн Мысост йæ хæс бафыста йæ рæзгæ зæрдæйы æхсидгæ тугæй, йæ рæзгæ цырын зондæй. Цард цæмæй уæлдæр къæпхæнмæ схиза, ууыл Мысост бакодта йæ тохы хай». Нигеры ацы ныхæстæн æвдисæн у йе 'мдзæвгæ «Уарзын»:

Искæд бон мæ фыст куы сива –
Æз фæзардзынæн уæддæр:
Абон уарзын – ног фæсивæд,
Уарзын абон – ног фæлтæр!
… … ...
Хур йæ тынтæ зæхмæ луары,
Зæххыл хуры цин – зынгуард.
Царды зиууæттæн хæларæй
Баст мæ цард æмæ мæ зард.

Мысост уыд ног царды зарæггæнæг. Цæттæ у ног царды æгъдæутты сæрвæлтау тох кæнынмæ. Фæлæ йæ уыцы тохы нæ хъæуы фыдæлтыккон сау хъама:

Гъæй та, гъа та – ма!
Къухæй ауыгътон…
Уæд мæ сау хъама
Къулыл сауыгътон.

Поэт йæ иу цыппаррæнхъоны фыссы:

Размæ атæрдзынæн риу,
Ме знаг фестъæлфдзæн мæ уындæй…
Хурæн мигъты рæхыс циу?
Рæвдз æй атоны йæ тынтæй.

Мысост хорз æмбары, ног цард аразыны хъуыддаджы пайдайаг кæй не сты зианхæссæг фыдæлтыккон æгъдæуттæ, уыдонæй иу – чызгыскъæфт. Æмæ фыссы йæ кадæг «Ард». Дыууæ æрдхорды Ахмæт æмæ Хъасболат хъæды, доны был «кæнынц цæйдæр тыххæй ныхас». Ахмæт йæхицæй фылдæр уарзы Хъасболаты æрвад, рæсугъд Мæдийы. Мады бæргæ фæнды, фæлæ чызджы фыд нæ разы кæны. Хъасболат сфæнд кодта Мæдийы раскъæфын, фæлæ Ахмæт нæ разы кæны: худинаг æм кæсы чызг аскъæфын, уæлдайдæр та куынæ зонай, чызджы фæнды æви нæ. Фæлæ Хъасболат карз ард бахордта:

– Лæгæн нæ райгуырдтæн уæд æз,
Нæ фæдæн аккаг æз æрдхордæн,
Куы нæ дын саразон фæрæз.

Мæдийы йæ фыд æндæрæн радта, æмæ Хъасболат бабадт чындзхæсджыты размæ… Раскъæфта чызджы, фæдисæттæй иуы амардта, йæхæдæг дæр мæлæтдзаг цæф фæци. Фæстаг хъæр ма ныккодта «Ахмæт», зæгъгæ, æмæ бæхæй рахауд. Лæууы «цавддурау мæрдты раз Ахмæт»,

Йæхи Хъасболат туджы найы.
Йæ бæх та сыгъд, фыдуадæй мард.
Мæдийæн та йæ ныхыл уайы
Фæдисонты нæмыджы фæд.

Мысост, Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ, мысы йæ уарзон чызг Дерассæйы æмæ йæм фыссы ныстуан:

Абон та демæ
Мæ зæрдæ куы дзуры,

Дард дæн –
Цы зын у,
Цы зын…

Фæлæ «зæронд мæлинаг» æгъдауыл нымайы, йæ уарзон чызг кæлмæрзæнæй куы амбæрза йе 'рфгуыты сау, зæхмæ кæсгæйæ йæм йæ къух куы радта…

ма 'мбæхс æфсæрмæй
искæмæй
де 'рфгуыты сау.
Хатын дæм,
курын дæ,
ма 'рхæсс дæ сæрмæ
зæронд
мæлинаг
æгъдау.

Мысост 1930 азы æрыздæхт Дзæуджыхъæумæ æмæ райдыдта кусын газет «Власть труда»-йы редакцийы. Фæлæ йæ бирæ сфæлдыстадон бæллицтыл тых кæнын райдыдта рæуджыты тарф низ. Уыцы аз, фæззæджы, Цхинвалы уыд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты фыццаг иумæйаг съезд. «Иу изæр бадтыстæм, съезд цы залы уыд, уым фæсте, æз æмæ Мысост – дыууæ кæроны, не 'хсæн – Дзерассæ, – фыссы Дзанайты Иван йæ мысинæгты. – Тынг хъæлдзæг уыдыстæм. Уалынмæ Мысост схуыфыд, йæ кæлмæрзæн фелвæста йæ дзыппæй æмæ дзы йæ дзых ахгæдта. Кæлмæрзæн тугæй айдзаг ис. Фæтарстыстæм. Рауадыстæм æддæмæ. Скодтам æй, цы уаты цардыстæм, уырдæм. Æрхуыссыд æмæ та худын райдыдта: «Уый ницы у. Хъуыды дæр æй ма кæнут!» Дарддæр Нигер фыссы, Мысосты уæд рынчындонмæ кæй аластой, æмæ та райсомæй фæстæмæ кæй æрбамидæг худгæйæ…

Байхъусæм Дзесты Куыдзæгмæ дæр: «Дыккаг бон, съезды докладты фæдыл прениты ныхас куы цыд, уыцы рæстæджы, президиумы чи бадт, уыдонæй чидæр æвиппайды фестад æмæ нымдзæгъд кодта. Уалынмæ нымдзæгъд кодтой залы уæвджытæ се 'ппæт дæр. Делегаттæ цин кодтой, Мысост залмæ кæй æрбацыд, ууыл. Мысост йæхæдæг та афтæ

фенхъæлдта, прениты чи ныхас кодта, ахæмæн æмдзæгъд кæнынц, æмæ йæхæдæг дæр райдыдта æмдзæгъд кæнын. Раст нæм цыма хур æрбакаст, афтæ фестæм не ‘ппæт дæр Мысосты æрбацыдæй». Ацы ныхæстæм зæрдыл æрбалæууынц Мысосты æмдзæвгæйы рæнхъытæ:

Ма у æнкъард.. æмæ амондмæ ма дзур,
Амонд йæхæдæг зындзæн,
Дардмæ йæм ма цу, дæ куыстæй йæ агур,
Æмæ дæ уый дæр уындзæн!

Иры фысджытæ Мысосты арвыстой санаторимæ, цæмæй йæхиуыл фæхæца. Фæдзæбæхдæр æмæ та кусын райдыдта. Фæлæ та йыл 1931 азы кæронмæ рæуджыты низ фæстæмæ æртæфстис. «Иуахæмы йæм бацыдтæн сæ хæдзармæ, – фыссы Дзесты Куыдзæг. – Уæды онг ын нæма зыдтон йæ фыд Бимболаты.

– Бахатыр кæ… Дæхи мын куы бацамонис, – æфсæрмыгæнгæ загъта Бимболат.

Мæхи йын куы бацамыдтон, уæд бауад мидæмæ æмæ уайтагъд фездæхт фæстæмæ.

– Мидæмæ! Мидæмæ! Дæ хорзæхæй! – зæгъгæ мын ацамыдта дуармæ.

Мысосты баййæфтон хуыссæны. Æнæуый дæр къæсхуыр уыд, ныр бынтондæр смæллæг, ныффæлурс. Цыма уыдæттæ нæ бафиппайдтон æмæ искуы парчы ныхас кæнæм, ахæм хуызы райдыдтон нæ балцы хабæрттæ, Цхинвалы йыл чызджытæ куыд æмбырдтæ кодтой, уыдæттæ, æмæ Мысост бахъæлдзæг, худынмæ дæр фæцис. Йæ худынмæ ма Бимболат дæр æрбакаст дуары зыхъхъырæй. Де ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Цин» а дыууæ боны цæттæ уыдзæн ын куы загътон, уæд бахудт йæ мидбылты. Уатæй куы рацыдтæн, уæд мæ Бимболат фæурæдта æмæ мæм хатыр курæгау бахатыд:

– Дæ хорзæхæй, кæд дын амал ис, уæд нæ-иу арæхдæр абæрæг кæн.

Куыд мын радзырдта, афтæмæй, рынчынфæрсæг чи цæуы, уыдонæй иуæй-иутæ тæригъæдгæнæг скæнынц сæхи: «мæгуыр дæ бон», «цыхуызæн сдæ!» æмæ æндæр ахæм зæрдæмæгуыргæнæн ныхæстæ, æмæ уый зындæр у рынчынæн… Мысосты фыццаг чиныг «Цин»-ы тыххæй типографийы кусджытæ тынг бацархайдтой, цæмæй тагъддæр рацæуа, æмæ сын уый æнтысгæ дæр бакодта. Уыдон æмæ

Мысосты хæлæртты руаджы чиныг «Цин», Къосираты Сæрмæты ном кæмæй ссардта, уый ма Мысост федта йæхи цæстæй».

Æмæ, æцæгдæр, Мысост иуулдæр уыд зæрдæйы цин, цардбæллон суинаг стыр поэт:

Адæмы райхъал – æрыгон,
Цыма сæ тар фын фæци.
Абон нæ удæн – æхсызгон,
Абон нæ зæрдæйæн – цин.

Нигер зæрдæрыстæй фыссы йæ уарзон æвзонг поэты фæстаг бонты тыххæй: «Ссыдтæн æм. Бакастæн, цы уаты хуыссыд, уырдæм. Сынтæгæй нал зынди; батади, баруадис, цæсгом хилæй нал зынди. Куы мæ федта, уæд ма базмæлыныл афæлгъуыдта, фæлæ… нал. Бæрæг уыд, йæ кæрон кæй æрхæццæ ис, уый. Мæ зæрдæ суынгæг ис, æмæ рацыдтæн. Райсомæй мын раджы фехъусын кодтой йæ амæлæты хабар», – фæцис йæ ныхас Иван. Уый уыд 1931 азы 5 декабры. Уæд Мысостыл цыд дыууæ æмæ ссæдз азы…

Фæлæ нæ баруад йæ поэзи. Нигеры загъдау, «цæппузырау æнхъизы,… налхъуытау æрттивы, … хурау ныххуды, зæрдæмæ ныххизы æмæ дзы скæны йæхицæн фæндыр. Уый зары, цæхæрцæст цардмæ куыд бæллыд, фæллойгæнæг адæмы царды цин куыд хуыдта; ног царды фæлтæрæн йæ «рæзгæ цард» куыд радта æмæ йæм кæй нæ каст æппындæр уый зын».

Хъамбердиаты Мысост æнустæм баззад æрыгонæй. Дард, йæ уарзон арвы цъæхæй фæлтæртæм хъуысы йæ цардбæллон хъæлæс:

Мæнæн базыртæ куы уаид,
Уæд сæ атæхин æз дард.
Арвы цъæх йæхимæ саид,
Иннæрдыгæй дзурид цард.

*1995 аз, радиоурок*

# ТÆФÆРФÆС

## ТЕДЕТЫ ВАСИЛИЙЫ ФЫРТ ЕФИМ

Горæт Новороссийскæй нæм сыхъуыст фыдуацы хабар:

90-аздзыдæй йæ цардæй ахицæн ирон зындгонд поэт æмæ публицист Тедеты Василийы фырт Ефим.

Ефим райгуырдис Хуссар Ирыстоны 1929 азы 10 апрелы. Ссæдз азы фæстæ æнæхъæн бинонтæй дæр ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ. Ам 1953 азы Ефим каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институт.

Куыста хъæууон скъолайы ахуыргæнæгæй, Къостайы номыл ирон литературон музейы наукон æмвæллойгæнæгæй, 1978 азæй 1989 азмæ та уыд Фысджыты цæдисы консультант.

Ефимæн мыхуыры рацыд къорд поэтикон æмбырдгонды æрмæст нæ республикæйы нæ, фæлæ ма уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй Мæскуыйы дæр. Йе 'мдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ хъæздыг сты аивадон ахорæнтæй, поэзиуарзджыты зæрдæмæ цыдысты æмæ цæудзысты.

Рухсаг уæд æмæ æппæт Ирыстоныл дæр рæстаудæн кæнæд.

***«Мах дуг»-ы кусджытæ***

* * *


*Главный редактор* О.Н. ХЕТАГУРОВА
*Ответственный секретарь* А.В. КАСАЕВ
*Редактор отдела прозы* Б.М. ГУСАЛОВ
*Редактор отдела поэзии и драматургии* Б.Г. КАСАЕВ
*Редактор отдела критики и публицистики* З.А. АЙЛАРОВА
*Дизайн* М.Т. БАГАЕВ



Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.


Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.


Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 14.06.19. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Times New Iron. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37.
Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1000 экз. Заказ № ___. Цена свободная.



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*



Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»

РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.